ЖАНЭ КЪЫРЫМЫЗЭ

# ОРЭДХЭР

ОРЭДХЭР



СТИХХЭР

# СТИХХЭР

Из библиотеки
К. Тхоиз



СТИХХЭР

# ЖАНЭ КЪЫРЫМЫЗЭ

КРАСНОДАР ТХЫЛЪ ТЕДЗАПIЭМ И АДЫГЭ ОТДЕЛЕНИЕ
МЫЕКЪУАПЭ — 1969



# ЖАНЭ КЪЫРЫМЫЗ

Поэтыр — гущыIэ ин. Ар зыцIэу литературэм хэхьагъэр — гъогу
убэгъахэп, ежь пхырычыгъэ гъогу нахь зэрыкIорэр. Ар лъэхъанэу
къызхэхъухьагъэм икIэщакIу, игупшысэхэмкIи, иIофшIагъэхэмкIи.
ЦIыфыгъэр лъагэу къыIэтэу, цIыфынчъагъэр ыумысэу; поэтым
игупшысэмэ мэхьанэ куу ахэлъын фае. Ау къекIущт шъуашэ мэхьа-
нэм щымысгъымэ, ащ игущыIэхэр IупкIэхэу, псыхьагъэхэу, гумэ ары-
тIысхьэхэу щымытымэ, ымакъэ узIэпимыщэрэмэ, щыIэп художест-
ьеннэ произведениер...

Поэзием икъежьапIи, лъапсэу иIэри народым ифольклор. Тхы-
лъыбзэр къызIэкIэхьэгъэ цIыф лъэпкъ пстэуми ар дышъэ фэдэу
жъыузэпытырэ щысэтехыпIэу яIагъ. Ау жэрыIо творчествэм амалэу
иIагъэр лъэшэу макIэ. Талант ин зиIэ орэдусхэу «Щынджые бы-
гъужъыри», «Нэгъой мэшэжъыри», «ТфэкъолIышIу иорэди» ыкIи
кэмыкIхэри зыусыгъэмэ тхыдъыбзэ аIэкIэлъыгъэмэ, гъэсэныгъэ яIа-
гъэмэ, лъэхъан чыжьэу къыщытынагъэм иуахътэ щыублагъэу тиа-
дыгэ литературабзэ лъэшэу зыкъиIэтыни. Тихудожественнэ литера-
турэ лъагэу дэкIоени. Ар нэфэ шъыпкъэу къэзышIырэр Совет ха-
бзэм илъэхъаны, пIэлъэ кIэкI шъыпкъэкIэ адыгэ художественнэ ли-
тературэм ижанрэ пстэуми инэу зыкъызэраIэтыгъэр ары.

Хэтрэ литератури ежь тхэкIэ-шIыкIэ шъхьаф горэ хэлъ. Ар Iуп-
кIэу тиадыгэ литературэ къызэрэщынэфырэм къыгъэлъагъорэр ти-
пкисательхэм яIэпыIэсэныгъэ къызэрэхахъорэр, классическэ литера-
турэм игъогу адыгэ литературэр зэрэтехьагъэр ары. Ау типисатель-

хэм ятворчествэ ехьылIагъэу нахь куоу, зэгъэушъобгъугъэу литературоведхэм джыри икъун фэдиз тхылъхэр зэрамытхыгъэхэр щыкIэгъэ инэу сэлъытэ. Шъхьадж ежь писатель пэпчъ гъэхъагъэу иIэри, щыкIагъэу иIэри упкIэпкIыгъэу тхыгъэмэ джыри тапэкIэ нахь лъэшэу адыгэ литературэм зыкъызэриIэтыщтымкIэ ащ инэу ишIуагъэ къызэрэкIощтым Iо хэлъэп.

Гущыi1эм пае, Жэнэ Къырмызэ 1969-рэ илъэсым ыныбжьыкIэ илъэс шъэныкъо зэрэхъугъэр хэдгъэунэфыкIыщт. Поэтым къыгъэшIагъэм ызыныкъорэ нахьыбэр литературэ IофшIэным пэIуигъэхьагъ. Илъэс шъэныкъор — макIэп, илъэс щэкIым къехъуи литературэм хэлэжьэныри псынкIагъоп, гъогу кIэкIэп. Ау шъыпкъэр къэпIон хъумэ, джы къызнэсыгъэми Къырмызэ итворчествэ къэзыупкIэпкIырэ осэ икъу фэзышIырэ тхылъ щыIэп.

Жэнэ Къырмызэ Хьаджмосэ ыкъор 1919-рэ илъэсым мартым и 7-м къуаджэу Афыпсыпэ къыщыхъугъ. Адыгэ мэкъумэщышIэ унагъом къихъуахьыгъэ кIэлэцIыкIур къиным къыкIэтэджагъ. Илъэсибл нахьыбэ ымыныбжьэу яунагъо имызакъоу, ягъунэгъуми жъонэкIо шао адакIощтыгъ. ИцIыкIугъом щыублагъэу IофшIэным есэгъэ кIэлэцIыкIум ихъупхъагъэрэ иIэдэбрэ къуаджэм дэс нэжъIужъмэ агъэшIагъощтыгъ. Унэгъо IофхэмкIи IорыщIагъэмкIи зэрэхъупхъэм дакIоу, орэдыжъхэм, таурыхъыжъхэм, тхыдэжъхэм, пшысэхэм афэщагъэу зэрэщытым гу лъызытагъэмэ кIалэм ятэ раIощтыгъ: «Хьаджмос, еджэмэ мы кIалэр зыгорэу хъущт, хъупхъэ, нэутхэ, IупкIэ». Къэбархэр, орэдыжъхэр къызыщаIорэ гъунэгъу хьакIэщ къогъумэ кIалэу кIодыгъэр къащагъотыжьэу бэрэ къыхэкIыщтыгъ.

Колхоз кIэлакIэхэр зыщырагъаджэхэрэ школыр — «ЩКМ» зыфаIощтыгъэр 1935-рэ илъэсым Жэнэ Къырмызэ къызеухым, Краснодар дэтыгъэ Адыгэ педучилищэм щеджагъ. Ащ нэужым кIэлэегъэджэ институтэу Мыекъуапэ дэтыгъэр къыухыгъ. А лъэхъаным адыгэ литературэм илэжьакIохэм поэт ныбжьыкIитIу къызэрахэхъуагъэр къэнэфэгъагъ. Ахэр Андрыхъое Хъусенрэ Жэнэ Къырмызэрэ



арыгъэх. Ау ятворчествэ кIуачIэ зиушъомбгъуным ахэр игъо имыфэхэзэ нэмыц фашистмэ заоу къыташIылIагъэм ифронт поэт ныбжьыкIэхэр Iохьэх. Якъэлэми яIаши кIэлъыкIыгъэхэу, яхэгъэгу гупсэ икъэухъумэны фэбанэх. Хъусен политрукэу заозэ егъашIэм мыкIодыжьын лIыгъэ зэрихьагъэ. Иныбджэгъу шъыпкъэ лIыхъужъыгъэу зэрихьагъэм Къырмызэ ыгъэгушхощтыгъ, ащ дакIоуи ар зэрэфэхьыгъэр лъэшэу къехьылъэкIыщтыгъ. Ауми иныбджэгъу къехъулIагъэм ыгу нахь къызэкIигъэблагъэу, псэемыблэжьэу поэтыр пый мэхъаджэм ебэныщтыгъ, ащ тызэрэтекIощтым шIошъхъуныгъэу фыриIэр зымафи щыгъупшагъэп:

Чъыг тIэмыгъоу, уцым идэхэгъум
Тэ тикъуаджэ сыкъыдэхьажьыщт,
Мыщ дэжьым ори укъысфэчэфэу
СшIэгъэ шIуагъэм пае угушIощт...

А шIошъхъуныгъэшхор «Гвардейцэхэр», «ЗэуапI», «Ным фаIо» ыкIи нэмыкI стихэу Къырмызэ фронтым щитхыгъэмэ IупкIэу къахэщы. Ежь Къырмызи уIэгъэ хьылъэ телъэу 1944-рэ илъэсым фронтыр къыбгынэн фаеу хъугъагъэ. Ау къызегъэзэжьми иIашэ ыгъэIылъыгъэп. Поэт-солдатым имэшIуащэ ыгъэупабжьэрэп, хэку газетэу «Социалистическэ Адыгеим» иредакцие щэлажьэ.

Зэом ыужы поэт-гумзагъэм ипоэтическэ кIуачIэ нахь зеушъомбгъу. Игъэсэныгъи, иIэпэIэсэныгъи нахь хэгъахъо. Адыгэ пединститутыр 1957-рэ илъэсым заочнэу къеухы. СССР-м иписательхэм я Союзы и Апшъэрэ литературнэ курсхэм 1957—1959-рэ илъэсхэм ащеджэ. АдыгабзэкIи, урысыбзэкIи ыкIи нэмыкIыбзэхэмкIи Къырмызэ поэтическэ тхылъ 20-м къехъу къыдигъэкIыгъ.

Писателым литературэм ижанрэ пстэуми зарипшэтылIэзэ, ахэмэ ащыщ горэм итворчествэ кIуачIэ къыщегъэлъагъо. Ежь епэсыгъэ чIыпIэ гъэнэфагъэ литературэм щеубыты. Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, ащыкIэ Жэнэ Къырмыз инасып къыхьыгъэр, анахь жанрэ къиныр — кIэлэцIыкIумэ апай утхэныр, — къысаIонкIи мэхъу «дэгъоу

утхэн хъумэ мы жанрэ къин щыIэп», — къызэрэхихыгъэр ары. А жанрэм Къырмызэ италанти, ищытхъуи къыщигъотыгъэх.

Iо хэлъэп Жэнэ Къырмызэ анахь адыгэ поэт дэгъумэ зэу ащыщ. Гъэхъэгъэ инхэр ащ зыщишIыгъэ лъэныкъор кIэлэцIыкIумэ апай стиххэр ытхынхэр тIуагъэ, ау Къырмызэ ащ къыщыуцурэп, ащ нэмыкI таланти къолъ. Хэта зымышIэхэрэр икIи тыда къызщамыIомыкI таланти къолъ. Хэта зымышIэхэрэр ыкIи тыда къызщамыIохэрэр Къырмызэ ыусыгъэ орэдхэр? «О унитIу», «Сичыл», «Сижъогъо нэф», «Адыгэмэ джар яшэн», «Андрыхъое Хъусены орэд», «Тигъунэгъу пшъашъэр» ыкIи нэмыкI орэдыбэхэри народнэ шъыпкъэхэу хъужьыгъэх. Арышъ, кIэлэцIыкIумэ апае тхылъэу къыдигъэкIыгъэхэмкIи, орэдэу ыусыгъэхэмкIи тиадыгэ литературэ инэу хэзгъэхъуагъэмэ зэу ащыщ Къырмызэ.

Поэтыр нэкъуакъозэ мэлажьэ, мэгуIэ. Ежь Iофэу зыпылъымкIэ шIу зыкъарегъэлъэгъу. А мурадыр поэтым и зы стихотворениеу «Дунэе мылъкум ыпэу къэсэштэ» зыфиIорэм ежь дэгъоу къыщиIуагъ.

ЦIыфмэ сэ шIу сарэлъэгъуи
Мы дунэе мылъкум ыпэу къэсэштэ,
Iофэу сшIэрэр ашIорэдэгъуи
Сцыз къысхэхъуагъэ фэдэу сэлъытэ...

Поэтым темэ зэфэшъхьафэу къыIэтырэр бэ. Ащ икъэлэмыпэ зынэмысрэ щыIэп. Шъыпкъэнэгъэрэ Iэдэбыныгъэрэ ахэлъыным, дэгъоу еджэнхэм, гъэсэныгъэ куу зэрагъэгъотынышъ, коммунизмэм игъэпсыны чанэу хэлэжьэрэ цIыф пэрытмэ ахэуцонхэм яхьылIэгъэ стиххэр кIэлэцIыкIумэ афетхы. Уихэгъэгу шIу плъэгъуным, зэфэныгъэм, шъыпкъэныгъэ пхэлъыным, шIулъэгъуныгъэ дахэм ямызагъэм, шъыпкъэныгъэ пхэлъыным, шIулъэгъуныгъэ дахэм ямызакъоу, Iэдэбыныгъэхэм, армэухэм, шъхьахынэхэм тыгъуакIохэм, ешъуакIохэм ыкIи нэмыкI шэн Iаехэу, джы тэ тилъэхъаны къемыкIужьыхэрэм пхъашэу ябэныгъэным фэгъахьыгъэ орэдхэр, стиххэр, сатирическэ куплетхэр Жэнэ Къырмызэ ыусыгъэх. Народым ифольклор ыгъэфедэзэ стихыкIэ зэгъэфэгъэ пшысэхэри етхых.



Къырмызэ поэт ыкIи журналист, общественник ыкIи IофшIэкIо чан. ЗэкIэ тихэкуи, тихэгъэгуи политическэ Iофтхьабзэу щызэрахьэрэмэ ишъыпкъэу, хъупхъэу ахэлажьэ. Мамырныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ адыгэ хэку комитетым ар итхьэмат. Хъугъэ-шIагъэмэ яхьылIагъэу статьяу, очеркэу, зарисовкэу ытхыхэри бэ.

Мы аужырэ илъэсхэм инымэ апай стиххэр зыдэт тхылъ заули поэтым къыдигъэкIыгъэх. Бэ ахэми стих дэгъоу адэтыр. Ау шъыпкъэу пIощтмэ, Къырмызэ ащ фэдэ стиххэр нахь иIэрфэгъуаджэх.

ЛIэшIэгъуныкъо зыгъэшIэгъэ поэтым иIофшIагъэхэр зэфэтхьысыжьыхэмэ, къызэрэтIогъахэу адыгэ литературэм чIыпIэ пытэ зыщиубытыгъэ лъэныкъор жъогъэ бзыгъэу итворчествэ къызэрэхэщырэр хэтрэмкIи нафэ.

**Пэрэныкъо Мурат.**

# Цыфым иорэд

## АР ЕГЪАШIЭМ ТИКЪУАДЖЭ ДЭСЫГЪЭМ ФЭД

Лениныр тикъуаджэ дэсыгъэп,
Къэкlонэуи ар игъо фифагъэп.
Ау тикъуаджэ ар къыщыхъугъэу
Егъашlэм дэсыгъапэм фэд:
Тикъоджэгу зыщиlэтыгъэу
Мыжъо сыным нэгушlоу тет.

●

Лениныр тикъуаджэ дэсыгъэп,
Къэкlонэуи игъо фифагъэп,
Ау тикъуаджэ ар щыщы шъыпкъэу
Щыпсэоу, щылажьэу къытхэт,
Цlыфэу дэсыр зэкlэ фэшъыпкъэу
Ибыракъыи лъагэу аlэт.

●

Лениныр тикъуаджэ дэсыгъэп,
Къыщыхъугъэп ыкlи щапlугъэп.
Ау цlыфэу дэсым пэпчъы ягупсэу
Ильич яlахъылэу алъытэ,
Щытхъу орэдхэр фаусэу
Исурэт абгъэгу щэшlэты.

●

Лениныр тикъуаджэ дэсыгъэп,
Къыдэхьанэу игъуи фифагъэп.
Ау тикъуаджэ бэшIагъэу щыщэу
ЦIыфэу дэсы пэпчъы къыщэхъу,
ЯгушIуагъэ Ленин дагощэу
Ащ иIофы пстэури фэхъохъу.

## СЫЗЫФАЕР

Симыгъэгупсэфэу сыгъэгумэкIрэр,
Зэпымыухэу сэ сшъхьэ имыкIрэр
СтихкIэ, ныбджэгъухэр, нэпэ къэсатхы,
Сыфай сэ пстэуми ар зэхязгъэхы.
Мамырныгъэм мы чIым тетыгъор
ЕгъашIи щиIыгъыныр лъэшэу сшIоигъу,
ЦIыф пэпчъ лIэшIэгъум ехъу ыгъэшIэным
Къэгъэгъэ бынхэр къызэIуихыным,
ЦIыфыбэр гушхоным сыфаэ дэд.
Сызэмызэщырэр чэфы орэд.
Сабый щхы макъэхэр зэпымыухэу,
Щынэгъо лъэпкъи тэ тимыIахэу,
ЗэгурыIоныгъэм пстэуми тыфай,
Орэмамырыри тэ тидунай.
Зэкъошныгъэр щылычым нахь пытэу,
Лъэпкъымэ азыфагу илъызэптынэу
Яцахь зэтелъэу псэунхэм сыфай,
Орэбэрчэты тэ тидунай.
ЛэжьыгъэкIэ конхэр зэлъыушъагъэу,
Гъомылэр Iанэм бэу теIэкIагъэу
Гъэбэжъу мыухыныр тэ къытфэрэкIу,
ТищыIэкIэшIу ар кьетэгъэкIу,

## ШХЪУМРЭ ЖЪОКУМРЭ

Шхъу цIыкIу, жъокур аIоу
Зыгорэ зэраIо.
Шхъу цIыкIу пкIэтэ-лъатэу
Жъокум жэхэкIуатэ:
— ЛIыжъи кIапи хэтми
БлэкIырэм сыхапкIэ,
Сышхъужъые цIыкIуми
Пстэуми садэхьапкIэ!
Жъокум зыкъепхъуатэ
Шхъу къэцым реIуатэ:
— Бэу узышIошIыжьы,
О узыщэтхъужьы,
Адэ сэ къысфилъи,
Зэ къысхапкIи еплъи.
Шхъум макъэр кIешъыхьэ,
Ар жъокум тесыхьэ:
— Зигугъу сымышIыгъэр,
Къэбар сызышIыгъэр
Псы машэм Iорэф
КуупIэм хэрэф!
Жъокум зыкъегъазэ,
ЫIбээ шхъум щегъабзэ;



— Ситэп къэкIосэни,
Ау сэ сыкъэнэни,
СызэкIагъэнэни
МашIо сыхъужьыни...

## ЧЭЩЫ

Гъэмафэм иошъогу —
Жъогъо был нэгу.
Удэплъые къэсми
Нахъ узыIэпещэ:
Марышъы, мазэри
Пщэмэ абгынэ,
ЫIнэгу изыбзэу
Ом зыщегъазэ.
Мэкъу хэшъо иным
МэIэшIу къырехы,
Псыхъоу ащ блэчъырэм
Жьыр къышъхьарехы.
Нукуу манъэр
Чыжьэу къыщэIу,
Бэджэжъые сакъыр
Ибы къенIошъы.
Лэжьыгъэ хьасэхар
Мазэу къыпшIошIы,
Жьы макIэу къепщэрэр
АщаIушъашъэ.
Трактор фархэр
Жъуагъоу нъэлъагъо,
Бжыхьэсэпэ чIыгухэр
Нуоу зэлъажъо,
Тишэхъогъушхохэр
ХъупIэм ипхъагъэх,
Шыпырхъ макъэхэр
ПтхъакIумэ къыредзэх...
Чэщым тигубгъо
Гум ыхьэу тшIодах,
Чэщ рэхьатыгъом
Сыд нахь тхъагъуах.

К. Жанэ.

## НЫР

Ны! А гущыlэр гущыlэ лъапl,
Фэбагъэу хэлъымкlэ тыгъэм ычlапl.
Ным инэплъэгъу тыкъегъэфаб.
— А, сишъау, — ылоныщъ lэ къыпщифэн,
А, сипшъашъ, ылоныщъ къыоубзэн.
Къин амылоу тянэмэ тапlугъ,
Цlыфы тыхъуным ахэр пылъыгъ,
Цlыфыгъэ дахэм тыфагъэсагъ.

●

Ныр дунаим зэ щыогъоты,
Игуфэбагъэ кlуачlэ къыуеты.
Узыпlугъэ ныр сыдым пэпшlын.
Ным нахь пэблагъэ тыдэ къэкlын!
Джары Родинэр ным зыкlыфэдэр,
Джарары ныр зынlанахьылъапlэр.



## ЩЫIЭП ЗИ АЩ НАХЬЫШIУ

Псыlум пшъашъэр къыlохьэ,
Иорэди чэфэу къыхедзэ.
Ыгу къыдеlэу къеlо,
Иорэд гум бэу къырео.
— Синэф, — еlошъы кlэрегъэщы, —
Сыпсэм фэд сэзэщы...
Шlулъэгъуныгъэм зырэты,
Орэдми зырегъэlэты.
Хэта а пшъашъэм икlасэр?
Хэта ар зыфэзэщырэр?
Шофера е тракториста
Хьауми комбайнер кlала?
Летчик бгъэшхъонкlи мэхъу,
Бригадир чанми дэгъу...
Хэтми пшъашъэм икlасэр
Сашlэ сэ насыпышlу.
Къыпфиlомэ пшъашъэм орэдыр —
Щыlэп зи аш нахьышlу.

## БЭРЭ ОГЪУАЩЭ КЪЫСАIО

Урам лыябэ сэ къэсэкIуахьыщъ
Къоджэгу лъэныкъом сэ зесэгъэхьы:
СикIэсэ пшъашъэр зыдэсы Iэгур
Къоджэгур ары джы зыдэщыIэр.
Тэ тиIэгу пIомэ, ар къоджэ гъунэу
Чыжьэ дэд шIэхэу унэмысынэу.
Тэ сыкъикIыжьми иIэгу сыдаплъэ,
КъыдэкIын сшIошIэу бэрэ сыпаплъэ.
Семызэщыжьэу зыблесэгъэхьы,
ШIулъэгъу машIор сынэ къыкIехы,
Нахь сыпэблагъэу кIасэм зысшIынэу
Бэрэ сыгу къэкIы сыкощыжьынэу:
Сигъунэгъугъэмэ кIасэр слъэгъуни,
Пчэдыжьи пчыхьи ащ сыIукIэни.
ТадэжькIэ губгъор тлэблагъэ пэтми,
Ащ сыкIон хъумэ, чылэгум секIы.
Iофыр сыухэу сыкIожьы хъуми
КIасэм иунэ сэ сыкъыблэкIы.
— О, кIалэр, гъогухэр пшIузэхэкIуакIэ, —
Тичылэ дэсхэр сэ къыскIэнакIэ.
— Гъощалэр, — аIошъ бэрэ къысаIо,
Шъорымэ сыда шъушIэщтыр къысашъуIу?
КIасэм сэ бэрэ зыфэсэплъыхьэ,
Ичэщи имафи сыгу къыдекIухьэ.



## НЫБЖЬЫКIЭ КЪАШЪУ

Орэд жъынчым зыкъиIатмэ,
КIэлэгуми зыкъепхъуатэ,
КIалэр пшъашъэм дэчэрэзы,
Пшъашъэм хьарзэу зыкъегъазэ.

Сылсэ занэм сыкъыдэшъо,
СынитIу язым сыкъыдэшъо,
ШIу плъэгъугъэр уинэплъэгъу
Бэрэ итмэ лъэшэу дэгъу.

Сикъэщэнэу сэ сикIасэм,
Сэ синанэ фэхъущт нысэм
Сыкъыдэшъошъ мы дунаер
Сфимыкъужьэу сэ сэгушIо.

КъэшъуакIохэр, шъукъатэджых,
Мэзи къушъхьи зэлъэуджы,
Псэ зыпытыр зэкIэ къэшъо,
Зэрэуашъоу мэушъуашъо.

Уегъэбыбышъ къэшъо машIом
НыбжьыкIэхэр, тыкъэжъугъашъох.
ЗыIэм зыIэр ерэубыти
Пчэгур нахьыри ижъугъэкIоти.

## СЭ СЫНЭКIЭ ЗЭКIЭ КЪЫОПЛЪЫГЪЗЕМЭ...

Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ
Ощ нахь дахэ амылъэгъухэни,
Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
О унитIу орэд фаусыни.

Сэщ фэдэу зэкIэ къыоплъыгъэемэ
Ощ нэмыкIы игугъу амышIыни.
Сэщ фэдэу зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Чэщи мафи агу о уилъыни.

Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ
ГущыIабэ фабэу къыпфаIони,
Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ
Зы нэбгыри угу химыгъэкIыни.

Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Зы нэбгыри угу о химгъэкIыни,
Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Зэ теплъэгъум шIу о уалъэгъуни.



## СИЖЪУАГЪУ

Зэпэзырызэу огум ипхъагъэу
Жъогъоззшиблым зыкъагъэлъагъо,
Уинэплъэгъу сыкъыкIэхъопсы,
Дунэе жъуагъом о уакъыхапсы.

Мэзэгъо чэщым сыгу укъыредзэ,
ГушIо орэдыр къыпфыхэсэдзэ:
Ощ фэдэу жъуагъо сыгу еIугъэу
Дунэе нэфым тетэп зы жъуагъо.

ПкIэнчъэу сыужэу сэ сыкъежъэжьмэ,
Жъуагъохэр бэрэ зэнэкIэожьых,
Сэ сигукъао ахэм алъагъу,
Ахэр илIынIох сэ сишIулъэгъу.

Нэфылъы жъуагъом сыкъыдэтэджы,
Зэпымыуахэу сыгу къыуаджэ,
Амал сэрэIи тыгъэ нэбзыйкIэ
ШIулъэгъу ухылъхэр стхыных о пцIэкIэ.

Жъуагъомэ огур зэлъагъэнурэ,
Мы чIышхом тетэп ощ нахь сшIонурэ.
Апэу сэ жъуагъом уахэслъэгъуагъи
ШIулъэгъуныгъэм екIу сипъагъо.

## Кӏэлэ дэй

Ӏэбжьэнипшӏыр чатэу зэлъегъэкӏы,
Емызэщэу чаныкӏэ ехъокӏы.

Е-оой, е-оой, кӏэлэ дэй,
Е-о ой, кӏэлэ дэй.

Зэмкӏэ лъэпэпцӏыеу кӏоу олъэгъу,
Зэмкӏэ алэшэжъэу ар мэлъэхъу.

Игъончэдж зэжъуешъ гузэжъогъу,
Джанэу щыгъыр гъэщталъэнкӏэ дэгъу.

Ащ ишхакӏэ къор угу къегъакӏы,
Ӏэнтэгъукӏэ Ӏэнашъхьэр ехъокӏы.

Захэдэ ышӏэу бэмэ ар ахадэ,
Ежьыр пӏомэ шӏоим къызэхедэ,

Цэпэшӏуанэу Ӏутыхэр псаубзэу
Макӏошъ ахэм дышъэ трарегъабзэ,

Ӏофышӏэгъум нъэшэу мэсымаджэ.
Джэгу хъумэ къуаджэр зэпегъаджэ.

Къэцыпанэу ыжакӏэ гъэкӏыгъэ,
Хьамыщӏый хьасэм фэдэу хъугъэ.

Шъхьацэу тетыр цы матэу къалъагъо,
Уеплъыпэмэ кӏо ньолэжъы набгъо.
Нэф зэрэшъэу пкӏэгъуалэм екӏэсы,
Бэшэрэбым ибэгагъэу есы.

## ХЬАЛЫГЪУ ТАКЪЫР

Хьалыгъу такъырым игугъу къэсшIыщт,
Ащ пылъ къэбарыр зэхязгъэхыщт.
Гъогум сытетэу сырыкIощтыгъ,
Зы кIалэ кIорэу сапэ итыгъ.
Хьалыгъу ныкъор ыблыгу чIэлъ,
Егъэунэшкiушъ Iулъхьэр жэм дэлъ,
Сыд пае гъуашхэу гъогум техьагъ,
Ядэжьы сыда къыщымышхагъ.
Игъо фимыфэу къежьагъэщтын.
Ащыгъум кIалэм ар фэдгъэгъун.
Ау зы а кIалэм еслъэгъулIагъ:
Ащ къелыжьыгъэр сапэм хидзагъ.
КIалэм ышIагъэр, шъыпкъэу, шIопхъаджэ,
Ащ изекIуакIэ сэ сшIоигъуадж.
Мыхьамелэу щылъыр зы лIы къыштагъ,
Ыхьи чъыг тIуакIэм ар дигъэнагъ:
— Мыхъуми бзыухэм ауцэIун,
Гъомылэ шIагъоу ар афэхъун.
СшъхьэкIэ слъэгъугъэр сщымыгъупшэжь,
Зы хъугъэ-шIагъэ къысегъэшIэжь.
Ащыгъум заор бэлахь дэдагъ,
Фашистмэ бгышъхьэр къадзахьыгъагъ.
Тэ дзэкIо купым тышхэн фалI.
Мэфищы хъугъэшъ тымэлэкIапI,
Мыщ дэжьым зылIы тигъэгушIуагъ,
Хьалыгъу бзыгъэ ащ тфигъэшIуагъ.
Ар тэгощы, тиIулъхьэ-Iулъхьэу,
Гъомыиэм кIуачIи чафи къытхелъхьэ.
Хьалыгъу такъырыр сынэгу кIэт,
Ар чIэзыдзыгъэм сыфэукIыта.

●

Хьалыгъур, мардж, гъогум темын,
Ар зиIэшIагъэр — лэжьэкIо мин.
ФыгукIэм, нафэ, цIыфыр щегъаI,
Ар зипыутым дэшъумыщаI.

## ОШІЭЖЬА,
## СИНЫБДЖЭГЪУЖЪ?

Ошlэжьа, синыбджэгъужъыр,
Зы lупъхьэр тlоу зэдэдгощэу,
Тызэшы шъыпкъэх ашlошlэу,
Сыдигъуи тызэмызэщэу,
Лъэхъанэу къызэпытчыгъэр?
Окопым титlуи тыдэлъэу,
Фашистмэ тэ тапэlулъэу
Къэралыгъор къэдгъэгъунагъ,
Лlыгъэ lаджи ори зепхьагъ.
Тэ тидзэ тызэрипlугъэу,
Инэу тынаlэ зэтетэу,
Щынагъом тэ тыщымыщтэу
Къин макlэп зэдэтлъэгъугъэр,
Гъогу цlыкlоп къызэпытчыгъэр
Жьабгъумкlэ щылъэр къэуlэу,
Сэмэгумкlэ щылъэр къэукlэу
Зыщэты уахътэм пlогъагъэ,
Гущыlэ пытэ пшlыгъагъэ:
«Мы чlыпlэм зэ терэкlыжьи,
Къиныгъор тэрэlотэжьи,
Ныбжьыкlи усщыгъупшэнэп!
Ныбджэгъур, ухэсынэнэп!»



Уянэ письмор къыгъэхьыма,
Сыгуаlэу остыжьыщтыгъэ,
Письмор уикlасэ фэптхыма,
Джэуапыр зэхатлъхьащтыгъэ...
Заор заухыгъэр бэ шlагъэ,
Тешlагъ ащ илъэсы пчъагъэ,
Хьужьыгъэ уlэгъэ lаджи,
Зихъожьыгъ дахэу тикъуаджи,
Ауми укъэмыгъуагъэп.
Умакъи о къэбгъэlугъэп.
Пlогъагъэр пщыгъупшэжьыгъа
Хьауми угу зихъожьыгъа?
Ныбджэгъуныгъэу пфысиlэм
Емыхъумэ къыщызгъэкlагъэп,
Ныбджэгъушlу зимыlэу щыlэм
Егъашlи цlыф ехъопсагъэп.
Орыкlэ сищыгъу-пlаста
Сыдигъуи хьазырэу щытыщь,
Садэжьы уесэгъэблагъэ,
Гум къэгъэкlыжь о уиlуагъэ.

## ГУЩЫӀЭЖЪ

Гущыӏэжъыбэ цӏыфмэ ахэлъ,
Налмэс-налкъутэу ахэр зэхэлъ,
Гущыӏэжъы пэпчъы тхылъым ычӏапӏ,
Лъыгъэм, цӏыфыгъэм дэгъоу тыфапӏу.
Зэкӏоу, зэдиштэу ахэр псэхъыгъ,
Купкӏи акъыли ащ зыдаӏыгъ.

Зы гущыӏэжъ горэ сщымыгъупшэщт,
Хэт сыӏукӏагъэми ар фэсӏотэщт:
«Пъэкӏырэр цӏыфымэ яӏофы ет,
Джащыгъум уинасып о къэоӏэт!»
А гущыӏэжъыр сэ сыгу имыкӏ,
Сэ ащ ишӏуагъэ бэрэ къысэкӏ.

## НЭФЫШЪАГЪУ

Гъэмафэу нэфшъагъом дунаем ишӏагъо
О апэу плъэгъуныр лъэш дэдэу гушӏуагъо:
Мэзахэу щатырэм зещахьышъ ежъэжьы,
Ыкӏуачӏэ хэхъуагъэу чъыягъэр къэтэджы.
Къушъхьэтхи бгы пъаги тыгъэпсыр анэсы,
Чэсэеу ӏугъуашъор псылсыбзэу итеплъэу
Псы шъхьащъор ипахъэ ерагъэу къыхэщы.
Бзыубэм нафылъым чэфылэу ратӏупщы.
Ӏефшӏэгъушъ колхозыр зэфэдэу кӏэтаджэ,
Радном ымакъэ тэдыкӏи къегъаджэ.
...Шъхьацыр дэнапцӏэу, ар благъэу
ыкӏыбзэу
Къинӏыгъэу зы пшъашъэ зетхьакӏы,
зельэкӏы.
Чэфылэу ежь фэдэу игъусэр пшъэшъабзэу
Алэжьышъ яхьасэ Ӏефышӏэ къыдэкӏы.
Осэпсыр текӏыжьмэ ежьэнэу чӏы къуахьыр
Хьазырэу хы папиӏэу коц хьасэм къыхэщы.
Къэлъагъо... къагъэсы ӏусыпхъэу мэкъу
ӏэшӏур,
Колхозым ифермэ хьандзуабэр къыдэщы...
...Къэрэухэр псы ныджым щылъатэу
щэуӏу.
Щалъэмэ яжьгъыуи чэмыщмэ къагъэӏу.

Iахъомэ макъэхэр зэджэжьхэу зэлъашьы,
Шъынэхэр Iуавээ отэрхэу къэушъы.
ЧIышъхьашъом дышъэпсэу тыгъэпсыр
щэкIуашъэ.

Нэгушъхьэплъэу пшъэшъабэм ар
дэIушъашъэ.

Нэфылъым еплъырэм кIочIакIэ егъоты,
Жьы къабзэр зыIуищэу ыбгъэгу зеIэты.
Жьыртэджым сыдигъуи шьынIэхъур
къыфалъфы.

ЛэжьакIом ар ешIэшъ дэгуаIэ иIофы.
ЦIыфыбэу хым фэдэм зы ткIопсэу сыщыщэу
Хэгъэгоу сикIасэр сэпплъахьы семзэщэу.
...Пчэдыжьым, нэфылъым столыIум
сыIусэу

Сатырхэр къыхэсхэу орэдыр сэусы.

## СИКЪОДЖЭ КIАС

Ипсыхъо Iушъашъэ
Гьатхэм къэзэрэгу,
Ибжьыхьэпlэ дышъэ
Сэ сипнIыхьы лъэгу.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас,
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

Сады гъэкIыгъакIэр
Ащ инэIурыхъу,
Дахэшъ ищыIакIэ
НахьышIур къыдэхъу.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас,
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

ЛэжьэкIо хъалэлэу
ИIэм бэу хэхъуагъ,
ГушIагъо имылъэу
Быни дэмылъагъу,

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас,
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

Дизэу дэIэкIагъэр
Дунэе насып,
Тыгъэу къытепсагъэр —
Ти Советы хабз.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас.
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

Къуаджэм икъэгъагъэу
Пшъэшъэ хъущэ дэс.
Пасэу къэзыщагъэр
КIэгъожьыгъэу щыс.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас.
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

ЦIыфыр щыбэгъашIэу
ХьакIэм ар кIэхъопс,
ПсэупIэ шIыкIашIоу
Нэфынэр къыдэпс.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас.
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

## ПОЭТЫМ ФАКIО

Поэтыр къыуаIощъ усэным егугъу,
О птхымэ пшIоигъор гум щыгъэтIыргъу.
ГущыIэ пэпчъы щыбзачIэм игъэкI,
ГущыIэр — чылапхъэшъ, мыхъущтыр хэгъэкI,
Сатырхэр тыгъэпсым щыгъэпкIи къэпсахь.
Дышъэпсым егъашъуи едзыгъом хэгъахь.
Тижабзэ икъабзэ о пIуальышъ, поэт,
Къэралым ищытхъур бгъэлъапIэу къэIат!
ЦIыфыгъэм идахэ къэууххъумэу зыгъас,
Маисэу уистихыр пыигум къыхас.
ПфэшIэщтэу зыцыкъи о къэмыгъан —
Къэлэмыр уиIашэшъ сыдигъуи гъэчан,
ЩыIакIэр бгъэдахэу орэдыр тфэус,
МэшIуащэр къибгъэкIэу къончагъэм едыс.
Фэмыфи пыдзафи уижабзэ ятIупщ,
Аужэу хъугъэхэр къыфэтэгъэущ.
Шъхьахынэм нэиутэу идагъо еIуат,
Ерыуаджэм стихынIэ о жэхэнIуат.
О упоатышъы зыгъэпэрыт,
ЦIыфыр зыфаер о уигулъыт.
Щытхъугъэ нэпцIым зыдемыгъэхьых,
Коммунизмэ гъогум удэмыхых!
Джащыгъум цIыфымэ шIу уалъэгъущт,
Пытэу о пIапи ащ къэубытыщт!

## ПКIЭНЧЪЭУ СЫШЪОГЪЭМЫСЭ

Синыбджэгъу купы
Яшъыпкъэу сэубы,
Чыязр къагъэдаIоу
Зэхэсхэу къысаIо:
— «Бэу тыгу огъэплъы!
Убыны унагъоу
Пшъашъэмэ уалъэплъэ,
ОрыкIэ щынагъоу
Щытышъы гу лъытэ,
О тыпфэукIыта!
Пшъашъэмэ уахэты,
Къэгъагъи яоты,
Бэри укъадашъо,
ПсыIашIу уадешъо,
Зыпарэм ымышIэу
АцIи зэогъашIэ...»
Синыбджэгъу купы
Сэ сыньагъэгубжы,
Ястызэ джэуапыр
Сэ сянэкъокъужьы:
— ШъуIорэр сыды шIагъу!
Сэ шъукъысэшхъуагъуа?
Пшъашъэхэр сиджагъоп,
Ахэр хэсынагъэп.
Уныбжь пщагъэгъупшэ,
Гъатхэр адэхьапщэ,
Анэхам гушIопсыр
Тыгъэпсэу къакIэпсы,
ПлъэкIыма уямыплъ о!
Орэдым хэмылъхь о!
Зыдямыгъахьых о!
Пшъашъэмэ тичэфы
Къызэлъыхагъахьо,
ЧIыр зэлъагъэнэфэу
Ятеплъи гухахьо
Пшъашъэхэр къысфэшIух,
Сэ къысфэнэгушIох,
Сыдыгъуи сигъусэх,
Бэри сафэусэ:
Ащ сыкъагъэкIалэ,
СкIуачIи зэнIагъэблэ,
Ахэр зысиблагъэр
Шъэогъухэр, бэ шIагъэ.
ШъуIорэм зи къыкIыщтэп,
СыкъызэнIэкIощтэп,
Ахэр сымылъэгъумэ
Бэ дэдэ къысщэкIэ,
Ахэмэ сакIымыгъумэ
Сэ сищыIэ пкIэнчъи.

## СЫДА КЪЭХЪУГЪЭР ДЖЫ...

Уадэжь сыкъакlомэ, сидэхэ цlыкlу,
Нэмыкlы шъыпкъэр джы уигъэпсыкl,
Унэхэр плъызэу чыжьэуи маплъ —
Сыд къыпщышlыгъи джы?

Угушlубзыеу, ушъэбэ цlыкlоу
Сыпlукlэ къэси о ущытыгъ,
Усигонэсэу услъытэгъагъ,
Сыдыр къэхъугъи джы?
Сыды хъопсаплэм угу ептыгъ,
Нэмыплъы джагъом сеогъэукl, —
Мы чылэ кlалэмэ санахь мыдэй, —
Гукlэгъу къысфэшlба о!

Нафылъы жъуагъори шъхьашыгурыс,
Пчыхьэшъхьэ жъуагъори лъэпэ нэфын,
Укъимыкlыхэу губгъошхом уит, —
Сыд ибгъотэщтри ащ?

Зэ нэфышъагъом сыоплъэкlуагъ,
Ноцы дышъэплъым плъакlэ укlуагъ,
Сады кlыгъакlэм тхылъым удеплъы, —
Сыд хэбгъотагъэри ащ?

Унэпцэ щабэхэр пытэу зэдыс,
Сыды гупшысэм угу ептыгъ?
Гъуса сызфэшlба, сибзыу кlэракl,
Сыгу зэгоутыри шъыу.

Орденыр жъуагъэу убгъэгу щэжъыу,
О уишlушlагъи Москва щаlуат,
lуагъэу тиlагъэр угу къэгъэкlыжь
Пчэгум сыкъимынэба сэ.

## АДЭ ШIУ ПЛЪЭГЪУРЭМ ЫЦIИ КЪЭПIОЩТ

Пчэдыжьым жьэу сыкъэущыжьыгъэу
ГушIозэ садэжь тянэ къыIохьэ:
— ЫпэкIэ, сикIал, уимыхэбзагъэу
Бэрэ о чэщырэ ухэгущыIахьы,
Нычэпи, сэшIэ, угупсэфыгъэп
О зы гущыIэ ужэ дэкIыгъэп.
— Сыда, тян, къасIоу о зэхэпхыгъэр?
— Фатимэ ренэу зыцIэ епIуагъэр.
Джы нэс шъэфыгъэм ным гу къылъетэ,
Ащ къысиIуагъэм сегъэукIытэ...
Гухэлъы дахэр ушъэфыгъэщIоп,
Нафэ ар хъуми фэIуагъэ щыIэп.
Адэ шIу плъэгъурэм ыцIи къепIощт,
ПкIыхьапIэ дахэми хэпъэу плъэгъущт.



## НАХЪО

Тигъунэгъумэ яныо Нахъо
Мафэ къэсы ыгукIэ къыхахьо.
Ныбжьэу кIэр бэ аIошъ къалъытэ.
УегъэгушIо ащ игулъытэ:
— Сипхъорэлъф кIалэм лIы хъоу
Сэрэпъэгъужьыри къыщагъэу,
Ащ фэшъхьаф сэ къыздэрэхъу сIоу,
Зэхэшъухыжьынэп сылъаIоу.
Пхъорэпъфы кIалэри лIы мэхъу,
Нахъоми зыфаер къыдэхъу:
Нысэ дахэр къыфынагъэсы.
ТIэкIу шIагъэу ныом къыхегъэпсы:
— Зэ синысэ кIэлэхъу къыфэрэхъуи,
СкокIы исэу сэрэгъэджэгуи,
Хъу шIоигъор ащ ыуж орэхъу,
Сыдарэхыжь ебли сэ Iэгум...
Илъэсхэр къызэкIэлъэкIо,
КIэлэхъури мары лъэрыкIо.
— Сыд уфай, Нахъор, джы? — къаIо.
IугушIукIэу агурегъаIо:
— Къом ыкъощым къыщэ сшIоигъу сэ,
Чэщи мафи ащ сегупшысэ...
А хъярыри ныом къехъулIэ,
Ягъунэгъу лIыжъ къырехьылIэ:

— Ныо насыпышlор, тыпфэгушlо!
О слъэгъурэр бэу зыогъашlо.
Инъущтыба арэп бгъэшlагъэр?!
Бэ шlагъэба шъэм зебгъэхъугъэр.
— Непэрэ тэ тищыlакlэкlэ
Илъэсишъэ закъор — ар макlэ!

## ПШЪЭШЪЭ УДЖ ОРЭД

Зэпшъэшъэгъухэм тэ тэудж,
Тиджэгу нахьышlу тыфэмый,
Орэд чэфыр къэтэгъадж,
Тищыlакlи тэ ялый,
Тищыlакlи тэ ялый.

Тэ къытфаер псэлъыхъо къэрэкlу,
Тэ зыкlали тхамытыхэу тыкъэшъон тлъэкlыщт,
Пшъэшъэ уджым, пшъэшъэ джэгум фэдэ тэ къикlыщт.
Шъуеклокl, ныпэ, шъуеклокl, дахэ, пкlэнчъэу шъущымыт.
Къыттекlощтыр хэтми къыкъорэкl.

Тэ къэгъагъэм тыфагъад,
Псэлъыхъохэр шъукъытхад,
Ау армэухэр шъуlункlот,
Чъыяпхэри щыдгъэзыи,
Пцlыусыри щыдгъэзый,

Шъуигъэпсыкlэ теплъыма къэтшlэщт.
Тэ зыкlали тхамытыхэу тыкъэшъон тлъэкlыщт.
Пшъэшъэ уджым, пшъэшъэ джэгум фэдэ тэ къикlыщт,
Шъуеклокl, ныпэ, шъуеклокl, дахэ, пкlэнчъэу шъущымыт.

УнIэлэныр тхъэгъо дэй.
ТикIэлэгъу тэ сыдым фэд!
Уахътэр пкIэнчъэу блэмыгъэкI!
БлэбгъэкIымэ — уIэнэкI!
Арышъ, ныбжьыкI, зыгъэчан,
Армырымэ пчэгум укъинэщт.

Тэ зыкIали тхэмытыхэу тыкъэщьон тлъэкIыщт,
Пшъэшъэ уджым, пшъэшъэ джэгум фэдэ тэ къикIыщт,
ШъуекIокI, нынэ, шъуекIокI, дахэ, пкIэнчъэу шъущымыт,
КъыттекIощтыр хэтми къыкъорэкI.

## ЛIЫЖЪЫМ ИДЖЭУАП

Къуаджэр зэIукIагъэу къуаджэм имафэкI,
Джэгури джэгушхоу машIори къыщекI.
КIали пшъашъи чэфэу джэгур зэлъаIыгъ,
Пщынауи жъыуакIуи аманъэ Iэтыгъ.
Джэгум ижъотыпIэм зы лIыжъ къытефарз,
Жъы кIэтэу, нэгушIоу бланэу зыкъегъаз.
ИнъэшъокIэ дахэ бэмэ ашIогуахь.
IэшIэхэу лъэкъуитIум псынкIэу зырегъахь.
КIалэмэ ащыщ къэсэмэркъэугъ,
ЛIыжъы къэшъо Iазэм мыр къызэхихыгъ;
—«ЖакIэр фыжьы хъугъэу
сыкъэмышъожьын!
СижъыпIэ рэхьатэу сэ ситIысхьажьын!»
Ар зыIогъэ кIалэр лIыжъым ыгу римыхь,
Ымакъэ Iатыгъэу пхъашэу ащ жэхахь:
— «Ар гъэшIэгъоныхэп, о сэ сихьатыхъу!
КIэпэ IапIэжъажъэ нахьи лIыжъы IэпкIэ-лъапкI,
О сыолъытыгъэмэ джыри сыкIэлакI!»

## ЩЫТХЪУ ЛЫЕР ДЕЛАГЪ

Тизынъуаджэ шIукIаеу Iоф ышIэу
Хэтыгъ. Ау къызыхэкIыгъэр амышIэу,
Мыхъэр ыгъэхъагъ aIуи агъэIугъ.
Джащтэу щытхъу лыер гъусэ фэхъугъ.
ЗэIукIэ шIыгъом апэу къагъэсы,
ЦIыфымэ къахаплъэу апэкIэ щэсы,
ХьакIапIэ ащэшъ чIыпIэшIу къыраты,
КъыдекIокIыхэу ыIапи къаубыты.
Тизыкъуаджэ щытхъур икIасати,
АщыкIи гумэхэ хьазырти,
ЗышIошIыжьым, ышъхьэ къышIоунэзагъ,
Сэлам ымыхыжьэу шэнэу къыштагъ.
— Ныбджэгъу-шъэогъумэ санахьы лIыIу.
Сынасыпышlошъ сэ сыцIэрыIу...
Зыфегъэуцужьы щымыIэ хабзэ:
Фаемэ пэсэ дэдэу мэкIожьы,
Утэрэзэп раIомэ мэгубжы.
— Сэ непэшъхьае зэIукIэм сэкIо,
Неущы хьакIэхэр къысфакIо, —
ЫIоэ жьау чIэгъым зычIедзэ,
IофшIэныр иныбэузэу,
Зыпарэми ыIэ емыкIужьэу,
Тизыкъуаджэ хъугъэ Iэджэ-быджэ,



ЦIыфым лыягъэу узыщытхъукIэ,
Дехьыхышъ, хъэхъулIэ гухэкI.
ПшIэны фаеба цIыфым ифедэ,
УбыкIаий щытхъукIаий зэфэдэ.

## ХЭТА КЪЫСЭЗЫIОЩТЫР?

Пшъэшъэ шъхьацы тIыргъом
Ор зынитIор нагъом
СымышIахэу сэ сыдихыхыгъ.
ЫпэкIэ сыкъэкIы, ыужы зисэдзэ,
Ау ащ зыкIи сэ сыкъырымыдз.
Сыда адэ сшIэщтыр?
Хэта къысэзыIощтыр?

ОрэдыIо кIалэр,
Арэу ар зыфаер
Ипшъэшъэгъумэ сэ къысаIокIыгъ,
Ащ фэшI сыдэгуIэу орэды къэIуакIэ
ЗэзгъэшIагъэ шъхьае зи къимыкI.
Сыда адэ сшIэщтыр?
Хэта къысэзыIощтыр?

КъэшъуакIор икIасэу
Къэбар къыслъэIэсы,
Сыкъэшъонэу ащ фэшI зысэгъасэ.
Ау сэ къыздэмышъоу чылэмэ къадашъо,
НитIоу иIэр сэ къысимыгъэплъ.
Сыда адэ сIэщтыр?
Хэта къысэзыIощтыр?



Зы Iофи къемылэу,
Анахь кIэлэ бланэу
КъыкъокIырэм ыгу еIущт къысаIу.
Ар сэ сшIошъы мэхъу, зысэгъэпэрыты,
Ау гугъапIэ пшъашъэм къысимыт.
Сыда адэ сшIэщтыр?
Хэта къысэзыIощтыр?

## СЯНЭ ЗЫФЭЕ НЫСЭР

Тинъуаджэ щыщэу
Пшъашъэ къэсщэнэу
Ащ нахь чыжьи
СымыІэбэнэу
Сянэ шІоигъу,
Ау шІу слъэгъугъэу
Дэсэп тикъуаджэ,
Ар бэу игъуаджи.

Ылкъи ищыгъэу,
ИгуащэкІи дэгъоу,
Ышъхьаци кІыхьэу,
Ежьыри гохьэу...
Джащ фэдэ нысэ
Сянэ кІэхъопсы.
Зыфэсэплъыхьэ,
Бэу къэсэкІухьэ.

Шъабэу ымакъэ
ЦІыкІоу ылъакъо
Нысэ къэсщэнэу
ШІоигъу сэ сянэ,
Ау сикъэщэны
Ылъакъо ины,

Ишэн щынагъо:
Ябгэшъы-ябгэ.

Зы пудрэ цыкъи
Зы уцы лъэпкъи
Зыщимыфэнэу,
Зимыгъэпэнэу
Фай нысэ сянэ,
Ау сикъэщэны
Пудрэ къемпанэр
Изэщыфэгъуи.

ЕпІорэр хахьэу,
Дэгъоу пщэрахьэу,
ГукІэгъуи хэльэу
Джащ фэдэ нысэ
Фай сянэ гупсэ,
Ау сикъэщыны
Хэлъэп а шэнхэр.

Къэлщэныр Іофы:
ПкІантІэ къыппефы,
О узыфаем
Теогъэфэшъуа!
Ныр ыгъэразэу
Нысэр гоузэу
Тыдэ къисщына,
Хэт къысиІона!

## ЕТIЭ IЭБЖЫБ

Хымэ хэгъэгум хьакIэу къикIыгъэм
Темыр Кавказыр зэпикIуахьыгъэ,
Туристы тхылъым пIальэу итыгъэр
Зэухым игъогу техьи кIожьыгъэ.
...Жьыгъи нIэлакIи бэу къыпэгъокIы,
— Сыд къэбар?—аIошъ пчъагъэ къеупчIы.
ИIапъмэкъи ащ къызэIуехы.
ШIухьафытынхэр хъоеу къыдехы.
Жъогъо плъыжьыбзэу къопитф зэхэсым
Кремлэ тамыгъэр тыгъэу къыхэпсы.
Тхьаркъо сурэтыр зытет бэыхьафым
Зэфэдэу унэр зэлъегъэнэфы,
Зы Iэп нэсыгъэр—Iэ пчъагъэ махъу.
Тхьаркъом псэ пытым фэдэу къащэхъу,
Дэнэфы шхъуантIэу хьышъор зитеплъэм
«Мамыр» гущыIэр уалъэу къыхэпсы.
Жьыгъи кIэлакIи къызэIэпахы,
НэшIукIэ еплъых, къызэпаплъахы,
Iапъмэкъыр иныщъ джыри къыдэкIы;
Нысхъэпэ дахи ахэм къахэкIы.
Пшъэшъэжъые цIынIум ахьышъы раты,
ГушIоу нысхъапэр пытэу еубыты.
ГъэшIэгъоныбэ зэрылъ Iалъмэкъым
Тэтэжъэу щытым ынэ тедыкъэ;



— А, сикIал, силъэIу сфэбгъэцэкIагъа,
Сэ зыфэсIуагъэр о къысфэпхьыгъа?!
Лъэшэу мэсысы лIыжъым ыIаблэ:
Ыкъом ыкъожьым къыIощтым паплъэ.
— Апэрэ мафи гъогу сызтехьи,
Уилъэныкъо кIасэ къызысэкIуахьи,
УилъэIу сщыгъупшэу зэ къыхэкIыгъэп,
Ичэщи мафи сыгу икIыгъэп...
(КIалэр ыбгъэгу зэкIэм дэIаби
Къыдипхъотыгъ ащ дзыожъые фабэ).
— Нэнум фэзгъадэу мыр згъэгъунагъэ,
Налмэс-налкъутэу ощ пай згъэшIуагъэ.
Ишъыпкъэ дэдэу къеплъырэ лIыжьым
КIалэм фещаи а дзыожъыер...
Тэтэжъыр IитIукIэ псынкIэу къэIабэ.
Дзыожъые лъапIэм шъабэу теIабэ,
Иубагъэу илъ етIэ Iэбжыбыр,
Къызэпичыгъ ащ чыжьэу хыкIыбыр.
Кавказы чIыгум щыщ къыхахыгъэу
Иль дзыожъыем ар шъхьапхыкIыгъэу...
Къыригъэфэхыгъэп лIыжъым ынапIэ,
Цыхьэ ащ ышIырэп хъугъэр нэфапIэу.
КъытIатэ шIоигъу дзыожъыяшъхьэр,
Ау мэкIэзэзы лIыжъым ыIашъхьэ:
Хэты ышIэна ащ джы кIэхэкIрэр?!
Хэт гу лъитэна ыгу ихъыкIырэр?!
ГеIэрэ лIыжъым купыр Iэпэlэ,
Дзыожъыяшъхьэр ащ къыфатIатэ.
ЕгъашIэм чIыгум хэлъыгъэ ыIэ
Лъынтфэр къахэщэу дзыуашъхьэм еIэ,
Дзыо цIыкIум илъыр псынкIэу зэIешIэ,
Хэкужъым ымэ къеоу къыкшIошIы,
Фэсакъэу еплъы, ыIи къыщефэ.
ЛъэгонджэмышъхьакIэ ащ щызэхафэ,

IитIукIэ ятIэр бгъэм реубытылIэ:
ЛIэшIэгъу хъугъэу ичIыгу ар фалIэ.
Ебэу ятIэм ыIупшIэ стырыкIэ,
Тэтэжъыр матхъэ джыдэдэм ыгукIэ.
Джыри кIэрыкIэуи ятIэм епэмы,
Еэщыхэщтэп Iэзэгъушъ ымэ...
Хъулъфыгъэ нэпсыр къэгъэкIогъуае,
Ау къызыкIуахэкIи убытыгъуае:
ХэгурымыкIэу лIыжъыр мэплъызы,
Нэпсы щыугъэр ынэ къыкIэзы,
Ихэку шъыпкъэ ар зэримысым
Гуиъао щыхъоу ар егупшысэ,
Насып имыIэу ежь зелъытэжьы,
КIэрыкIэу гъыбзэм ащ къыпедзэжьы.
Хэзгъэукъуагъэм, зыгъэплъэхъугъэм
Ыгу лъэшэу фэплъы джы къызнэсыгъэм.
Кавказы кIасэр ыщъхьэ имыкIэу
Тэджыми гъолъыми, ар ыгу къэкIы.
Кавказы къушъхьэр къызэлагъаджэу
Ипсыхъо чъархэр ынэIу къетаджэ,
Бгъашхъохэр лъагэу ышъхьагъ щэхьарзэ.
Жъыр егъэкIэжьы ащ ижьыкъабзэ.
Кавказы огоу хычIэм нахь къаргъор
Зэрэдунаеу зэлъагъэшIагъо.
Къэгъагъэу щыIэм анахьы дахэр
Ащ ичIыналъэ щызэIэпахы,
Ипсынэ кIэчъхэр Iэзэгъу дэдэу
Шалъытэ чIышхом тади зэфэдэу.
Гсымбланэм фэдэу ипшъэшъэ хъущэ
ДахэкIэ, шIукIэ цIыфмэ къахэщы.
Кавказы мазыр ит фэд ынэIу,
Илэучэцlхэм амакъэ къеIу,
Исад бэ дэдэ къызэлъэбагъо,



Орэды чэфым къызэйъигъаджэу
Джы зэришIугъор ешIэ икъуаджэ.
ЦIыфылъэпкъыбэу Кавказым исмэ
ЩыIэкIэ тхъагъор непэ агъэпсы,
Мо лIыжъыр лъэшэу ахэм яхъуапсэ.
Кавказым пае ытыщт ащ ыпсэ...
Унагъом иси, гъунэгъуи—зэкIэ
Еплъых мо лIыжъым агу фыхэкIэу...
Мо дзыо жъыем шъхьадж ыIэ щефэ,
Псалъэр зэкIупэу къызэрагъафэ:
«Хэгъэгу гупсэм фэдэу зи щыIэп,
Ар зыпэпшIыни дунаем тетэп», —
Хэгъэгу пчъэгъабэ дунаем тет,
Ау тихэгъэу фэдэ зи ахэмыт!

## ЦIЫФЫIЭМЭ ЯОРЭД

Чэфыгъу, мэфэкIы,
Чылэр къыдэкIы,
Быракъ плъыжьыбэ
Жьым егъэбыба...
Жьыгъи кIэлакIи
НэгушIозакIэх:
Къуаджэм ипчэгу
Чылэр щэджэгу.
Пщынэм ымакъи,
Жъыум ымакъи
ЧыжьэшIоу мэIу,
Бэхэр едэIу...
ШIухьафтынхэр
Бэмэ араты,
Дышъэ медалыр
Тыгъэм пэлыдэу
Тикъуаджэ щыщы
ЛэжьакIо пащэм
Къыфагъэшъуашэ.
Чылэр фэгушIо,
Лъэшэу агъашIоу
Фытеох Iэгум,
Къыращэшъ пчэгум
ЫIэхэр пытэу
Пстэуми аубыты.



ЫIэгу илъы
Медалым сеплъышъ
ЫIэгу зэфэдэу
Тыгъэнэбзыихэр
Къыщепсырэм фэд...
Iэ пытэ лъэшмэ
Бэ ашIушIагъэ,
Iэ пытэ инмэ
Бэ яIэшIагъэ.
КъарыукIэ ахэр
Зыми емылъэIухэу,
Гъэпсэф ямыIахэу
Дэгъоу лэжьагъэх.
ЦIыфым ыIитIо
Орэд фэсэIо:
Iэхэр — псэуакIо,
Iэхэр—лэжьакIо.
Тикъали къуаджи,
ТиIэ лъэмыджи,
Тимэз гъэкIыгъи,
Щылычъы гъэчъыгъи
Лъэужэу яIэр —
Бланэу цIыфыIэр.
ЦIыфым ыIапэ
Епхыгъ ынапэ,
IапэкIэ шIумэ,
Джащ фэд ынапэ.
ЛэжьэкIо Iазэм
Тэ тегъэразэ,
ЛэжьэкIо гъуазэм
Щытхъур фагъазэ.
Ылъагъурэр тынэ,
IэкIэ тэ тэшIы,

Тидышъэ Іунэ
Мазэм хэтэшІэ.
ТибзылъфыгъаІи
Тихъулъфыгъэ Іи
Ядахэ сэІо,
Ящытхъу сэгъэІу.
Ахэм сыдигъуи
Лэжьыгъэ богъуагъи,
Уц лъэпкъ дэгъуи,
Сади къэгъагъи —
Тэ къытфагъэкІы —
Насып къапэкІы.
Апэу ныр ІакІэ
Сабыим теІэ,
Ным ыІэ шъабэ
Ар егъэфабэ.
Пщынэм теощтми,
Зыгорэ ттхыщтми,
Сыхьат дгъэпсыщтми,
Машин зетфэщтми
Іэр—ІэпыІэгъу,
Іэр — тиныбджэгъу.
Шъэогъум апэу
Етэты тІапэ,
Тэ къытпэблагъэм,
Къиным хэфагъэм
Тэ тыІэпэІэ
ТІэкІэ тыдеІэ.
Псэуалъэу тиІи,
КІэу зэкІэ дгъаІи,
Чылапхъэм ишІуи,
Шхыным иІэшІуи


Іэм итамыгъэ
Атеолъагъо.
ЧІышъхьам утетми,
Ащ ушъхьащытми
О уинэплъэгъу
Зынъэеушъомбгъу —
Плъэгъурэр зэкІэ
Жьи псэопъакІи
ЩІыфыІэшІагъэх,
Іэм ишІушІагъэх.
Тэ тІэхэр мафэшъ
ПІапъэм тедгъафэу
Нефтыби гази
ЧІым къычІэтащы,
Тэ тыфэІазэшъ
ШІомыкІы хъущи
ЧІым къычІэтэхы,
Тэ тІэхэр мафэшъ
Федэшхо къахьы,
Іофыр зэкІафэшъ
Щытхъур Іэрылъхьэ.
О уиІэ лыпци,
Сэ сиІэ лыпци
Зы лъынтфэм екІух,
ЗэдеІэх, зэкІух —
ЗыхэгъэгуІэх.
Хэгъэгум ыІэ
Зы уцу имыІэу
Ичэщи мафи
Хэти фэнафэу
Насып тфеуІу.
ТищыкІэгъэщтыр
ЗэрэгъэуІу.

Іэхэр—псэуакIо,
Іэхэр — лажьакIо,
Хьулъфыгъэм ыIи,
Бзылъфыгъэм ыIи
Идахэ сэIо,
Ящытхъу сэгъэIу.
Іэхэр тильапIэ,
Чіыр ащ афапэ,
Іэхэр гугъапIэ,
Ащ тагъэфабэ.
ЛэжьакIом ыIэ
Щытхъур фэсэIошъ
Пытэу сэубыты,
ЛэжьакIом ыIэ
Орэд фэсэIошъ
Минрэ себэу.

## ПСЫХЪОЖЪЫЙ

Типсыхъожъые дахэу Іупчъапчъэу
Тикъушъхьэ лъапэ чъыIэу къыкIэчъы.
ЗэрэфэлъэкIэу ащ зырегъахьы,
Ижьы къэбзэшIуи гохьышъы-гохьы...
Псыхъом пэблагъэу зы Іыжьы щытэу
ИчъакIэ бэрэ еплъы зэпыты.
— О псыхъожъыер зэ къэуцуаIи,
ТIэкIу зыгъэпсэфба, о умыгуаIи!
— Ар сыфэчэфэу фэзгъэцэкIэни,
Ау быпымыбо, сэшIэ, къыспаплъэ,
Фабаешъ малIэх ахэр псыфаIэ.
Мэлы Іэхъогъуми сэ сыфэсыни,
Сэ сипсы шIагъо аIузгъэфэни
Къэзгъэчэфыщтых, сшІыщтых сэ разэ,
Псы езгъэшъонкIэ сыхъугъ сэ Іазэ.
— Упсыхъо дахэу, упсыхъо уалъи,
Ащ нэужыпкъэм сыд угу хэлъи?
— Тыгъэнэстырым чІыр зэгуеутышъ,
Ащ игъогупэ сэкIошъ сэубыты,
Сэ шынэгъакIэр чІыгум фэсэхьы,
Сэ щыІэныгъэр чІыгум хэсэлъхьэ.
— Сыоплъышъ, псыхъор, о огоIащэ,
Уцуи рахьатэу зэ о жьы къащэ!
— Сэ кIэлэцIыкIухэр чэфэу къысажэ,

Сипсы есагъэшъ ахэр къысадиэ,
Ягушlогъошхоу сипсы къыхахьэх,
Ялыпцы цlыкlухэр пытэу сэпсыхьэх.
Зыгорэ джыри ахэм зэраlо,
Зэраlотагъэм шъуетэгъэдэlу:
— Псыхъор, пыдзафэ хъоеу нъэохы,
О уикъэбзагъэ зэlыогъахьэ.
— Зи сэ силажьэп, бэмэ сэ сяджэ,
Ашъэ иlыгъэу зы куп мэбзаджэ,
Яхэкlы шlойхэр сэ къысхатанъо,
Сыкъагъэшlоркъы, сызэщагъакъо...
Къачъэзэ псыхъом ыпэ регъэхъу,
Лlыжъэу кlэрытыр ишъыпкъэу шэтхъу:
— Пшъэрылъэу уиlэр о мыпсынкlагъо,
Хы чыжьэм екlу занкlэу уипъагъо.
О къэогъашхэ пцэжъые хъуцщэ,
О птхыцlэ тетэу хьылъэ зеощэ...
Пкlуачlэкlэ нэфыр къуаджэм еоты,
Зыбгъэпсэфынэу игъоу сэлъытэ!
— Хьау, сыпшъыгъахэп! —
Псыхъом къеlожьы,
Лlыжъы тхьапэфым къыпэгушlожьы.

## ДЖАР НАСЫПЫШlУАГЪ

lэшэ гъэуакlэм
Шlоу уфэlазэу
Дэзкlэ лlыхъужъэу
Тидзэ ухэтмэ —
Джар насыпышlуагъ.
Родинэу о уием,
Родинэу узием,
О урилъэпlэу
Ежьыри уилъэпlэмэ —
Джар насыпышlуагъ.
lофэу узыlутым,
Уфэlапэlасэу,
Купэу узыхэтым
Кlасэ узыфэхъукlэ
Джар насыпышlуагъ.
Шъофы къухьашхоу
Комбайнэ иным
Урикапитанэу
О зыбгъэсэшъумэ
Джар насыпышlуагъ.
Родинэу о уием,
Родинэу узием,

Ищытхъуи, ишIуагъи
Инэу хэбгъахъомэ —
Джар насыпышIуагъ.

1939.

## ПЭIУХЪО ФЫЖЬ

ПэIухьо фыжьыр о пэIухъуагъэу,
Боецыхэр шыпхъукIэ къыуаджэу,
Инэу уишIуагъэ къэбгъакIоу
ЛIыхъужъэу зэошхом о ухэлажьэ.

IэзапIэм чIэпъ уIагъэм
Дэхэ-дахэу о упэгъокIы,
А зы ным къыбдилъфыгъэм фэдэу
IэпыIэгъу шIущэ уфэхъу.

Ышъхьэ зытель шъхьантэр
НахьышIоу фэбгъэIылъыжьызэ,
ГущыIэ дахэхэр фэпшIэу
Сымаджэм ренэу унIэгъу.

Осым фэдэу чэсэй фыжьыбзэр
ПсынкIэ-псынкIэу о къызэIэпхэз,
Ткъошы сымаджэу боецым
ИуIагъэ усакъэз фэопхы.

## НЫМ ФАКIО

(Фронтым къикIырэ письмо)

Письмэу о къысфэптхыгъэр,
Синан, сэ къызысIокIэм,
Лъэшэу сигъэгушIуагъ,
Ин дэдэу сэ сигопагъ.

Уиписьмэ тхыгъэ сыкъеджэмэ,
СанэIу уит фэдэу къысщахъу.
Фабэу уигущыIэ шIыгъэ
Нахьыри сыгу къыдещае.

Окопэу тIыгъэм сыдэлъыми,
ПсынкIэу атакэм сыкIоми,
Синан, сщымыгъупшахэрэр —
Унашъоу о къысфэпшIыгъэр.

ЛIыгъэр къысэбэкIынэу
Бланэу сэ сызэонэу
КъысэпIуагъэшъ, сэ сэгъэцакIэ.
Сапэ езгъэхъоу сыпъэкIуатэ.

Дэхагъэу о къысфэпшIыгъэр
ШIушIагъэу о къысфэпшIыгъэр

Тэ сыкIуагъэми сщымыгъупшахэу
ИмыкIэу сыгум зэрилъ.

Сыпльэгъунэу укъыскIэхъопсэу
Угу сэ сыкъызынкIыкIэ,
Гукъаом инэпс епкIыхэу
Онтэгъоу укъэмыхьапщ.

ТекIоныгъэр тэ къызыдэтхэу
Зэо ужым къызыдгъэзэжьыкIэ,
Чэф орэдым зедгъэIэтын,
Тытхъэжьыхэу, нан, тыпсэун.

1943.

## ЗЭУАПІЭР

Мыщ бэу топыбэ щэгырэы,
Шхончыща пчъэгъабэ щефэхы.
Стыр-стырэу топыща къутафэхэр
Зынэсырэр астэу, акъутэу
Модынlэ-удэкlэ щэшlуи.
Къефэхрэ лагъымэр чlым тефэмэ,
Жъуагъэм фэдэу зэпырагъаэ.
Лъапсэ зиlагъэ уцы цlыкlур
Хъырзээ огум дехьые.
Омакъэм къыхэнlэу чlэу узытетыр
Лъакъом зэхихэу мэтхытхы.
Ичэщи имафи быреыр зэпытэу
Рэхьат чlыпlэр зэуапlэм щымакl.
Ау а къин петэумэ къамыгъэщтахэхэу
Тиззолl пхъашэхэр пыим езаох.
Апэ рагъэхъузэ тичlыгу лъапlэ
Хъункlакlо фашистхэр рафыжьыпагъэх.
Тицlыфы пlугъэмэ къябэкlрэ блэнагъэр
Зэуапlэм жъугъэу къыщагъэлъагъо.
Зым зыр игъусэу, зым зыр lэпэlэ,
Зы быныщхо щыщхэшъ, шlу зэрэлъэгъух.

1945.



## О УНИТІУ

О унитlур сыгум итlысхьагъэшъ
Тэ сынlоми ренэу сэ сигъусэ.
Сэ сшlоигъоу ахэр къыхэсхыгъэшъ
Сиорэд пэублэу сафэусэ.
О унитlу, о унитlу шъэфы lаджи къысаlу,
О унитlу, о унитlу анахь дахэ щымыl.
О унитlур тэди щысэшlэжьы,
Къэгъагъэмэ гушlохэу къахэплъы.
Жъогъо быным чэфэу пагушlожьы,
Хычlэ нэаргъэм гушlохэу къачlэплъы.
О унитlу, о унитlу анахь дахэ щымыl,
О унитlу, о унитlу шъэфы lаджи къысаlу.
О унитlур гуфабэм игъунджэу
Зэрэпсэоу дунаер къэрэщы,
Ахэр сымыяъэгъумэ рэхьатыджэу
Уахътэр сэ исэхы, бэу сэзэщы.
О унитlу, о унитlу анахь дахэ щымыl,
О унитlу, о унитlу шъэфы lаджи къысаlу.
Нурэ дахэр унитlу къакlехы,
Тыгъэм инэбзыйхэри къакlэпсы
Сагъэгушlоу пкlыхьалlэу сэлъагъух,
Сишlулъэгъуи lээгъу фэхъугъэх.
О унитlу, о унитlу анахь дахэ щымыl,
О унитlу, о унитlу шъэфы lаджи къысаlу.

## НЫОКӀЭ ШЪУКЪЫСЭМЫДЖ

Купымэ загъорэ сахахьэу,
Хъэбарэу зэрахьэрэр зэзгъашІэу,
АшІэрэм сыхаплъэмэ —
Зыгущыӏэ сыгу римыхьынэу
КъысаІоу стхьакІумэ къыредзэ.
«Ныо!» Сыдым ар яхьыщыра?
«Ныо!» шъуІоу шъукъысэмыдж!
Сыныоп джы сэ, сишӀугъо,
Сишъаомэ мары сахэт.
Ашъхьашъо шъабэу Іэ щысфэу,
Ящытхъу сытегущыӀэ.
Сыныоп, джы сэ сишӀугъо,
Ныо шъуІоу шъукъысэмыдж!
«О ныожъ!» аІоу къысаджэхэу,
Уасэ симыІэу нэІаеклэ къыкъаплъыхэу
Къегъулэу ерагъэу згъотыгъэм,
Ренэу сыщырэхьатыдкэу
Зыщытыгъэр сэ къэсэшІэжьы.
Джащыгъум тэ тлъэпкъыр пыутэу,
Хьам тырагъашхэу, уасэ тимыІэу,
ЕгъашІэр хьазабкІэ итхыгъ.
ШІу тлъэгъурэм тырамытыхэу,
Ахъщэкӏэ зиджыбачӏэ ушъагъэу
МылъкункІэ зиӏэгу кудагъэм

Тхьэубытыти тыратыщтыгъ.
ИкӀыгъ а хэбзэжъыр!
Итфыгъа Іэежъыр!
Непэ тӀашъхьэ зыхэлъэу,
Тызыщылажьэу тызыщыпсэоу
Тиколхозышхом бэу щысишӀугъу,
Жъыгъэ Іахь ащ къыщысаты.
ГопэӀахь ащ щысэгъотышъ
НыокІэ шъукъысэмыдж.
Джэныкъо пашъхьэм сэ сыкъыдащи,
«Ушъхьафит» къызысаІуагъэр
ЛІэшӀагъу нукъом къэхъугъэшъ
Джары сэ сыныбжьыкІэ слъытэрэр.
О, сишъаох, сипшъашъэх,
СикІасэу сишылхъух,
ЦІыфыхэкӀэ непэ сышъуигъусэу
КӀэрыкӀэу сыкъызальфыгъэкІэ,
УхэтыкІи ныокӀэ укъысэмыдж!

1938.

## ЛЕТЧИЦ

Псыхъуи, мэзи уашъхьащытэу
Къэрал баим укъыхэплъэу,
Огоу шхъуантIэм о ущес.
Самолетэу узэрысыр
Уззрэфаеу о зеоф.
О унитIоу нэгъо-нагъохэм
Уашъоу шхъуантIэм зыщапиъахь.
Зэщыгурыклоу огу ошъуапщэхэм
Пхырыблыклэу уакъыхэпш.
Самолетэу уззрысым
Ипропеллер жьыр зэIеф.
ГушIогъошхом узэрихьэу
Уашъоу шхъуантIэм ущэбыбы.
ЛъэкIэу уиIи, уишIэныгъи,
Уянэу Родинэм о еоты.
ЩыIэкIэшIоу тызхатыр
ТIэкIэзхынэу зыгу хэлъыр
Совет бомбым согъэсты.
УиIапкъ-лъапкъэхэр псынкIэ дэдэу
Уянэу-Родинэр бгъэразэу
Убзылъфыгъэу о убланэу
Тикъэралы о уриI.

1937.



## ЖЪОГЪОНЪОПИТФ

Плъыжьыбзэу жъогъонъопитфыр
ТипэIо натIэ щэнэъыу—
Тэдэ тиціыф бгъэнIуагъэми
ЛъапIэу тижъогъо нэф
Игъусэшъ, лъэшэу фэмаф.
Быбатэу тибыракъы лъапIэ
А жъуагъор къыхэжьыукIы,
Кремлэу ти Москва дэтым
Шъхьащытэу пъэшэу нэыщэблэ.
Ом щыбыбырэ тишъаом
А жъуагъор лъагэу дехьые,
Лъэгъонэфыр тфыхэзыхыгъэу,
Ти Лениным ар иkIэсагъ.
Гъупчъэ-уатэр жъуагъом игъусэу,
Зэкъошхэм джар титамыгъ.

1945.

## ПИСЬМИТӀУ

(Пщъашъэм етхы)

Тихэгъэгу фэшӀы уззонэу,
Сэ синӀас, зэуапӀэм укӀуагъ.
КӀуачӀэу уиӀи, пшъхьи уашъхьамысэу
Уиблэнагъэ о къэгъэлъагъу.
Топэр къао, лагъымэхэр машъуе,
Ӏугъо шӀуцӀэм чӀыр зэльиштагъ.
Мо джы дэдэм пыир бгъэфэхынэу
О атакэм уежьагъэнкӀи хъун.
Щынагъэр гъогогъу къыпфэмыхъоу
Насыпыбэр гъусэшӀоу уерэӀ.
Пыижъыщэм о ущымыщтэу
Мэхъаджэр бгъэфэхэу ущэӀ.
Зэо ужым, игъо уифэщтмэ
Письмо тхьапэ, синӀас, къысфэтх.
Икъэтхыгъо уимыфэу къыхэкӀмэ,
Уисэлам жьым къетри къыхьыщт.
Уисэламэу, синӀас, къысфэпшӀыгъэр
КъыслъыӀэсмэ — гушӀуагъоу сфэхъущт.



Успьэгъугъэм фэдэ къабзэу къысщыхъоу
Гур къыӀэтэу санэӀу укъихьащт.

(КӀалэм къетхыжьы)

Сихъэбар зэхэмыхэу къыхэкӀмэ,
Гур бгъэкӀодэу гугъу зыхэмыдэ.
КӀэсэныгъэу о къысфэпшӀыгъэр
Къырыбгъэлъагъоу о сэ къысаж.
Мэнъу огъу мазэу фабэм изманми,
Уемызэщэу, синӀас, о къысажэри,
Ос къесыгъэу хъотыр къельэсми,
Сэ сыпсаоу сыкъфэнӀожьыщт.
Письмо Ӏаджи сиджыбэ нынъотхау,
Икъэтхыгъо симыфагъэу зэриль.
Усщымыгъупшэу, сыгу уимыкӀыхэу,
Тэ сыкӀуагъэми уикарт сэ сӀыгъ.
Чъыг тӀэмыгъэу, уцым идэхэгъум
Тэ тикъуаджэ сыкъдэхьажьыщт.
Мыщ дэжьым ори укъысфэчэфэу
СшӀэгъэ шӀуагъэм пае угушӀощт.

1942.

## ЦIЫФЫР, ОЩ ПАЕ ОРЭД КЪЭСЭIО

Зэрэфаеу дунаер зыгъапсэу,
Псыхъо гъогухэр зэблэзыхъоу,
ЦIыфыр, ощ пае орэд къэсэIо,
Ощ пае макъэ сэгъэIу.
О уай, уай языгъаIоу цIыфыр
Ощ нахь лъэш чIышхом тетэп.
ЗэриIо закIэу зыфаер зышIырэр,
Ощ нахь лъапIэ зи щыIахэп.
Орыба уашъом чыжьэу хэсыхьэу
Бэгу папкIэу щыбыбырэр,
Орыба чIы къатхэр зэтезыхэу
ЧIым чIэлъ шIуагъэр къычIэзыхырэр.
ЧIышхоу тызтетым ихъыякIи
УишIэныгъэ къеогъэубыты,
ШIуагъэу ахэлъхэр къахэохы.
Псэушъхьэхэр зэрэпIоу огъасэ,
ЧIым тет къушъхьэхэр огъэкощы,
IэшIэгъэшIухэр, уиакъылкIэ,
Пфэфеданэу къыхэохы,
Угу зэреIоу хыор лъэшым
Бланэу, пIэ къифэу ущесы.
КIочIэ пстэоу природым иIэм
УтекIонэу о ошIэхы,



ЦIыфыр, уиорэд зеIэты,
Тэмэ лые уиакъылы къыуеты,
Зэпсэтури уигупшысэ къеубыты.
Дунаем ишъэфхэр нафэу къэошIы,
Уитетыгъо хахъо бэу иIэу
Уихъяр щытхъукIэ аIутэу
О уай, уай языгъаIоу цIыфыр,
ЕгъашIэм уерэунай дунаер.

## РОДИНЭР

— Сыды илIэужыгъуа Родинэр? —
Джащ фэдэу къэупчIэ сабыир.
— Родинэр — ар, — еIо тэтэжъы, —
КъедзIуи къыюсIон зыфэдэр.
Родинэр — ар уинэнэжъы
Итхыдэжъых, таурыхъых, синэу,
Уянэ гупсэ ынэ дахэх синэф,
УинэIосэ псыхъомэ ячъанI.
УзыпIугъэ цIыфхэм акIуачI,
Родинэр — чылэм дэт чъыгымэ
ЯпкIашъэхэм яIушъэшъэ макъ,
Тигубгъэ гъэбэжъу иныма
Ащылэжьэрэ машинэмэ амакъ.
Родинэр — тиIэзымэ ятеплъ,
ТичIыналъэу нэми фэмыплъ...



## ДЗЭКIО КIАЛЭМ ИОРЭД

Къулыкъу щысшIэнэу тидзэ сызежьэм
УкъысфэгушIозэ сыбгъэкIотагъи о,
Сыгу къыгъэчэфэу о уигущыIэ
Сэ сыгу ухэлъ о къысэпIогъагъэри.

Укъысфэзэщэу укъысэжэнэу
КъысэпIогъагъи сицыхьэ птелъи о,
Арэу щыт шъхьакIэ сыгу мэгумэкIы,
Уиписьмэ тхыгъэ сэ сшIуабэ дашIэри.

Ситхьэркъо фыжьэу, сыпсэми фэди
Хэт къыпфэкIуагъэми умыгъэгугъэри,
Зынэхэр нагъор о сыпфэшъыпкъи,
ШIульэгъуныгъэр фэсэухъумэ сэ.

Дзэм сыкъикIыжьымэ сыкъыпфэсыни,
Нэплъэгъу дахэкIэ тызэдэхашIэзэ,
ТигухэлъышIу зэтIотэжьыни
Тадэжьы занкIэу нысэу усщэни сэ.

## ПШЪАШЪЭМ ИДЖЭУАП

Тхьэрнэ жэгъуфыр о къысэIо,
Сым исуратхIэ о укъысаджэ сэ.
О уикъэбари сэ сыдэгуIэ,
Зэхэсымыхымэ сэ сыгу мапэри.

Псэлъыхъо Iадэжи сэ къысфыкъокIы,
Ау сыд ащ аIощи сыдамыхьыхыри,
Ощ нэмыкIы сынэ емыплъи
Сэ сыгу илъыр оры, синIэсэ занъу.

ДэнкIо лIыхъужъыр къызэрябгъаIоу,
Хэгъэгоу тянэр сакъэу къэухъумэри
Пшъэшъэ гущыIэр къэзгъэшъыпкъэжьэу
Укъэсыжьыфэ сэ сыпэплъэни о.

О къэбгъэзэжьымэ лъэшэу сигуапэуи
СыгушIубзэыоу сыкъыпэгъокIыни о,
Сэ сигущыIэ згъэцакIэжьыни
ТитIо егъашIэм тыкъэзэфэнэни тэ.

Гухэлъы дахэр бгъэцакIэжьыныр ей,
ГушIуагъо, тхъагъо, насыпыгъэшхуи о,
ШIулъэгъуныгъэр къабзэмэ — дахэ,
Нэнум ар фэдэу къэтыухъумэни тэ,



## НЫМЭ ЯПIЭШЪХЬАГЪМЭ АЧIЭЛЪЫ ПИСЬМЭХЭР

ЧIэлъых письмэхэр нымэ япIэшъхьагъы
АгъашIо письмэхэр шъуэзбэ пчъагъэ...
Къатхыгъагъ ахэр лIыхъужъы дзакIомэ
Урагъэгупшысэ ахэмэ уяджэмэ.
СэшIэ сэ зы ныо тихьаблэ хэсэу,
Ыдэжьы сихьэу сызэрэтIысэу
ИпIэшъхьагъы кIаIэшъ данэм кIоцIылъэу
Къештэшъы зы письмэ сэ сырегъэплъы,
— Къысфедж, синIал, письмэм зэ
итхагъэм, —
Къещэи Iитlунlэ зынъо фэхыгъэм, —
Письмэ щэнэбзыр гъожьыбзэ хъугъэ,
Ерэгъэ дэдэу итыр сэлъэгъу:
Ауми а письмэм итыр къысэхы:
«Шъэогъу-ныбджэгъухэр бэу сэ сигъусэу
Пый мэхъаджэм ыпсэ Iутэхы,
ЦIыфлъэпкъ пстэухэм тызэгонэсэу
ТекIоныгъэ лъапIэр тэ къэтэгъэсы...
Хэгъэгум фэшIкIэ спсэ семыблэнкIэ,
ЧIыгур къэмыщтэу сыкъэмыщтэнкIэ,
О, сянэ дах, о Iуагъэ осэты...
Тикъоджэ цIыкIу сэ бэрэ сыгу къэкIы,
Синэнэ лъапI, о сыпфэгумэкIы,

Тызэпэlапчъэми укъэсэлъэгъу,
Атакэм сыкlоми сэ укъыскlыгъу...
Чэщ мычъыябэ сэщ пай иохы,
Сэрыкlэ, тян, о рахьатэу зыщl,
Письмэм итхыни ащ шысэухы.
Тежьэны фае lэ сэ къысфашlы...»
...Письмэ щэнэбзыр ным еотыжьы.
Ар фэсакъыпээз егъэlыпъыжьы.
Чlэлъых письмэхэр ныма япlэшъхьагъы,
Агъашlо письмэхэр шъуэзэбэ пчъагъэ...

## САБЫЙМЭ АЦІЭКІЭ

Тэ тисабыймэ сэ мафэ къэси
Сыгукlэ сытхъэу сэ сафэусэ:
Тэ тисабыеу къытфэхъурэм пэпчъэу
Сэлъытэ тыгухэм ялсынэкlэчъэу.
Зэрэгъэчачэх бзыу быным фэдзу,
Зэрэгъэчэфых ныр — норэдзу,
Уяплъы нъэсы — узыlэпащэ,
Ямэнъэчэфы о узылъещэ.
Зы шъэожъыем ынэхэр нашхъо,
Зы пшъэшъэжъыем итеплъэ — пцlашхъо,
Зым ынэ цlыкlухэр шlомыкlэу шlуцlэ,
Къыхэкlы нылэп адырэм ыцэ,
Зым гъэшlэгъонэу ышъхьац мэтlыргъо,
Ынэ дэхитlуи нагъошъы-нагъо.
Ухэхьагъ пшlошlы къэгъэгъэ хьасэ,
Псэзури пшlыхэ пшlоигъу нэlуасэ...
...Сабыймэ сяплъыма, гупшысэм сешта,
Мыщ дэжьым сэри къэлэмыр сэштэ.
Цlыфлъэпкъы фыжьи,
Цlыфлъэпкъы гъожьи
Цlыфлъэпкъы шlуцlи
Сабыи цlыкlоу
Къахэкlрэр зэкlэ
Зэфэдэ зэкlэх:

Япlэрэр ары — гъэгоу ащ ялэр,
Альэгъурэр ары — ящысэ шъхьаlэр.
Сабыи цlыкlур тыгъужъы щырымэ
Гъусэ афэпшlымэ,
Тыгъужъы шэнхэр
Ары къыштэщтхэр,
Ылъэ теуцоу ар иныхъумэ
Ащ фэдэм цlыфмэ зыщаухъумэ.
Сабыи цlыкlур цlыфыгъэ хэлъэу,
Укlытэ ини ынэгу нlэлъэу,
Хъу зышlоигъом, ышlэны фаеу
Щылэр бэ дэдэшъ къэлъытэгъуае,
Ар гущыlэжъми тэ къытаlуатэ,
Кlэлэцlыкlу пстэуми гу лъятэгъатэ:
Чыр зэрэцlынэу къауфэу хабзэ,
Фабзэ шэфыр афытэшъ нафэ,
Ыlныбыджыпэ пымэыжьыпэу
Бгъэсэнэу фэжь о сабыим апэу;
Нахьыжъэу щылэр сабыимкlэ гъунджэ,
Сабыи цlынlур сыдигъуи гупкlэ;
Ынитlу алъэгъурэр ыгу зэлъыхапкlэ,
Къыхэфэжьыщтых ахэр нэужкlэ;
Дэгъу ылъэгъумэ, ышъхьапэ мэхъу,
Дэи ылъэгъуми шэны ар фэхъу,
Зэрахьащт лlыгъэр — тэры зэпхыгъэр!
Сабыйхэм агу итпхъэрэ чылапхъэр
Ары егъашlэм афэхъущт шапхъэр.
Лэжьакlо пэпчъы ар зэхешlыкlы:
Цlыфы зылэжьырэм цlыф кlуачlэ хэкlыщъ,
Сабыеу илэр кlочlэрыпсэу
Хьунэу егъаса, ар зышъхьамысэу;
Ащ пай хьалыгъум гъэгоу къыкlугъи
Ищылэныгъэ ащ зэрепхыгъи,
Пшъхьэкlэ улэжьырэм хэлъы lэшlугъи
Дэгъоу регъашlэ ежьым илъфыгъэ.
Ау гъэпщылlанlоу джыри къэнагъэм —
Зигъогу шlункlэу зылъапсэ шъугъи
Ялъфыгъэ пэпчъэу пхэнджэу агъасэ,
Зэуи ащыхъурэп цlыфым ыуасэ:
Ичэщи мафи ясабый лъфыгъэ
Халъкьэ, хаубэ хъоршэрыгъи,
Цlыф гъэпыутэу бэу тхьагъэпцlыгъи
Зым ипкlэтlэпсыкlэ уззрэщылэщти...
Ау гъэпщылlакlом исабый пlункlэ
Енэгуягъо мыгъоу фэхъужьынкlэ.

❁

Сабыймэ сялъымэ, гупшысэм сэштэ,
Бэрэ къыхэкlы ахэм сафащтэу...
Ныр гъолъыжь пъэси зао мыхъунэу
Лъэшэу мэпъаlо чlыр мамырынэу...
Цlыф къызэрыкlор заом пэшlуекlо
Зэонlэгъэстмэ тиlоф атекlо.
Ау джыри щылэх зэонlэхъопсхэр
Ичэщи мафи ащ зыфигъэпсэу,
Ащ ахалъыжьэп цlыфыгъэ налъэ...
Ыгъэбэскъагъах дышъэ ахъщалъэм...
А нуп жэхъаджэм фызэшlорэкlи
Дунэе нэфыр ыгъэушlункlэу
Кlэрыкlэу Гитлер къыгъэхъужьыни
Джыри сабыйхэр машlом пидзэни...
Ау Освенцимы иджыхьанэм хьаку
Непэ нэс ныхэр тхьаусхакlо макlо,
Сабый щуакъэу ныкъосты хъугъи,
Сабый lэгъуапэу яжьэм хэкуагъи
Ныхэм агъае,
Ныхэм агъае.

Нэпсыр аухмэ
Агукlэ мэгъых.
— Япчъагъэ хэрэхъу шъуисабый
цlыкlумэ,
Еlошъы тыгъэр дахэу къытфепсы,
О мардж хъужьын, тисабый цlыкlумэ
Ацlэкlэ! — Тэlошъ шlум тыфэшэсы!
О мардж хъужьын, фашист ныбаджэмэ
Сабыеу хьакухэм ащагъэстыгъэмэ
Ацlэкlэ заом тыпэжъугъэуцуи —
Унэшъо пытэ тэжъугъэгъэуцу:
— Заом — фаехэр тэ тэумысы!
Заокlэгъэстхэр тэ тэгъэмысэ!
Ар къезыгъэжьэрэр лажьэм lукlэн!
Сабыймэ ацlэкlэ захэткъутэн!

●

Сабыимэ сэплъымэ, гупшысэм сештэ,
Ащ пэпчъы сэри къэлэмыр сэштэ.
Цlыфлъэпкъы фыжьи
Цlыфлъэпкъы гъожьи
Цlыфлъэпкъы шlуцlи
Сабыи цlыкlоу
Къахэкlрэм зэкlэ
lуфэрэр нафэ —
Фыжьэу щэбабэу
Тыгъэпс зыхэтэу
Ным ыбгъэ фабэ
Хьалэлэу къытрэр.
Исабый цlыкlу ныр тыгъэу тепсэу
Ичэщи мафи ыпашъхьэ исэу
Еплу, елэжьы,
Еплу, елэжьы;
Сабый цlыкlур макlэу пчэулумэ,



Апэу гу лъатэ, зэхахы нымэ,
Сабый сымаджэм ныр дэсымаджэ,
Исабый хъужьымэ, гушlоу ныр маджэ.
Сабыи цlыкlухэр тэ тиъэгъагъэу
Быны — унагъо пэпчъ игушlуагъох;
Нэнэжъ-тэтэжъхэм акокlы исхэу
Къафаlох пшыси, орэд гонэси,
Тинэрылъэгъоу заlэты инэу,
Жъынlэм тиуцоу тиlоф нынъуашlэ
Зызэпыдгъэукlэ лъызгъэкlотэщтыр —
Тэ тисабыйхэр арышъ, зэжъугъашlэ,
Орэхъух ахэр цlыфы бэгъашlэ.

●

Сабыйхэр джэгоу зэхэтхэу сэплъымэ
Сыгу къыздеlэу сапыкlырыплъымэ,
Хэгъэгуп хъущтхэр ахэсэлъагъо,
Бэу къахэкlыщт ащ лэжьэкlо шlагъуи,
Инженер lэзи, космонавт блэни,
Планеты чыжьэм апэу нэсыни;
Къахэкlыщт ахэм, сэ дэгъоу сэшlэ,
Сэнэхьатиблыр зыхэлъ lофышlи...
Сабыйхэм, шъулъэгъун, зыкъызаlэткlэ
Щыlанlэм фашlыщт жъогъэ бзыгъэкlэ,
Лъагъэкlотэщт ащ тыхэм ягъогуи.
Щытхъу къыфахьыщт ащ ежь яхагъэгуи.

●

Тэ тисабыймэ Ленин ыцэкlэ
Сыдигъуи тэплъы, тынэшlу ащэфэ,
Тэ тисабыйхэр Ильич ыцlэкlэ
Пытэу тетэщтэх тигъогу мафэ.
Тэ тисабыйхэр яхьатыр зыхъукlэ,
Зэрэхэгъэгоу къыпфашlэщт зэкlэ:

Тызадеlэжьышь ахэм ацlэнlэ
Бзу тэгъэтlысхьэ дэгъоу садынlэ,
Дворец нlэракlэр афэтэгъэпсы,
Унэ зэтетхэр къэтэгъэшэсы;
Сабыймэ сяплъымэ гушlуагъом сешто,
Сикъэлэмыпи къыздрегъашто.
Щыlэнlэ нэфым игъэтхэ шlагъо
Тэ тисабыйхэм ахэсэпъагъо.

## ОСЫР КЪЕСЫ

Осыр къесы,
Осыр къесы,
Сэ синlасэ
Сыкъыфэсы.

Осыр къесы,
Осыр къесы,
Сэ синlасэм
Сыдыщыси.

Осыр къесы,
Осыр къесы,
Сэ синlасэм
Сыфэуса...

Осыр къесы,
Осыр къесы,
Сэ синlасэр
Сигупшыси.

Осыр къесы,
Осыр къесы,
Ау сэ непэ
Сигъэтхапэ.

Осыр къесы,
Осыр къесы,
Сэ синIасэр
СIэ къынэсы...

## IОШЪХЬЭМАФ

Имылы пэIошхо мэшIэты,
Жъуагъомэ ахаплъэу зеIэты,
Ос фыжьыр сарыкъэу зэрехьэ,
Пщагъохэр ыбгъэгу щэгъуалъхьэ.
Ушъагъэу ипхъотэ шIыкIашIо
Мылъкубэ тэщ пае егъашIо.
Щебгъэжьэу Эльбрусы ылъапсэ
Ышъхьапэ унэсмэ гушIуагъо,
Iэхъогъухэр а Iуашъхьэм ычапэ
Отэрэу щагъэхъухэу къэлъагъо.
Гъогубэ бгырыпхэу къекIокIы,
ХьакIэ пчъэгъабэхэр къыIокIэ,
Быракъы плъыжьыбзэр ышъхьагъы
Быбатэу, гъэIагъэу щеIыгъы.

## А КЪАЛЭМ ГЪОГУХЭР ЕКIУХ

ЕкIух, екIух гъогухэр екIух,
Москва къалэм гъогухэр екIух.
Ащ игъогухэр зэпыгъахъуи
Псыхъоу щыIэм анахь кIахьэу
Анахь инэу къэплъэгъун,
Гъогоу екIурэр зэхэгъахъуи
Марси мази анэсын.
Москва къалэр — тигугъапIэ,
ТигушхуапIэ, тихъопсапIэ.
Ар шIоу щыIэм инъэкIуапIэу
Тынэу-тыпсэу тэгъэлъапIэ.
Бырактъ плъыжьэу Кремлэ шыгум
Итым огур къегъэшэплъы,
Москва къалэм гъогухэр екIух.
Тыгу къыIэтэу нэшIукIэ теплъы,
ЕкIух, екIух, гъогухэр екIух,
Москва къалэм гъогухэр екIух.
Зылъэгъурэм ыгъэшIагъоу,
ЗышIошIагъом ыIотэжьэу
Москва кIуачIэ тэ къытеты,
Ащ цIыфыгум зыщеIэты.
Орэд чэфхэр бзыу тэмэшIоу
Москва тыди егъэбыбы,
Пчэдыжь къэси цIыф гъэгушIоу



Радио макъэр ащ къыхедзэ,
Ижъгъыу чани чыжьэу зедзы.
Салам фабэр къытфегъахьы,
Ащ мы чIышхор къебыбахьы.
Хэгъэгу къапэу ялые къалэм
ЩыIэныгъэр къегъэбаи,
Къегъэзины, къегъэдахэ,
ЦIыфым фехьы гушIогъуабэ.
Москва къалэр — къэлэ мафэшъ
ЗэрэчIыгоу къегъэнэфы.
ЕкIух, екIух гъогухэр екIух,
Москва къалэм гъогухэр екIух,
А гъогухэр насып гъогух.
Адыгэ хэкум илъэныкъо
КъикIэу къакIо гъогу лъагъо...
Коммунизмэм екIурэ лъагъор
Москва къалэм къегъэлъагъо.

## ХЪОХЪУ

Зэгурыlожьэу
Зы къоджэ чыжьэ
Къушъхьэм ылъапэ
Щысэу мэпсэу...
Ащ зы гъэтхапэ
Купышlу сигъусэу
Имэфэкl шlагъо
Тырагъэблагъэ.
Лlыжъи кlэлакlи
Къэкlуагъэх хьакlэу...
Пщынэо lазэм
Зэкlэщы пщынэр
Жьыр къызэlибзэу
Къегъэбзэрабзэ...
Джэгур джэгушхошъ
Купыр мэгушхо,
Кlэлэ къэшъуакlом
Пчэгур еубыты,
— Мардж! — хьатыякlом
Къеlозэпыты...
Пшъашъэри хьарзэу
Къытелъэразэ...
Джэгур екlоты,
Къэшъокlэ lазэм
Пчэгур еубыты...
...Игъо къызэсым
Кулыщхоу щысым
Шхыныр къафахьы,
Пчэгум къырахьэ.
Анахьы инэу
Лъагэу зы lанэ
Зэрафэlэтэу
Пчэгур ыубытэу
Къыкъуагъэкlоты,
Псаоу мэлышъхьэ
Тэпъ инэу lанэм,
Апшъэкlэ щысы
Лlыжъым рапэсы.
Дыщысы пстэуми
Нэшlункlэ яплъышъ,
Анахьыжъ пэтми
Лlыжъыр къэтэджышъ,
Ыпэкlэ къоlсхэр
Къегъэчэрэзы,
Ибжъэ къеlэты,
Псальэм зырэты:
— Мары мэлышъхьэр,
Иль ар тапашъхьэ,
Гот ащ тхьакlумэ,
Шъутхьакlумэ чанэу,
Сакъэу шъубланэу
Шъо шъущытынэу
Сибжъэ сехъохъу,
Сибжъэ сехъохъу.
Бзэгури мары,
Шъосlощтыр ары:
Сыдигъуи шъыпкъэ

Шъужэ къыдэкIзу
ШъуцIыфы шъыпкъзу,
ШъуIорэми къикIзу
ШъуагъэлъэпIанэу,
Сибжъэ сэIэты,
Сибжъэ сэIэты.
Шъолъэгъуа нэхэр?
ИI хэти ахэр.
Шъо шъуинэплъэгъу
Зи имыкIынэу,
Чыжьэрыплъагъэм
КъыщымыкIанэу
Ошъо къатиблым
Шъущызэбгырыплъэу
Сибжъэ сэIэты,
Сибжъэ сэIэты.
ШъхьакуцIым шъуеплъи,
ЗэкIоу зэхэлъы,
Шъхьам илъ шъхьакуцIым
Рыпъэш бэу цIыфыр.
Шъуиакъыл тефэу
Хэгъэгу Iофыр
Шъо зежъугъэкIонэу
Шъо шъуатекIонэу.
Сэ есэIуалIэ,
Сэ есэIуалIэ.

●

А хъохъу шIагъор
Зызэхэсхыгъэр
Хьазыры шIагъэ.
Ау сщымыгъупшэу
А хъохъу Iуагъэр



Мэфакlы къэсы
Iанэм сыIусэу
Сыгу иъэкIыжьы,
КъэсэIотэжьы.

## ХЭБЗЭ ДАХЭУ ТЭ ТИIЭР ДЖАЩ ФЭД

Сыдигъокlи жъыгъэр тэгъэлъапl,
Ащ къытиlорэм тынчэу тедэlу,
Тыфэтэджышъ ичlыпlэ етэт,
Ащ цlыфыгъэ дызетхьэу тэлъыт.
Тибзылъфыгъэ шъхьакlафэ фэтэшl,
Ишlушlагъэ дунаим зэлъешl.
Тиорэд зэрэlэт,
Хэбзэ дахэу тэ тиlэр джащ фэд.
Хьакlэр къихьамэ тыфэнэгушlу,
Анахьышlур ащ тэ етэпэс:
Зэтэгъафэ ащ пае lэнэшlу —
Чэтылыбжьэм щыгъу-пlастэр игъус,
Сэнэпс lэшlур хьазырэу лъэхэт,
Ащ зыфаер бысымэу егъот.
Тиорэд зэрэlэт,
Хэбзэ дахэу тэ тиlэр джащ фэд.
Унэ шlыгъом шlыхьафым тэ тэкlо,
Зэрэчылэу ишlуагъэ нэгъакlу.
О уизакъомэ пкъэур онтэгъу,
Узэдеlэмэ къэlэтыгъошlу,
Узэгъусамэ lофыр чэфыгъу.
Зэдеlэжьыр тэ шэнэу тфэхъугъ,
Тиорэд зэрэlэт,
Хэбзэ дахэу тэ тиlэр джащ фэд.
Сабый уиlэмэ, ар бэу гохахъу,
Къызыфэхъурэм хьаблэр фэхъохъу:
— Гъэшlэ кlахьэу, насыпышlоу орэхъу,
Сабый цlыкlуми чъыг фагъэтlысхь.
Кушъэ лъапэм орэдыр щаус,
lофшlэныр икlасэу агъас.
Тиорэд зэрэlэт.
Хэбзэ дахэу тэ тиlэр джащ фэд.

## ТІУРЫТІУ УСЭХЭР

Чъыгыр щызгъаІэрэр ылъапс,
ІалъмэкъэР зэраІыгъырэр ыжъопс,

●

ЛэжьакІом нэцытхъу зэІатыі,
Хъупхъэм ихъупхъапІэ егъоты.

●

Ірэ шыгъэм укъегъэчэфы,
ЦІыфыр шІумэ угу къещэфы.

●

Къин зиІэм депІэтыныр цІыфыгъэ,
Къиныгъор пщаІэмэ — лІыгъэ.

●

Куо-хъаум зэрар къыпэкІы,
ЗэдеІэжьым Іофым хегъэкІы.

●

ГукІэгъушхо зыхэлъым гу лъатэ,
ШэнышІу зиІэм щытхъур фаІуатэ.

●

ШъхьэнэкІым дунаер пэхъыкІы,
МэшІо нэшъум Іугъошхо къыпэкІы.

●

ЦІыфыгъэ зыхэлъыр къырадзэ,
Бзэгухьэр цІыфымэ зыхадзы.



●

Ущысмэ насыпым ухэны,
Ушъхьахмэ аужы укъенэ.

●

ЦІыфы шъыпкъэм ылъэпнъ елъытэжьы,
ЦІыфы нынъор янэ дэхьащхыжьы.

●

ЗыштхьакІымэ сапэр птекІыжьы,
Тыркъоу птелъыр тыркъоу къэнэжьы.

●

Садым фэдэу цІыфыр алэжьы,
ЛэжьэкІошхом щытхъур къелэжьы.

●

Чъыгу пстэуми анахьышІур уичІыгу,
Ізгу пстэуми анахь дахэр уиІагу.

●

ЕшъуакІом ипсауныгъэ естыжьы,
ИахъщэкІэ згъэунэхъужьы.

●

Укъащтэмэ щынагъор къыптекІо,
Умыщтэмэ щынагъор зэкІакІо.

●

ТыгъуакІор рэхьатыджэу мэчъые,
Хьапсым чІэсэу пкІыхьэкІэ мэкІые.

●

ЛІыгъуабэр сабыйхэмкІэ нэшъу,
ШъузабэмкІэ сабыихэр шъоу.

●

Нысэ ябгэр игуащэ едыргъы,
Гощэ ябгэм инысэ егъэгъы.

●

Хьалэлмэ къыуатырэр Іэшіу,
Хьараммэ къыуатырэр нэшъу.

## ДУНЭЕ МЫЛЪКУМ ЫПЭУ КЪЭСЭШТЭ

ЦIыфыбэмэ сэ шIу сарэлъэгъуи
Iофэу сшIэрэр ашIорэдэгъуи,
Мы дунэе мылъкум ыпэу къэсэштэ,
Сщиэ къысхэхъуагъэ фэдэу сэлъытэ.

ЦIыфыбэмэ цыхьэ къысфарэшIи,
Зэпстэуми апшъэу ар сэшIы,
ГумэнI хэтым сишIуагъэ еранIи,
Ар сэлъытэ насыпыгъэу сэрыкIэ.

ГъусэшIукIэ сэ купым сарэшти,
Ар згъэразэу сэ десэрэгъашти,
Джащыгъум пкIэнчъэп сызыфыщыIэр,
Советскэ паспорт сэ зэрэсиIэр.



## КЪУАДЖЭМ ЩЫЗЭХЭСХЫГЪЭХЭР

Дахэ зытIокIэ ушъэфы,
КъыуаIомэ — гъэунэфы

●

ЦIыфыбэмэ аIорэр шъыпкъэ,
ПцIы дэхишъэ нахьи зы шъыпкъэ.

●

ШIу пшIэмэ шIу къыбдэхъужьы,
Е пшIэмэ уеутэкIыжьы.

●

Пхъэ зэщыхъом машIо къыпэкIы,
Псы кIалкIэмэ чы пакори къэкIы.

●

Май ощхищыр гъэбэжъу,
Щатэри ащ къегъэIужъу.

## СЫНАІЭ О ПТЕСЫДЗАГЪ

Сэ сыгу угу лъагъо фыриІэу
СынаІэ о птесыдзагъ.
Мурады дахэр о сэ пфысиІэу
Орэдыр пфызэхэслъхьагъ.
Псыхъор Іушъашъэу, пкІашъэр
къэсысыми

О пцІэ къысаІорэм фэд,
Зы мэфэ закъо усымылъэгъуми
СэрыкІэ ар зы илъэс.
Зи къысэмыІоми угу илъыр сэшІэ,
Сыд пае уушъэфын,
КъэпІощтым сежэ, сэ сшІуабэ дашІэ,
Сыгъэгушlу, сэ синэфын.
ШІу узэрэслъэгъоу ори сылъэгъури
УгушІоу ар пІотэжьын,
ТитІо псэогъу тызэфэгъэхъури
Насыпыр къытфэбыбын!



## ТЫГЪЭ

Инэбзымхэр хъырахъишъэу
Инэбзымхэр зэІушъашъэу
Пчэдыжь къэси къытфыкъокІы,
ТыгушІозэ тылэгъокІы.
Шъхьаныгъупчъэмэ нъарэплъы,
Типчъэ нэзымэ къадэплъы,
КІэлэцІыкІумэ япІэ фабэ
Шъэбэ-шъабэу къатеІабэ.
Нэсышъ тэтэжъ исыхьаты
ЫкІыІу тесэу зэпэшІэты,
Гъунджэ кІышъом къытельадэ,
Тэпым фэдэу къегъэлыды,
Лэджэн кІоцІым къиплъэу есы,
Нэгъунджэкум фэдэкъабзэу
Бзыу цІыкІумэ зэлъяубзэ,
Тижьы къуххэ зэрилъэкІэу
Нэбзый Іаплlыр къырещэкІы...
ЗэкІэм нэсышъ апчы кІышъом
Лъатэу, пкІатэу шІоу къыщэшъо.
Тыгъэ нэфым зигъэхъупхъэу
Инэбзыихэр чІыгум хепхъэ,
Хьасэ шІагъэм зыхеуІубэ,
Чылапхъэмэ зэлъябэу,
КъэкІрэ пстэуми зыфащэй

Псэушъхьэми зыпъащэй,
Мэзи уци затырекlэ, —
Къэгъагъэхэр къытфегъэклы.
Инэбзыихэр хъырахъишъэу,
Инэбзыихэр зэlушъашъэу
Тыгъэм чlышхор къызэлъеклу,
Мыли оси къегъэжъыу,
Мы дунаер зэлъежъыу:
Тыгъэр пстэуми тэ тфэлажьэ,
Пчэдыжь къэси ар къытажэ.

## ПШЪАШЪЭХЭР, ТЭ ШЪУКЪЫТАЖ

(Кlэлэ орэд)

Тидзэ лlыхъужъы тыхэтэу,
Пыимэ тэ тапэlутэу,
Мамырныгъэр тэухъумэ,
Хэгъэгур къэтэгъэгъунэ.
Пшъашъэхэр, тэ шъукъытаж,
Кlасэхэр, тэ шъукъытаж.
Шъугукlэ тэ шъутигъусэшъ,
Шlульэгъур зыкlи мыкlуаси,
Чэщыри псынкlэу lоклотышъ
Нэфыри нахь шlэхэу мэшъы.
Пшъашъэхэр, тэ шъукъытаж,
Кlасэхэр, тэ шъукъытаж.
Шъуинэпэлъэгъу тыкъыкlэхъопсы,
Пкlыхьынlэ тыкъышъулъэlэсы.
Сыдигъуи шъо тышъуигъусэм
Фэдэу шъущэрэхъух, тикласэх.
Пшъашъэхэр, тэ шъукъытаж,
Бжыхьэри зэдытипlалъ.
Шъуиписьмэ тхьапэ къытфэсмэ
Гушlуагъоу тилэм зеlэты,
Дзэклохэр купэу тыщысмэ
Шъуикъэбар дахэ тэlуатэ.

Пшъашъэхэр, тэ шъукъытпаплъ,
Гъатхэри зэдытипlалъ.
Кlалэхам тэ дэгъоу тэшlэ:
Пшъашъэхэм шъо шlуабэ машlэ,
Ау зиба шlагъэм имакlэ
Шlэжьынба тэ шъукъытпаплъ.
Аlорэм шъо шъупымылъ,
Бжыхьэри зэдитипlалъ.

## КIАЛЭХЭР, ШЪО ТЫШЪОЖЭЩТ

(Пшъашъэ орэд)

Къулыкъур чанэу зэшъухьанэу
Щэlагъи lыгъи шъухалъынэу
Тэ зэпшъэшъэгъухэм тышъуаджэ,
Джары зыфаер тикъуаджи.
Кlалэхэр шъо зыжъугъэбланэх,
Тигупсэр хэгъэгоу — тян.
Шъуиписьмэ къэсмэ тэгушlо,
Кlэрыlэу нlэтэджыкlыжьы.
Шъуикарты цlыкlухэр тагъашlо,
Тшlодахэу бэрэ тяплъыжьы.
(Тыгъуклэ бэрэ тяплъыжьы)
Кlалэхэр, тыкъышъожэщтых,
Тыгуми шъо шъуарылъыщт.

Гъэтхэ нъэгъагъэми фэдэу
Шlулъэгъум зыкъызэlуехы,
Шъощ пае тэ тиорэдэу
Къатlорэм шlуфэс къышъуехы.
Пшъашъэхэм зэдетэгъашт,
Кlалэхэр, шъо шъукъэмыщт.

Фаеми орэнlымафэ,
Фаеми орэгъэмафэ,

Тешӏэрэп зы сыхьатыпэ
Тшӏэ тшӏомыигъоу шъуигуапэ.
Псэлъыхъо мафэу шъутиӏ,
Кӏалэхэр, чэфэу шъущэӏ.
Пшъашъэхэм тиӏуагъэ пытэ,
Гъэ минми шъо тышъупэпкъэщтых.
Кӏалэхэр, шъугухэр жъугъэпсэфы.
Тышъожэщт шъукъэсыжьыфэ.

## СИ НАН

(Сэмэркъэу)

Сидэжкӏэгъу сэ бэшӏагъэу къэсыгъэшъ
Псэлъыхъуабэ тадэжь щызэблэкӏы,
Ау сэ сянэ бэщыщхор ыӏыгъэу
Губжыгъаеу ахэм апэгъокӏы.

— Дэкӏон пшъашъэ сиӏэп, — ащ ареӏошъ
Псэлъыхъохэр зэкӏэ зэбгырефы,
Сыдэу сшӏына джы дэдэм сэщаӏэ,
Ау зэ гъунэ фэхъун фай а Ӏофым.

Кӏэлэ псыгъуи кӏэлэ къуапцӏи зэкӏэ
Тянэ мыхъухэнхэу хегъэкӏы:
Зым ыпъахьо ыпъэшъоу еӏуатэ,
Адрэри, фэнэщашъоу еӏо.

Цӏэрэ шъхьэрэ зэкӏэми афешӏы:
Анахьышӏоу слъэгъугъэм ӏэ фешӏышъ
— Еплъэлъ модэ, фэд ар ачъэжь одым...
Сеплъы шъхьае сыгу ным егъэкӏоды.

Тхъоплъы закъоу псэлъыхъом ахэтыр
Ары еӏо махъулъэ мыхъухэщтыр.

Псэлъыхъомэ сыгу ащигъэнIынэу
Фай синанэ сэ сыкIэрысынэу.

Ау ньолай сэ ньэзгъотынэу сэIо:
Сэ зы кIалэ тетышъы сынаIэ,
Шъэфы-шъэфэу пIалъэ сэ естыни
АмышIахэу сыдэкIощт сикIыни.

## ПШЪЭШЪЭ ПАКЪ

Пшъэшъэ пакъэм, кIапэ, удехьыхы о,
Ащ фэдизэу сыд ащ хэплъэгъуагъ? —
Ар къысаIоу бэрэ зэхэсэхы сэ,
А къэбарым гур зэкIигъэнагъ.
Ей, сыгу агъапэ!
Ар зыIорэр мыдэ пшъэшъэ нитIумэ
АкIэрэлъи пакъэмэ къышIэщт.
Ащ къакIихырэ мэшIо тапы устхъомэ
Хэт ущыщми уэзлъаубытыщт,
Эх, ащ яплъакIэ!
Зэрэчылэу пшъашъэр ашIопакъэми
Сыгу пытэу илъышъ имыкIых,
Сыд фэдизрэ кIасэр къаубыгъэми,
Тэдэ кIомн нитIур тесымых.
Ей, шIу слъэгъугъ ар!
Iэе-дахэ кIэп шIу плъэгъущтымэ,
КIасэ зиIэм ар къыгурыIощт.
Зэрэчылэу сэ къысфамыдэщтыми
Пшъэшъэ пакъэр сэ сымыхъожьыщт,
Ей, ар зэжъугъашIэ!

## СИ АЮБ

Псэлъыхъо кІалэмэ, а си Аюба,
Гъогур къаубэри о,
Сыкъаплъэ къэсыми
Укъэмыпъагъуи
Сыд пае ащ уахэмыт?

Іофым уфежьэмэ, а си Аюба,
Апэ о уитыри о,
Ащ фэдэу сыд пае
Псэлъыхъо ІофыкІи
Умыпэрытыри о.

Гъатхэ къэгъагъэхэр, а си Аюба,
Пшъашъэмэ къызэІэпах.
ШІульэгъу дахэуи
ОрыкІэ сшІыгъэр
ХэтыкІи сымыхъожьын.

О узысльэгъукІэ, а си Аюба,
Гу цІыкІур ІэшІоу къытеу,
Мы дунэешхори
Сфимыкъужьыхэуи
СхашІыкІэу птэуми сычэф.

Сыпщэнэу оІомэ, а си Аюба,
ОрыкІэ сыхьазырыпс.
Сыгу укъырыдзэмэ
Сщигъэгъупшэнэуи
Псэлъыхъо чылэм дэмыс.

## СЫКЪЫЗЭХЭПШIЫКIЫРЭБА О

Уадэжьы сыкъежьамэ,
ОсIощтыр къэсэпчъи, дэхацIыкIу,
Уадэжьы сыкъэсымэ,
Сэ сыбзэ къеубытыри
Сыкъызэхэпшlыкlырэба о?!

Бэрэ сыкъыпфанIо о
Ащ сэ гу лъысэтэ, Дэхэнагъу,
СыкъэкIонэп сэIо шъхьае
Сыгу къысщэгусэри
Сыкъызэхэпшlыкlырэба о!?

ПIалъэр къысэптыщтымэ,
Бащэ темыгъашIи, Дэхэнагъу,
Ащ блэкIыжьмэ усимыIэу
СыщыIэн слъэкIыщтэпи
Сыкъызэхэпшlыкlырэба о!?



## ДЭХЭНАГЪО ИДЖЭУАП

Гум унашъо фэпшIыкIэ
ШIу ащ уилъэгъущтэп, ор зикIал,
ТымгъэгуIэу тыпэгъаплъи
Къэхъущтым теплъыныри
Сыкъызэхэпшlыкlырэба о!?

Бэрэ укъысфакIокIэ
Иягъэ къэкIощтэп, сигопэщт,
СанэIу о уитымэ
НахьышIу успэгъущтыри
Сыкъызэхэпшlыкlырэба о!?

Гум унашъо фэпшIыкIэ,
ШIу ащ уилъэгъущтэп, ор зикIал,
ТымгъэгуIэу тыпэгъаплъи
Къэхъущтым теплъыныри
Сыкъызэхэпшlыкlырэба о!?

## АНДРЫХЪОЕ ХЪУСЕН ИОРЭД

Андрыхъой Хъусеныр
Пыйхэм атеклуагъ.
Ихэгъагоу янэм
Пхъашэу фэзэуагъ.

Андрыхъой Хъусеным хэгъэгор иклэсэу,
Зэошхоу блэнlыгъэм лlыгъэ щызэрехь.
Хэгъэгум ишъаоу, народыр игупсэу
Ылпсэ емыблэжьэу пыим пэlугъуалъхъ.

Пыйхэр къызэжэхахьэм, къафызэклэклуагъэп,
«Зыкъэт!» къызыралом, арилуагъ «тихабзэп».
Ылпсэ хэтыфэ ащ пыир къымыгъаклу,
Ылгур къытеофэ къыфызэклэмыклу.

Ар зигъонэмысэу зэуапlэм щэфэх,
Иплыхьужь зеклуакlи щысэ тэ тетэх.
Лlыгъэу зэрихьагъэр ащымыгъупшэн,
Къэклощты лlэшlагъум ащ игугъу щашlын.

Андрыхъой Хъусеныр
Пыйхэм атеклуагъ.
Ихэгъэгоу янэм
Пхъашэу фэзэуагъ.



## КУШЪЭ ОРЭД

Чъые, чъые, синаныу кlас.
Чъый, чъый, сильфыгъэ дах,
Гъэтхэпэ мазэм укъысфыдэхъу,
Бгъэшхъуанэр унэу укъысфэтэджь.

А-и-й, а-и-й, насыпыр зихъой,
А-и-й, а-и-й, сишъаоу згъэхъый.
Совет жъуагъор о къыпшъхъащыт,
Къэгъэгъэ дахэу укъыдещай.

Лау, лау, зынэгур дэхащ,
Лау, лау, зыгу цlыклур чэф.
Тиорэды чэфы укъыклэдэlоу
Тхъагъо гъогушхом о утехьагъ.

А-и-й, а-и-й, зылапшъэри фыжь,
А-и-й, а-и-й, зынlышъори шъаб.
Уинэнэ клэсэм ыбгъашъо уклэль,
Лlыхъужъ ухъунэу орэд къыпфеlу.

1938.

## АПЭУ ШIУ ПЛЪЭГЪУРЭР

Апэу шIу плъэгъурэр гум щыщы мэхъу,
УнэIу зэрикIэу зэкIэм улъахъу.
ШIу сэ слъэгъугъэр нэпцэ зэхакIи
СанэIу кIэтэу ар къыздекIокIы.

Сэ сигупшысэ кIалэм ымышIи
Сыдэу гулъытэ зи ащ имыIи.
ШIульэгъуныгъэм хэхьэ зэпыта,
Таущтэу сыгу фильыр кIалэм есIощта.

Шъэфэу сэ сиIэм ышъхьэ къисхынти
ШъхьакIо имыIэу цIыфмэ аIони.
Зыщысэгъэгъупшэ, зыблэсэгъэхы,
Ауми ынитIу сэ сыдахьыхы.

Гупсэфыныгъэр сшIокIодыгъапи
Ауми сэгугъэ, сэ сэгугъапэ.
Нэпцэ зэхакIэр сщымыгъупшэни
ШIульэгъуныгъэм тызэфищэни.



## ЗЫ ГЪЭЖЪУАЦ

Зы гъэжъуацэ лIыжъ жэкIэфым
Гъогу напцэм къыщиштагъ,
Фэсакъыпэу Iэплъэкl фыжьым
А гъэжъуацэр кIоцIилъхьагъ.
КIалэу щытым ар зельагъум
ГъэшIэгъонэу къыщыхъугъ,
ЛIыжъым гу ащ къызылъетэм
Щхыпцlи кIалэм риIокIыгъ,
«Лэжьыгъацэм уемыбгъукIу,
Бгъэпыутыныр, ар емыкIу,
Лэжьыгъэ самэр цэ зырыз,
Цэхэр бэмэ, дзыом из,
Зы цэр пшIэмэ, шъхьэ къытыщт,
Шъхьэр улэжьмэ, пуд икъущт...»
Сэ а псальэм сегупшыс,
Сыдэу шъыпкъэ, ар мыпшыс!
КIэуугъуаемэ, уунэн,
КIэмыугъуаемэ, чIэунэн!

## ШОФЕРЫМ ИОРЭД

Ощхи оси къысэмылэу е, ей, ей,
КІуаджэу хъуми сыпымылъэу орэдэ,
Симашинэ гъогум тети е, ей, ей,
ПкІэнчъэу зыкІи сыщымыти орэдэ.

Силэнатlэ сэугушІужьы,
Сышоферышъ сеужьыри, ей.

Шофер Іофым сыфэІази ей, ей, ей,
Хэт зэсщэми къысфэрази орэдэ,
Сэ сикІасэм сылъэІэсы ей, ей, ей,
Тэди псынкІэу сэ сынэси орэдэ.

СиІэнатІэ сэугушІужьы,
Сышоферышъ сеужьыры ей.

Гъогу Іаджи зэпысэчы ей, ей, ей,
Гъогу уани бэу къыхэкІы орэдэ,
Ауми сэчъэ, сэчъэ, ей, ей, ей,
Симотор мэІупчъапчъэ орэдэ,

СиІэнатІэ сэугушІужьы,
Сышоферышъ сеужьыры ей,



Чэщи мафи сыкъэкІокІы ей, ей, ей,
Симашинэ къесэфэкІы орэдэ,
Семызэщэу сыкъегугъу ей, ей, ей,
ПсэолъэшІушъ сыфэсакъы ори орэдэ.

СиІэнатІэ сэугушІужьы,
Сышоферышъ сеужьыры ей.

## БЖЬЭ

Уц къэгъагъэм кlэт псы lэшlур
Къыкlищыгъэу тибжьэ цlыкlур
Хьын ыlыгъэу къэбыбыжьы,
Ишъоу гъуаткlуи къытфехьыжьы.
Жьыбгъэр зэкlэм ыпэ къэкlы,
Бзыуми псынкlэу къаlэпэкlы,
Къин lаджи ащ ещыlэ,
Шlуагъэ къытэу дэгъоу щэlэ.
Бэу бжьэ цlыкlум ил lофыбэ,
Шъоур шаком къырeубэ.
Матэр нэкlэу фыщысыщтэп,
Бжьаlор шъоум щигъэнlэщтэп.
Шъоу lэшlур тащ фэшl ешlы,
Дэгъу дэдэу иlоф ешlэ.



## ТЫДЭ УЩЫIЭМИ УКЪЭЗГЪОТЫЩТ

Сызыкlэхьопсэу сызыфэягъэр
Цlыфыбэм уакъыхэсхыгъ о,
Гу къысльымытэзэ, сэ узблэкlыгъи
Тэ ухъужьыгъэри о.

Чэщнысьо ужым сэ сыкъэущыми
Сапашъхьэ уитэу къысшlошlы,
Псэлъыхьо къаклорэм о уахэмытми
Сыгу шlу-пфильыри о.

Пчыхьашъхьэ жъуагъом зыкъегъэлъагъо,
Сымылъэгъухэрэр оры,
Къэгъагъэм тыгъэпсыр зэрищыкlагъэу
Усищыкlагъэри о.

Семызэщыхэу зыфэсэплъахьы,
Сэрыкlэ мафэри кlыхьы...
Тыдэ сыщыlэми сыгу о къыплъэхъу,
Ар сыгу къысеlори о.

## ЗЭФЭУСЭ СЭМЭРКЪЭУ

Цӏыфыхэр мары къытажэ,
Тиусыгъэ тэ къетэгъажьэ.
Дэимэ тыкъадэхьащхы,
Дэгъухэр тэ къэтэгъэщхы.

К ӏ а л э р:

Сабыеу зыогъэгусэ,
Унгъусэ укӏоцӏэдыкэ,
Ощ фэдэм сылъымыхъуха,
Сизыджагъор о уипсэлъыхъуа.

П ш ъ а ш ъ э р:

Ущысэу укъэшъхьаунъо,
Укӏозэ укъэпэпао,
Зыкӏэмыӏэжьыр нъыуаӏо,
Сизыджагъор уиунэ къехьэ.

К ӏ а л э р:

Щэджагъор о уипчэдыжьи
Губжыгъэу укъэтэджыжьы,
Умыдаӏоу ужэмыӏана,
Сыдэущтмэ шӏу услъэгъуна.

П ш ъ а ш ъ э р:

Уищырыкъу сэпэ зэпытэу
Уибгырыпх нынъогъэпытэу,
Ужакӏэ мэзэу огъэкӏы,
Зымыупсэу укъысфыкъокӏы.

К ӏ а л э р:

Шхэгъум ӏашъхьэр пыогъу,
Шӏэгъум огъумы-тӏымы,
Пхъэчаем фэдэу упсыгъуа —
Сизыджагъор гъусэ къыпфэхъуа.

П ш ъ а ш ъ э р:

Псы фыжьым укъигъэчэфмэ,
Гъакъ-шъуау къысфеогъаӏо,
Уиджанэ инъолэныгъэ
Ӏэхъогъоу блэкӏырэр къегъащтэ.

К ӏ а л э р:

Тхылъыбэр блыгукӏэ зеохьэ,
Уемыджахэу афэохьыжьы.
Зымытхъакӏэу пӏупшӏэ огъалэ,
Кӏалэхэр къэогъэделэ.

П ш ъ а ш ъ э р:

Газетым уафыкӏэмытхэу,
Зы тхылъи къызэгомыхэу
Хьакӏапӏэ о зеогъахьы,
Уигъэпсыкӏэ сыгу римыхьи.

Т ӏ у м и к ъ а ӏ о:

Тиусыгъэ тэ тыухыгъэ,
Къэтӏуагъэр шъо зэхэшъухыгъэ.
Фэдэхэр тхэрэмытыжьа,
Ащ фэди терэмыӏэжьа.

## ІЭХЪО КІАЛЭМ ИОРЭД

ХъупІэ ин зэикІым уцыр хъоеу ит,
Сичэмы Іэхъогъуи, ащ къыхэсагъэт,
СиІэхъо орэдыр бзыоу сэгъэбыб,
КІасэм ыцІэ хэлъышь сыгур къэгъэфаб.

Тыгъэм инэбзыйхэр дышъэпсэу рекІут,
Синъэщэн чэмыщэу фермэм къыздыІут.
Псыри Іэрыфэгъуишъ, чэмхэр сэгъэшъокІ,
Къысэнэкъокъуштыр мыдэ къыкъорэкІ.

Тыгъэм икъохьагъум хъупІэр зэсэнэкІ,
Фермэм сыкъэсыжьмэ, кІасэр къыспэгъокІ.
Уцы цІынэ Іэшlур шхылъакІэм регъэкІу,
ЫнитІу яплъакІэ лъэшэу сыгур яІу.

Чэмымэ яшІугъошъ гъэщыр зэрафахь,
ШкІэ цІынІоу акІэсхэм джэгузэ къачъахь,
Іэхъогъум къыхахъо, щытхъур сэ сфаІуат,
Іофэу сызыІутым насып хэсагъуат.



## ХЬАЧЫКЫРЭ ХЬАПАПЭРЭ ЯОРЭД

Хьачыкырэ Хьапапэрэ
Іулъхьэр зэфагощ.
Ау шІуйлъэгъуныгъэри
Ащ афэмыгощ.

Ай-ай-ай,
Мыпсэу-мылажь,
Улэжьыгъэ тІэкІу гущэр
Итэогъэшъуж.

Псэлъыхъуакlэ сэбгъашІэзэ
Уапэ сишъыжьыгъ.
Сэ о сыпфэлІыкІозэ
ШІу сыкъалъэгъугъ.

Ай-ай-ай,
Мыпсэу-мылажь
Улэжьыгъэ тІэкІу гущэр
Итэогъэшъуж.

Уэфэлlэгъэ пшъашъэм сэ
Пагэу сэбгъукІон

Ащ нэнIэ семыплъымэ
Нэпсыр ыгъэкIон.

Ай-ай-ай,
Мыпсэу-мылажь,
Улэжьыгъэ тIэкIу гущэр
Итэогъэшъужь.

## ТЫЗЫБЫНЫШХУ

Гъэтхапэ псыхъуи, е-ей,
ТкIуачIэ къыхахъори, е-ей,
Тэ тинасыпи хышхоми фэди
ТишIугъо шъыпкъи тэ!

Тэ тыкIэлакIэшъы, е-ей,
Анахь тычэфыри, ей-ей,
Тиорэд чани чыжьэу мэбыбы
Тызыбыныйшхуи тэ!

Родинэу тянэми, е-ей,
Ицахь къыттелъыри, е-ей,
ТепIушь телэжьы, гъэсагъэу тешIы
Сыдэу хъярышхуа джар!

Партиеу тянэми, е-ей,
ЛIыгъэр къытхелъхьэри, е-ей,
Тэмэ кIочIэшхор тиIэу ышIыгъи
Чыжьэу тэбыби тэ!

## ПЩЫНАО

Тэ тикъуаджэ зы пщынао дэс,
Ащ кщытхъуи чыжьэшIоуи нэс.
ЫIалэхэр пщынэм щегъэджэгу,
ЗызэкIищкIи къегъэгущыIап, —
ШэрэлIыкъо бэу пщынэо Iаз,
Иорэдми тыгухэр агъэраз.
Губгъом манIошъ пщынэ ащ къыщео,
Зыэгъэпсэфэу щысхэр егъэчэф.
Ащ дежъыуза орэдыр къыдаIо.
А орэдыр чыжьэу захэох:
Мамырныгъэр зэкъытэгъэпытэ
Неущырэм тэ тицыхьэ телъ!
Лъагэу, лъагэу тифрэд зеIэты, —
ШэрэлIыкъо бэу пщынэо Iаз,
Иорэдмэ тыгухэр къагъэраз.



## ЦIЫФЫКIЭ

Урам ныбжьыкIэр къыгъэкIэракIэу
УнэкIэ пчъагъэхэр зэлъыдгъэпсыгъ,
Зы унэр адрэм нахьи шъхьарыкIэу
Унэ зэтетыхэр игъэкIотыгъ.
Пстэуми зы унэ дахэу къахэщы,
Чъыгы бырабэхэр ащ къыIукIагъ,
Ишъхьаныгъупчъэмэ тыгъэр къарэщы,
Жъы дэдэу зыгорэ мыщ щыпхъэнкIагъ.
Машинэ пчъагъэ унэм къечъалIэ, —
ЦIыфы нэгушIохэр мыщ къыращалIэ, —
Сыдигъуи Iухыгъ роддомэм ипчъэ...
Шъхьадж къыфэхъугъэм гуаIэу кIэупчIэ:
КIала е пшъашъа? Джар зэрегъашIэ.
КIалэмэ дэгъу! Пшъашъэмэ — хьяр!
Тымэ къэгъагъэхэр нымэ араты,
Нымэ сабыйхэр тымэ къараты,
Бэу а сыхьатыри — сыхьаты маф,
Ащмыгъупшэжьыхзу агу илъыщт,
Бэрэ а хъэбарым игугъу ашIыщт:
ЦIыфы къыпфэхъуныр ар—насыпыгъ,
Къызыфэхъугъэм насыпыр кIыгъу.

## ЗЭФЭУСЭ

Пшъашъэр

Зыкlи ыпэ римыгъэхьоу...
Тэ тихьабла кlала хэс,
Бригадирэр зылъегъэхъу,
Нэхъоинчъэу къегъум къос.

Кlалэр

Тэ зыпшъашъэ тигъунэгъуашъ,
Чэщи мафи гъунджэм lут.
lофышlэгъум мэсымаджэ,
Шхэгъу зыхъукlэ, апэ ит.

Пшъашъэр

lугъор инэу ыгъэутысэу
Зы псэлъыхъо къысфэкlуагъ
Гъэкъ регъаlо, зыщэтхъужьы,
Трудодени къымгъэхъагъ.

Кlалэр

Итеплъэкlэ дахэ фэдэу
Пшъэшъэ хъакlэ къытфэкlуагъ,
Шэкlы рати джанэ зедым
lэгъопитlур ээгуидагъ.



Пшъашъэр

Ешъорхьакъум хэмыкlыхэу
Гъэ мэзихыр ыгъэкlуагъ.
Зы лэжьыгъи lумыкlэжьэу,
Пкlаум фэдэу ар къэнагъ.

Кlалэр

Къетэкъохэу пудрэр нэгум
Сэ зы пшъашъэ синэlуас,
lофышlэгъум lэсэмэгоу
Гущыlэнкlэ ар маис.

Пшъашъэр

Докладыбэ къышlэу еlо,
Зы гущыlэр минрэ кьеlо:
— Надо так-кlэ къырегъажьэ,
— Значит вот-кlэ еухыжь

Кlалэмрэ пшъашъэмрэ
къызэдаlо

Цlыфы мыдаlуи арымэуи,
Тищыlакlэ ньамыкlух.
Зы нэбгыри армэоу
Тилъэхъанэ терэмыlах.
Щыlэкlэшlум тэ дедгъаштэу,
Кlали пшъашъи lофы тшlэн.
Хэгъэгушхор тэ дгъэразэу,
Гъэхъэгъэшlухэр зэлъытшlын.

# Сатирэмрэ сэмэркъэумрэ

## ДЭХЭНАГЪО КЪЕХЪУЛIАГЪЭР

Тигъунэгъумэ я Дэхэнагъо
Телъыгъ шъхьацы кIыхьэ шIагъо,
Непэ нэс ащ игугъу ашIыжьы,
Икъэбари бэрэ къаIотэжьы:
Дэхэнагъо ынэкIэпэ тIыргъо
Тыгъэпс дышъэм зэлъигъэпкIыгъэу
Тиурам къызыщылъагъокIэ,
Еплъыщтыгъэх афэмылъэгъукIэу.
БгырыпхыпIэм блэкIэу, ылъэкIапIэ
Нэсыщтыгъэ ащ ышъхьацы благъэ,
Iэдыим фэдэу, имытэу зы чIыпIэ
Дэхэнагъо ар зэрихьащтыгъэ.
Джэгум кIоми, тэ щыIэми рензу
Ышъхьацы зи емыIолIэнзу
Гур ыгъатхъэу ар лъэгъулхъагъэ,
Ащ фэшIи усэр зэхалъхьагъэ.
...Ау зы мафэ мо ти Дэхэнагъо
ЕшхъоушIагъ ежь ышъхьацы благъэ:
Мыусэжьэу ыкIи мыгупшысэу
Пегъэпъэты шъхьапхэтыкум нэсэу.
Еплъырэмэ пшъашъэр амышIэжьи,
Псэлъыхъомэ сэлам рамыхыжьи...
— Десэгъаштэ непэ щыIэ модэм! —
ЫIозэ ышъхьац егъэкIоды.

Ёлыпэ мафэм ащ ышъхьацы кlакlо
Уцы шlуцlэр зэфэдэу къыхекlэ,
Кукумяум фэдэу ар къыдэкlы,
Блэкlырэмэ агуи зыщегъэкlы.
Кино ужым ядэжьы къэкlожьы,
Икlэрыкlэу ышъхьац егъэлэжьы,
Гъубджы мафэм гъожьыбзэу альэгъу,
Тхьаумафэм шхъонтlабзэу къальэгъо,
— Хэты щыща мэ пшъашъэр? — кlэупчlэх.
Ышъхьац пlуанlэ бадзэхэр къыхапкlэ.
— Джы фыжьыбзэу сшlыщт! — еlошь
шъхьацышьор

Зэфэдэкlэ уцышъом регъашъо.
Нэрэ-Iэрэ къагу ар утхъугъэ,
Ныо шъхьацым фэдэу фыжьы хъугъэ,
Пшъэшъэ ньюр аlошь чыпэр еджэ,
Иделагъэ ышlыгъ нэджэ-Iуджэ...
Зы тхьамафэ зытешlэ нэужы
Илажьэкlэ къэнагъ укъэижьэу,
Ежь ышъхьэ рихыжьыгъ игъуаджэ,
Имысагъэ ехъулlагъ ар шъуаджэ.
— Хэт ипшъашъэ мэ къуищхэр? — аlошъ
Зэ дэхагъэм джы Iэпэ къыфашlы,
Зыщыщхэми ерагъэу ашlэжьы,

## ГЪОТЫРЫШХ

Гъотырышхэр хэчафыкlы,
Ахъщэ чlыфэр регъэкlокlы, —
Еухыфэ шхапlэм чlэсы,
Фыжьым тесышъ зэкlэсысы,
Нитlоу иlэр зэтебалэ,
Лъэубэкъу пэпчъы зэхэбаджэ...
Зыхэнlыжькlэ, зыкъешlэжьы,
Игъогужъи ар техьажьы,
Ищхурыкlэ къеублэжьы...
Ар зыфаер чlыфэ-хьафы,
Ахъщэ зиlэм ыуж ефы.
Псынкlэу ыдэжь зырегъахьы,
Мыукlытэу ащ жэхахьэ:
— Неущ нэсы е мэфищкlэ
Сыпщэгугъ тlокlищыкlэ,
Остыжьыщтышъ ащ Iо хэльэп,
А пlалъэми нэзгъэсыщтэп...
Зыдэжь кlуагъэр егъэунlытэ,
Ахъщэ чlыфэр къыфальытэ.
— Ари дэгъу, къэтэхь-къэтэщх!
Зыфеlожьы гъотырышхы.
Ар решъуфэ нэмыкl лъэхъу
Имуради ащ къыдэхъу.
Чlыфэ еlошь шъэ къаlехы,

Лъатемытэу егъэбзэхы.
Пlальэр къэсмэ зегъэбылъы,
Фэкъулаеу зегъэчъэхъу,
Ахъщэ шхыныр шаны фэхъу,
Рагъэзыпэу шlуамыгъэкlмэ,
Уеттыщт судым къырalокlмэ,
Зым къыlехышъ зым ретыжьы,
Пцlыгъушъэкlэ ашlухакlыжьы.

●

Гъотырышхэу нэпэтех,
О бэджашъор къызытех!
Икъун, хъугъэ, зыкъэшlажь,
Цlыфмэ цlыфкlэ зягъэштэжь.

## ЗЫ ТХЬЭМАТЭ ИКЪЭБАР

Цахьышlэгъудкэхэр ащ ипыщэгъу,
Анты нэпцlыкlэ мылъкум етыгъу,
Ыбгъэ регъэпшы, ыпэ еlэты.
Машинэм зэрисэу унашъохэр еты.
Непэ земышъокlэ ышъхьэ мэузы.
Езымыгъэашъорэм бгъунджэу фычlэплъы.
Устави, тхылъи зи ащ шlоlофэп,
Илъэсищ мэхъушъ ахэм яджэжьрэп,
Колхозыр зыпlокlэ аужы къенэ,
Игугъу зыфэпшlыкlэ лъэшэу мэхъуанэ.
Ау легковойхэр ащ къызэблехъу,
Цlыфымэ alo: «Ащ ышъо мэхъу!»

## ЕМЫГУГЪУ ЗЫЩЫГУГЪЫРЭР

Емыгугъу ыцIэу,
Загъори яцIацIэу
Тихьаблэ зы лIы хэс,
Чэщи мафи Iанэм Iус.
— Зэ а коммунизмэр
Агъэпсымэ, — еIо, —
Язгъэлъэгъущт сэ
Ешхэ-ешъо шIыкIэ.
— Ар сыдэущтэу пшIыщт о,
Емыгугъу, зэ къаIолъ!
— Непэрэ зы мафэм
Зыпари сымышIэу,
НахъыщIур зэзгъашIэу
СыIусыщт сэ Iанэм,
Пчэдыжьыпэм чэтэу,
Щэджагъом тхьачэтэу,
Пчыхьэшъхьапэм джэды
Мэлылыр гъэжъагъэу,
Пынджыри гъэжьуагъэу
Ащ кьыголъыжьыщт.
Хьалыжъо-щэламэхэр
Шъон зэфэшъхьафхэр
Ащи акIыгъущт,
Къужъи, мыIэрыси,





Сэнэпсы хафи
Iанэм къытехьащт,
Къундысыу щалъэри
Мычыжьэу щытыщт.
Сэ джэмышхы ини
Згъэхьазырыгъахэ,
СистойыкIэ пIоныщь
Пщынэу зэкIэсэщы —
Унэр зэлъеубыты,
Цу псао еIэты.
— Ахэр тэ къикIыщта?
Уашъом къефэхыщта?
— Арэп зи о пшIэрэба?
Автоматмэ зэкIэ
Къагъэхьазырыщтба?

О

О лIэу, Емыгугъур,
О узыщыгугъырэм
ХэтнIи зи къикIыщтэп,
Мыпсэу-мылажьэр
ПкIэнчъэу тэ дгъэшхэщтэп.

## ПШЪЭШЪИТIУ

Пшъэшъитlу зэгъусэу гъогум техьагъэх,
Ахэр зыпаклэ клонэу ежьагъэх.
Зы пшъашъэм ыпэ уашъом декъые,
«Сыдах сэ!» — еlошъ ар ащ рэкъэи.
Нэгу укъэигъэм пудрэр пэтэнъу,
Нэпцэ клэчыгъэр шlуцlэу мэшlэты,
Нэгур цlэлагъэшъ уцым зэлъесты,
Ышъхьацы клахьи ыгъэклэкуагъэу
Шэфы гъожьыбзэу залъыгъэлагъэу
Кlо ямышlыклэу зэлъыгъэпсыгъэ,
Плэпэны хъумэ ныехъапэу шlыгъэ.
Игъусэ пшъашъэр — ар къызэрыклоу,
Къэгъал-гъэлэжьыр шэнэу имылэу
Iасэу, шlыклашlоу, шъабэу мэзеклo,
Ащ игъэпсыклэ эзнlэм гур еlу.
Iупшlэр ыгъалэу ныбжьи плъэгъущтэп,
Зы пудрэ лъэпкъи зынигъэсыщтэп.
Дэнагъо шъхьацыр лъэгуандиэм къэсы,
Нэпцэ щэбэитlур дахэу мэсысы.
Уцым ригъалэу фыригъэстыщтэп.
Зэрэщымытэу зигъэлъэгъощтэп.
Ар ипшъэшъэгъумэ къахэлыдыкlы,
Клэлабэ пшъашъэм къыфызэплъэкlы.
Пшъэшъитlу зэгъусэу гъогум техьагъэх,
Ахэр зыпаклэ клонэу ежьагъэх.
Ошъогур зэклэм, пщэм аубыты,
Пшъэшъитlур ощхым зэлъыхеубытэ.
Ащыгъыр зэклэ ощхым егъэшъу,
Яджанэ цlыклухэр япклыгъ аклышъо.
Апэрэ пшъашъэр къэшlэжьыгъуае,
Ащ къехъулlагъэр къэlотагъуае:
Уцыпсыр ынэгу къызэлъечъэхы,
Къопэн-сэлэнышъ угучlэ рехы.
Напцэм телъыгъэр ощхым егъэткlу,
Жэпкъым шlуцlабзэу ткlопсыр къыпэткlу...
Къэлъэгъогъапэшъ ащ иlэягъэ,
Зэклэм клодыгъэ ащ идэхагъэ.
Адырэ пшъашъэр, а къызэрыклом
Къещхыгъэ ощхыр къызэренlугъэр!
Ощхыпсы шъабэм ылъэсахыгъэу
Нахь клахьы хъугъэ шъхьацы тlупщыгъэр,
Сэнашъхьэм ткlопсхэр зэрэщысэу
Пшъэшъэ жэгъуфым ткlопсхэр щэсысы.
Гъунджэ цlыклу фэдэу ащ укъарэщы,
Ыдэбжьыкъуитlуи дахэу загъэщы...
Нэпцэ шlуцlитlумэ нитlоу ачlэгъыр
Зэплъырэ клалэм къенlу шlулъэгъур,
Пшъэшъитlу зэгъусэу гъогум техьагъэх,
Ахэр зыпаклэ клонэу ежьагъэх...
Нэужым къэбар сэ зэхэсхыгъэ:
Апэрэ пшъашъэр амщэжьэу жьыгъэ,
Мыдырэ пшъашъэр унагъоу хъугъэ.

## ВРАЧ ПШЪАШЪЭР

Тэ тикъуаджэ щыврачынэу
Пшъашъэ дахэ къагъэкlуагъ,
Зы нэппъэгъум шlу слъэгъуныр,
Шъыпкъэ дэдэу хэт ышlагъ!?
Нэфы мышъэу сыкъыфэсы,
Сэ еслощтым сыкъеусэ:
— Сплlэlу лъэшэу сегъэгуlэ!
(Iэ шъабэкlэ ащ къытеlэ).
— Зи уилажьэп! — джар къысеlо,
Ыни лъэшэу къегъэlае...
Ау етlани ыдэжь сэкlо,
Кабинетым зисэщае.
Сшъхьэ узыгъэу есэlуатэ,
Къытеlабэ сэ сынатlэ.
(Сэ мыщ дэжьым сыхъугъ плъыжьы)
Врачы пшъашъэр къысфэгубжы,
Чылэр щытэу сеумысы:
— Шъхьэ уз уилэп, пцlы оусы,
Хьаолыеу укъысфакlо,
О уиягъэ къэогъакlо.
Сыдэу сшlына спъэкъуитlу сахьы.
Слъэгъун фалlэшъ зысэплъахьы.
— Сыда джыри къыпщышlыгъэр?
Бэ шlагъэпи сызоплъыгъэр?



— Нахьи дэеу сиуз хъугъэ...
Ау хъужьынкlэ сэ сэгугъэ.
— Къаlопъ мыдэ уилэжьапэр?
— Къысхэуапэ мы цэгапэр...
Нитlоу иlэр къысегъэплъа!
— Зытlэкl! — еlошь къыстехъупкlэ,
Сегъэхьапщэ, сынъегъапчэ,
Къысиlощтым сыкъыпаплъэ:
— Уипсауныгъэкlэ, сиблагъэ,
Цум уфэд, ар дэгъоу сшlагъэ...
Ышъхьашыгу сэ къисэрэхи,
(Фаеми пстэуми зэхарэхы),
Есэрэlу шъуlуа сэ узыгъэр
«Узы лъэшэу» — шlульэгъуныгъэр.
Ау уврачмэ, нафэ хэткlи
Пшlэны фае шъафы lаджи.
Лажьэу силэр зэримышlагъэр!
Пкlэнчъэ сэlо зыфэджагъэр!

## ЗИ АЩ ФЕДЭ КЪЫСФИХЬЫГЪЭП

Зы Iоф сишIыгъ джэфэу,
(Ар сэ сшIоигъу шъуушъэфы).
Сигукъао сэ къысхэщы,
Ар шъо непэ жъудэсэгощы.
Шъэогъухэр къыздечъэкIы,
Зэпымыоу къысэупчIы:
— Тепльы шъхьае уикъэщыны
Фэдэ чылэм къыдэкIыгъэп:
Тхьаркъо Iасэу гъэлъэгъоны,
Идэхагъэ зи кIэхьащтэп...
Ау щыт пэтэ щыгъоу откIу!
Хьугъэр къаIо, тыольэIу...
Ащ яупчIэ сешIы гуапэ,
КъерэдэIух сиджэуапы:
Къоджэ псыхъом идэхапIэ
Пшъашъэр псыхьэ къыдэлъадэу,
Сэри бэрэ ар зикIуапIэу
Ащ сыIукIэ сшIоигъо дэдэу
Къэрэгъулэу сыщытыгъ...
Ау тикъуаджэ псыр къыдащи,
Унэ пэпчъы трубэр ращи,
Псыр затIупщым щыублагъэу
«ГукIодыгъор» къынэсыгъ.
ПсыIум сэкIошь ар зэгъокIы,
Iэгъо-блэгъур исэкIукIы.
Унэ кIоцIым краныр итэу
Псэу зыфаер ащ лъэхэтэу
Хэта псыхьэ пфэнIожьыщтыр?
ПкIэнчъэу хэта къин зыхъущтыр?!
Хэль а Iофым сэ силажьи!
Сыды пае зысымIажэу,
А трубыжъэр зэпызгъажьэу,
Тыгъэм сшъхьэкуцI езгъэгъажъоу,
ЗызгъэIазэу сыпылъыгъа,
Псыр къэщэным есщэлIагъа?!
Сифэшъуаш сэ къысщышIыгъэр!

## СИ НАНЫУ

Илъэс зы-тIоу ар еджагъ
Джы ащ еIо: «Сыгъэсагъ!»
Шъхьацыр кIыхьэу къыдежьый,
ЛъэпэпцIыеу зегъэтIый,
БгъатIэу шIыгъэу ар къытехь,
БуфетымкIи зырегъахь.
ЫпакIэхэр нынъоупс,
Дышъацэри къыIуегъэпс.
Сади губгъи афэмыкIу,
Фермэ Iофи ащ ыъемыкIу.
— Наныу, губгъом ээ къыдэнI! —
КIапи лIыжъи къыраIонI.
Ар Наныум имыгуап.
Аретыжьы ащ джэуап;
— Зэрэсиъэкlэу сэ седжагъ,
IэнэтIэшхо сищыкIагъ...
Е-о-оир, си Наныу,
ЦIыфынынъор, си Наныу.

## АЩИ СЫЩIЫФ ЕIО

— Сыд джы уищыIакIэ,
Сыдэу Iофхэр щыт? —
Джаущтэу зы кIэлакIэ
СеупчIышъ сыщыт.
— СищыIакIэ хъущт,
ДжырэкIэ уезэгъыщт, —
КъеIо ащ зышIопIэу,
Ежьым гугъу емылIэу,
СиI сэ костюмакIэ,
Марышъ олъэгъу.
СицуакъэкIэракIэ,
Сиджанэшъы дагъу.
Уахътэр шIоу сэгъакIо,
Ешха-ешъом сэнIо,
ИщыкIагъэ хъумэ,
Аркъыр афимыкъумэ,
Сыдигъуи сихабзэшъ,
ДжыбачIэм сеIаба.
— Адэ а зэпстэури,
КIалэ, тыдэ къипхрэ
Сеппъышъ, сэгъэшIагъо,
КъакIорэп уишIуагъэ,
Укъэмыхъу рапшIэу
Уесагъ Iоф умышIэу...

— Сяна шІоу мэлажьэ,
Бэу къысфэшІу сэ сятэ,
Бэрэ ар къысатэ...
Ащи «сыщыІ» еІо,
Ащи «сыцІыф» еІо.

## ЩЫГЪЭЛІАГЪ

Зы гъунэгъу сэ сиІи
Сэдэжь къакІо къэси,
А зыр къыхегъэпсы:
— Арэп, зыбгъэпсэфба?
Урагъэзыгъапа?
Сыдэу уемэзэщыжьа?!
Сыдэу умыпшъыжьа?!
Іофыр пІэкІэкІыщтэп,
ЦІыф ар ыухыгъэп.
КъедэІоль е пшъхьэкІэ:
Сшхыни сэ сэгъоты,
Бжьэхэри сэІэты...
Сэ щыгъыны ІофыкІи
Сехъуапсэрэп хэти...
— Адэ таущтэу хьура,
Ахэр тадэ къикІра
Сеплъышъ уІофышІэп,
ПкІантІи къыохыгъэп...
— Къини зэгъэхъущтэп,
ПкІантІи къысэхыщтэп,
Аущтэу къэсэгъоты,
СишІугъоу сыхэт.
Ау къэнІуапІэу иІэм

Ыщъхьэ къырихыгъэп.
Ар къысфиlотэным
Зыкlи фаегъахэп.
Нэужым гъунэгъур
Бэрэ сымылъэгъоу.
Бацэ темышlагъэу
Къэбар къысэlугъ:
Джыбэм иlэбагъэу
А лlыр аубытыгъ.

ТЫГЪУАКIО

Трубэ ны̆лбэхэр къыугупшысыгъ,
Хьаджыгъэ кlуапlэхэр шъхьалым фищlыгъ.
Хьаджыгъэм ынькъо ныдегъэнэжьы,
Къэнагъэр етыгъушъ арегъэщэжьы,
Квитанцие нэпцlхэр жъугъэу кьычlехы,
Къэмыкlогъахэмэ ацlэкlэ етхы.
Хьаджыгъэ «ныехэр» псынкlэу lуегъэкlы,
Къыкlэкlорэ ахъщэр джыбэм регъэкlу.
Етlани мыукlытэу къыпнlэнэкlэщт,
«Сэ нахь зафэ щыlэп», — ыlощт.
Цlыфы тыгъуакlом гъогу ешъумыт,
Ащ фэдэ зы нэбгыри тэ тхэрэмыт.

## АР ЕРЫУАДЖЭМ КЪЫЩЭШIЫ

Гъэмафэрэ мэкъу огъур благъэкIы,
АупкIагъэм нахьыбэр ранэжьы.
Жьыбгъэм иIахьи ашIуехьы,
Ымыхьырэр гъэ ощхым егъэшъу,
Хьандзуищи кьэнагъэм хахыжьы,
КIымэфэгур къэзымысэу аукыжьы.
Нэужым мэкъу Iупъхьэр аиъытэ,
Хьафэ-чIыфаштэ ежьэжьых.
— Май уцым зэ тыIунIэжьымэ,
УгъоякIэ ядгъэдъэгъуни, —
  КIымэфэ гуээгум хаIукIы,
Гъэмафэрэ ащэгъупшэжьы.



## АЩИ СЫБУХГАЛТЕР ЕIО

АIущхыпцIэу конторэм чIэс,
Зигъэсысэу столыIум кIэрыс,
Зыщыфаем Iофышlэ къакIо,
ГъакъыкIэ IофшIэгъур егъакIо.
Зэ-тIо горэм счетыр къыредзэ,
Iоф шIойхэр занIэм занъуедзэ.
Колхозым пае еIошъ ретхыкIы,
РитхыкIырэр ащ регъэкIокIы.
— ПшIэрэ емыкIу! — езыIони къынъокIы,
Ау ар зэуи шIомышIэу фелъыжьы:
— Сыд фышъуиIофа сэ сшIэрэм,
Сэ сшIэрэр ешIэ тхьэматэм!

## ЩЫРЫКЪУМЭ ЯЗЭНЭКЪОКЪУ

Щырыкъухэр зэдыпэбгъоу,
ЦIыфэу щытмэ агъэшIагъоу,
ЗэрадъэкIэу зэнэкъокъух,
Зыщэтхъужьхэщ, ар рагъэкъу.
Щырыкъу гъожьым жэр къеукъы:
— КъесэгъаIо-кIынкъы-сыкъы.
Щырыкъу плъыжьым зышIошIыжьы:
— Чыжьэу Iистэуми сынъашIэжьы.
Щырыкъу шIуцIэми къыхедзэ:
— Сэ нахь лъапIэу сыкъырадзэ.
Цокъэ фыжьыр къэгъумыгъу:
— Гъэмафэрэ шIу салъэгъу,
Щэзмэ гъожьыр къахэлъэты:
— Лъакъом псынкIэу ез сеIэты.

О, щырыкъухэр, икъуи шъуIуагъэ!
ЦIыфмэ ашIэ шъо шъуишIуагъэ.
Шъуапымылъмэ тлъакъохэмэ,
Зи пкIэ шъуиIэп зэпстэухэми.



## ЗЫ ЩАЛЪЭ ИКЪЭБАР

Чэщи мафи зы щалъэ
Ылъэгъурэм епсалъэ:
— СэгъэцакIэ Iофыбэ,
Псынэ нуум сеIабэ,
СеIэбэхышъ сэ шIэхэу
Псыбэ дэдэ къесэхы
Хэт ешъощтми есэты,
Сэ псынашъхьэм сытеты,
Хьэкъуашъоми изыбзэу
Семызэщэу псыр сэшIы,
Сэузэнды пхъэчаер,
ПщэрахьымикI сыIокIэ —
Ищыуани къышъхьабзэу
ОхъуфэкIэ фисэкIэ,
ГъогурыкIор згъэразэу,
ПсынкIэ-псынкIэу геузэу
Пасэгъохы псы чъыIэр,
Бэ, бэ шIуагъэу сэ сиIэр.
Джаущтэу щалъэр зыщэтхъу,
ЗышIошIыжьэу мэкъохъу.
Ау игъашIэ зэпхыгъэ
Псынэ шIагъом ишIуагъэ

Щыщэу зи ащ къыIощтэп
КъэзыIорэми фидэщтэп.
...Ауээ псынэр егъукIы,
Мо щэлъэжъыри дины нэкIы.

## IЭХЪОМБИТФЫР ЗЭНЭКЪОКЪУ

Iэхъомбитфымэ яшъыпкъэу
Гъанэ рагъаIоу зэнэкъокъу.
Iэхъомбашхом зыфэмIажэу
Зигъэжашlоу къырегъажьэ:
— Сикъошхэр, шъуинасыпкIэ
Сышъухэт, шъуиIэп зи пкIэ,
Сэ схэлъ нIуачIэм фэдэ дэдэ
ЗиIэм къэралу шIэхэу мыдэ!
Iэхъуамбэмэ япэрытыми
Къафеlуатэ зэшы пстэуми:
— Сэры гъогур хэзыутырэр,
Сэры ренэу шъуапэ итыр,
Пстэуми апэу сыкъышъухащы,
Кулы псаур сэ зесэщэ.
ГурыткIэ зэджагъэхэм
ШъукъедэIолъ къыIуагъэхэм:
ПIопэн хъумэ сэ шъощ нахьи
Сынахь дахи, сынахь кIыхьи...
ЯплIэнэрэм зызэредзэ,
ЗышIошIыжьэу ащ къыхедзэ:
Сышъухэмытмэ шъутеплъаджэх!..
Iэхъуамбэмэ агъунэнIэ
Щыты цIыкIоу анахьыкIэр
ЗэрилъэнIэу хэпцIыикIы:

— Дэгъу закlэу зышъопьытэ,
Сыдзу макlа шъуигульытэ!
Сеплъы шъхьае сэ сишlуагъэ
Зэрэкупэу шъущыгъупшагъи..
Шъуинасыпкlэ сышъуигъусэх,
Арымырмэ сыд шъуусэ...
А зэпстэумэ ахэдаlуи,
Зэшитфымэ арилуагъ:
— Шъо зэшитфым изырзыгъоу
Шlуагъэ шъухэлъышъ ар гушlуагъо.
Ау уизакъоу зи пиlэ уиlэп,
Узырызиlэ пфэшlэн щыlэп.
Къышъокlуалlэ шъо зылъынтфэ —
Шъуээкъотых lэхъомбитфыр!
Цlыкlуи ини зэдежъугъаштэ
Кlуачlэу шъуиlэм бэ хэхъощтыр,
Макlэп къинэу шъуэтекlощтыр.

## ДЭЙМЭ ТАДЭХЬАЩХЫ, ДЭГЪУХЭР ТЭГЪЭЩХЫ

Зыкlи ышъхьэ къымlэтыхэу,
Фатхыгъагъэм ар къеджэжьы.
Бэз хъарзынэр шъхьамысыхэу,
Еомэ-еозэ ецунтхъэжьы,

●

Зы паlо щыгъышъы
Къэлэжъы набгъу.
Зы жанlэ тетышъы,
Мэзыжь гъэкlыгъ.
— Зэупхъужь, — раlомэ
— Шъуиlофэп, — еlо,
Кlэнкlэм цы хехы,
Ахъщэ хэхыгъэм
Зыкъегъэмэхы.

●

Осэпсым къуашъор
Псынкlэу къыщефы,
Ипцlы щхыур
Шъуузмэ рагъэпцlэ.

Зы шъхьалтес фэтыусыгъ.
Хьаджыгъэ кӏуапӏэхэр шъхьалым фишӏыгъ.
Ыӏхьаджырэм ынькъо къыдегъэнэжьы,
Ньэнагъэми хэтыгъощъ арегъэхъыжьы.
Квитанцие нэпцӏхэр жъугъэу къычӏэхы,
Къэмынӏуагъэхэмэ ацӏэхэр етхы.
Хьаджыгъэ «лыехэр» псынкӏэу ӏуегъэкӏы,
Къыкӏэкӏорэ ахъщэр джыбэм регъэкӏу,
Етӏани мыукӏытэу къыпкӏэнэкӏэщт,
«Щыӏакӏэ ашӏэрэп», — ыӏощт.

Механикӏ ӏэзэу зыфегъэӏужьы,
Ӏэутӏэ ышӏызэ унашъохэр еты.
Ау ымышӏахэрэр машинакӏэр ары.
Шӏыгъакӏэу щыӏэм чыжьэу щекӏуахьы,
Тэгъэлъэгъу раӏомэ ыбзэ къеубыты,
Ар уимеханиккӏэ сыд бгъэхъэхэн,
Ар зиӏофшӏакӏэм сыд ишӏогъэн!

Зигъэжашӏоу гъакъ ригъэӏоныр иныас,
Хэт щыщи зыгорэ риӏолӏэным фэӏаз.
Ау утэджэу ежь иритикэ зыпшӏыкӏэ,
Изыщыкӏагъэ фыхэбгъэпсыхэмэ,
Тхьачэт гъэбжьыгъэу къызыщэлъэты,
Чӏыпӏэ имзагъэу лъэгур еубыты,
Ыбгъэ еожьэзэ лъэшэу мэкуо,
Уигъэмысэжьэу рипхъэу мэуцу.

## О СЛЪЭГЪУРЭ КӀАЛЭР, ПХЭЛЪЭП ЩЫУГЪАКӀЭ

Сэ сыопльы шъхьае нэшхъэеу ухъугъи,
Пстэуми уафэмыдэу, кӏалэ, о ушъуагъуи,
О шӏулъэгъуныгъэр къызытеогъакӏуа,
Хьауми шъо шъуишэнкӏэ тӏуми шъуэзмыкӏуа?
Шӏулъэгъуныгъэр, кӏалэ,
Мэшӏошхоу зэкӏаблэ.
Псэлъыхъуи укӏожьрэп, ренэу уегупшысэ
Укъашъоуи слъэгъужьырэп, ущыс мэлыжь ӏасэу,
Сыд къыохъулӏагъа, уикъэщэн дэкӏуагъа,
Адэ ащ фэдизэу ар ӏофы икъугъа?!
Пшъашъэр диз тикъуаджэ,
Орэдыр къагъаджэ.
Шӏу плъэгъугъэ пшъашъэр чыжьэу къыобгъукӏуа,
Хьауми бэшӏагъэу ащ иписьмэ къэмыкӏуа?
Адэ кӏо ащ пае джы уепэгъогъоха,
Ар о шъхьакӏо пшӏыгъэу ащ зеогъэуха?
Сегупшысэшъ сшӏопхэндж уизекӏуакӏэ,
О слъэгъурэ кӏалэр, пхэлъэп щыугъакӏэ,
Пшъашъэхэр псэлъыхъо уадэжьы къэкӏонэу
Угугъэу ущысмэ ухэукъо инэу.
Щыӏэп а делагъэр,
Шъыпкъэ сэ осӏуагъэр.
Бэу щыӏ пшъашъэ дахэ,
Дэкӏощт зэкӏэ ахэр.

Сыд пай ащ фэдиззу пшъхъэ еууфэхыгъа?
ШIу плъэгъурэ пшъашъэр къыопэгэкIыгъа?
Ащ фашIынIэ угу бгъэкIоды хъуна!
О сэ сыпфэрэди зыгорэу сщыхъуна!
Тэ укIоми — пшъашъэ,
Тэ уплъэми — пшъашъэ.

## КЪАСЫМЭ ИДАГЪУ

СэшIэ зы Къасымэ,
ЗэIукIэм ахэсмэ,
МыгущыIэ ешIэ,
ЗэIукIэр аухмэ,
МышIэр ащ егъашIэ:
Урамым къытехьэ,
Къэбарыр зэрехьэ;
ЗэIукIэм щаIуагъэр
Къызэпырегъаээ,
Унашъоу щаштагъэр
КIегъакIы ищыбзэ:
— Ащ фэдэ зэIукIэм
ПкIэ иIахэп зыкIи...
ЩаIуагъэри пкIэнчъа,
Шъхьэр ащ къысфагъачэ...
ЯтIэнэрэ мафи
ЗэIукIэм къытефэ,
Ау тэ ти Къасымэ
Фэд ахэмысыхэ:
КъэIурэп ымакъэ,
КъыIорэп зы закъуи,
Ау зэIукIэ ужым
ЫтIупщыщт ащ ыжэ!

## НЫСЭ ХЪУПХЪЭМРЭ ГОЩЭ ЯБГЭМРЭ

— А тян, пкъо нысэ къыпфищагъ, — аӀуи
Ныо горэм къэбарышӀу рагъэӀу.
Ӏахьылхэри гъунэгъухэри — зэкӀэ
ФэгушӀуагъэх а хъярым паекӀэ.
Нысэ хъугъэр лъэшэу егупшысэ:
Сыдэущтмэ гуащэм игонэсэу
Сэ зысшӀына, ар сфэгъэрэзэна?!
Гощэ дэгъум фэдэ тэ къэкӀына?!
Нысэ хъупхъэр жьыми дэчэрэзы,
Уи Ӏэгуи егъэкъэбзэ-лъабзэ.
Ау чэщи мафи гуащэр нэгъуцу,
Тэ ежьэми нысэр къегъэуцу:
— Сэ сымышӀэу дэмыщэй мыщ плъапэ,
Уитын фае ренэу синэплъапӀэ!
— Адэ хъунба, о зэрэпӀу, сигуащэ,
КъысаӀоэ шӀы о сифэшъуашэ.
Нысэ цӀыкӀур дэгъоу мэпщэрахьы,
ИгъэпсыкӀи ежь лӀым ыгу рехьы.
Ау плъэгъущтэп гуащэр зыкӀи разэу:
Нысэ цӀыкӀум бэ чатэр щегъабэ,
Сыд ышӀэми мыхъунэу хегъэкӀы.
Сыд ыӀеми мин ащ къырегъэкӀы.
Гуащэм нысэр шъхьамысэу еубы,



ИмыхьакъэуфегъэӀу Ӏэябэ,
Зы гъэпсэфи гупсэфи римытэу
Нысэ цӀыкӀум гоу нӀэр реуты...
Адэ зэ а ныом икъэбары
ШъукӀэупчӀи къышъуаӀощтыр мары:
Ежь зэнысэм зылъэхэс игуащэ
Чэщи мафи жьы къыримыгъащэу
ЩэӀэфэкӀэ ригъэщагъ хьэр -псашъо.

Зыщэнэу хэт зиIэр?
Сэ зэнIэ сэщэфы,
СиIофи зэпэфэ...
Дэхьащхых шъхьакIэ...
Яжэ ХьапакIэ!

## ХЬАПАКIЭ КЪЫРАМЫЩАГЪЭР

Акъылыр былымэу,
Гупшысэм ылъапсэу
БэшIагъэу ХьапакIэ
Зэхехы къэбаркIэ.
— Сыгу зэIоу сызфаер, —
Ащ къеIо зы мафэ, —
Сэ сщэфэу сихабзэ,
ШъусэшIых щыгъуазэ.
Акъылыр былыммэ,
ИшIуагъэ сэнIыщтмэ,
СыкIонышъ сщэфынба!
Бэдзэрым телъынба?!
Бэдзэрыр къенIухьэ,
Мыпшъыжьэу зепщыхьэ,
Ыгу ыхьрэр ещэфы,
ДжэнакIи шащыфи
IальмэкъыIм къырелъхьэ,
Зы паIуи ахелъхьэ...
Чээыур акъылым
Нэсыгъэшъ, ишъыпкъэу,
Щэрама ХьапакIэ
ЗэрипъэкIэу яупчIы:
— Акъылыр симакIэшъ
Сщэфынэу сэ сэIо,

## ЗЭРЭЧЫЛЭУ АШIЭЖЬЫ

Ытамэхэр егъэнIы,
ЗышIошIыжьэу ныдэнIы,
Гъогу пстэур еубэ,
Зэрэчылэу еубы.
Тхылъ Iужъур ыблыгоу
ЗыукIэрэм етIыргу.
ЗышIоIазэу гъэсагъэу
Анахьыби ыджыгъэу
ЗымышIэрэм реIуатэ,
Ыпэ цIыкIуи еIэты.
ЗэукIэми ахэсы,
Игущыіи ахеса.
Кьызэхахэу мэцIацIэ,
Щымыгъуазэр егъапцIэ,
Зым ыIуагъэр къеIожьы,
Зым ытхыгъэр къепчъыжьы...
Зэрэчылэу ашIэжьы,
Джэуштэу а Iыр хэнIыжьы.



## ЯРЭБИ АРИ ГУЩЫIЭМЭ...

Зы мафэ тикъуаджэ дэсыхэр
Зэхахьэхи шIыхьафы ашIи
АгъэтIысхьагъэх чъыгыкIэхэр,
Плъэгъугъот ахэр зэрадахэр!
Цlыфыбэхэр нэшIукIэ яплъы,
Урамыбгъум чъыгыхэр къытеплъы.
Къуаджэри къагъэнIэранIэ,
Гъатхэми зыфагъэхьакIэ.
Апъапсэ чъыгы ищыгъэмэ
Цlыфыбэмэ къызэлъатIахьы.
ЗыгорэнIэ ащ ящыкIагъэмэ
Къутамэхэр зэлъаупхъуахьы.
Аузэ бэ мышIэу зы чэщы
РакIыкIыгъ чъыгыкIэ хъуща,
«ЗиIашIагъэм» ыуж сэ сфыгъэ,
Ар сэ лъэшэу сыуджэгъугъэ.
КIэнIэшъуешъ Хьасанталыжьыр
ЗимышIэжьэу мо балидыжьыр
Тэцуахьуи гъогушхор фимыкъоу
ЗэпикIыгъ пчъэгъабэ чъыгыпкъэу,
Ярэби ари гущыIэмэ
Сащыщ сэ, ыIощт, цIыфымэ,

## ХЭТЫ МЫЩ ФЭДЭХЭР ЫЛЪЭГЪУГЪ

Бэылъфыгъэмэ ашIэрэр щIоу ешхы,
Ау бзылъфыгъэхэр ежь хьам рыгъэшхы.
Бзылъфыгъэмэ адыгъэхэр щэгъы,
Ау бзылъфыгъэхэр ежьым егъэгъы.
Бзылъфыгъэхэр лъэш дэдэу еубы,
Ау бзылъфыгъэ лъэхэмысмэ ежь ибэ.



## ДЭШХО НЭШЪУМИ IО КЪЕКIЫ

КIэлитIу макIо дэшхуахьэ,
Мэзыр зэкIэ къанIухьэ.
Ашыпышъ дэшхо хъущэ
Яэфэдэу агощы.
Дэшхомэ лые къахэкIы,
Дэшхо лыем Iо къекIы.
— Птелъыгъэшъы сичIыфэ
Ар ощ нахьи къыстефэ, —
ЕIошъ язрэм елхъуатэ,
Дэшхо лыер еубыты.
Адырэри мэгубжы,
Тэпым фэдэу къэупIъыжьы,
Дэшхор къыIэкIеуты,
Пытэ шъыпкъэу еубыты.
Ауэ дэшхор къахазы,
Гъогум тефэ чэрэзэу
Цокъэ чIэгъым кIэлъэдэ,
Лъэдакъэ чIэгъым внъутэ...
Хъугъэм тIуми гу лъатэ:
Амыгъэзlоу зы маньи
А зы налэм зэтекъэх.
Дэшхор накIэу къычIэкIы,
КъяхъулIагъэр гухэкIы.

## ЗЫХАМЫІО СИПЭІОШХУ

Цӏыфымэ акъогъукӏэ къэсы;
Шъхьаукъэу нахьыбэмкӏэ щэсы.
Джэгу хъумэ къашъорэм щымыщ,
Шэнышӏукӏи ар къахэмыщ.
Илъэсым зэзакъо зегъаз,
Хьэр хьанъумэ ыпсэ къыӏозы.
Іофшӏэгъум лъэкъуитӏор зэрэнэ,
Емжьагъэу гъогум къытенэ.
«Зыхамыӏо сипэӏошху» ащ раӏо.
Армэу орэдыр къыфаӏо.

## УСЭ КӀЭКӀХЭР ТЭ ЕТЭГЪАЖЬЭ, КЪЭТӀЮТЭЩТ ЗЫРЫЗМЭ ЯЛАЖЬЭ

1

Чӏыфэ пӏихыны хьумэ уеудэгу,
Къыӏыпхыжьын хъумэ, дэгу-псыгу.

2

Зэ ышъхьашъо тыгъэр тыригъапсэрэп,
Ау ащ пае тыгъэр къепсын къанэрэп.

3

Бэрэ къеӏо: «Сятэ лэжьэкӏуагъэ»,
Ау ылъакъохэр ежь зэтедзагъэ.

4

Сэпэналъэ птепъымэ гу лъета,
Ежь телъыр кухьакӏэ къалъытэ.

5

Еогъэшъофэкӏэ къыпщэтхъу,
Зэрешъуахэу ар къыбджэхатхъо.

6

Хьакӏэдашхэ пӏомэ къэчъэщт,
Ыпкӏэ птыщт пӏомэ—бэзхыщт.

7

Зэзакъо лъэпаорэм нIэнакIэ,
Ежь зэрэмылъэпаорэр бэу макIэ.

8

Унашъохэр чылэмэ афешIы,
Ежь иIоф бэшIагъэу ныкъуашIэ.

9

Унагъохэр макIэшъ зэрегъафэ,
Иунагъо хъугъэ чылэ Iофы.

10

ИбылымкIэ ыцэ Iуунгъэчыщт,
Имыемэ, лъэшэу ритэкъухьащт.

## ШЪУАШЭМРЭ АКЪЫЛЫМРЭ

— Сызыфаер зэкIэ къыздэхъу, —
ЕIо Жэхьукъомэ япхъу.
Моднэу щыт цуакъэхэр вщэфы,
ИкостюмакIэ Iэ щефэ,
Джэнэ лчъагъэу иIэм регъэхъу,
Мафэрэ блэ зызэблехъу.
— ЩыгъынкIэ сэ къысэхъуапсэх, —
ЫIоз гъунджэм нIэрэсы.
Шъуашэхэр зафэшъхьафыбэу
Ипхъуантэ лытэу деубэ.
Ау зы тхылъ ащ пфищэфыщтэп,
Зэгуихэу еджэу плъэгъущтэп.
— Хагъахъу, Сас, уигъэсэнығъэ,
УищынIагъ бэу о шIэныгъэ, —
ЕпIомэ ащ зыкъырехы:
— ЗэкIэри дахэм дехьыхы!
Дэгъу шъошэ дахэ пщыгъымэ,
Дэеп акъыл дыуиIэмэ!
«Щыгъыным цIыфымэ уахещэ,
Акъылым укъахещыжьы».

# КIэлэцIыкIумэ яшъуакъыфедж

## НАСЫП

Кlэлэцlыкlухэр зэрэугъоий,
Тэтэжъы дэжьы зэрэщагъэх,
Тэтэжъыр ащ къагъэуцуи
Упчlэхэр тыратэнъуагъэх:
— Щыlэмэ анахьы насыпыр
Сыда? — тызэнэкъонъу
Тигопэщт къэти джэуапэр, —
Кlалэмэ яэзрэгъаlэ.
— Щыlэмэ анахь насыпыр,
Бэу къышъоеlоных, сикlалэх,
Къинэп ащ джэуап къептыныр, —
Лlыжъым къетlысэнlыгъэх.
— Хэгъэгоу о узэрысыр
Уянэ фэдэу уикlасэу,
lофшlэнзу узыфэгъэзагъэр
Щытхъушхо пылъэу бгъэцакlэу,
Ущытмэ, джары гушlуагъор
Джары насыпыгъэшхор.
Тэтэжъы къыlорэ псэур
Кlалэмэ агу раубытэ.
Тэтэжъэу нэгу ихыгъэр
Кlалэмэ гушlоу къахаплъэ:
— Патриот шъыпкъэу ухъунэу
Чанэу о зыогъасэмэ,

«Тфыкlэ» школым ущеджэмэ,
Сэлъытэ ари сэ тхъагъоу,
Пстэуми анахь насыпыгъэу.
Анахь lофы цlыкlур арыми
Иныр фэдэу ар огъэцакlэмэ,
Анахь инэу lэнатlэр уиlэми
Пшъхьакlэ уэшlомышlыжьмэ —
Ащ сэ цlыфыгъэкlэ сыхаплъэ,
Насыпыгъэ инэу сэлъытэ.
Уиныбджэгъу къины зыхафэкlэ,
Плъэкlырэмкlэ о уlэпыlэмэ,
Сыхьаты къиныр къызысырэм
Умыщтэу ащ узытекlорэм
Сеплъы ар анахь тхъагъоу
Пстэуми анахь насыпыгъэу...
Дахэкlэ о пцlэ къыраlомэ,
Уихэгъэгу щытхъур къыфэпхьымэ,
Джары, сишъаох, чэфыгъор
Щыlэмэ анахьы насыпыр.
Орэдым зызыфэбгъазэкlэ,
Бзыужъые фэдэу къэоlомэ,
Джэгум узытыращакlэ,
Машlор къибгъэкlэу укъашъомэ —
Ари тхъагъошъы шъосэlо,
Насыпыгъэ инэу сэлъытэ.
Лэжьыгъэм игъэбэгъуакlи,
Псэуальэми ягъэуцукlи,
Былымхэр зэрэпlыгъыщти,
Чъыгыр зэрэбгъэкlыщти,
Пlэ илъмэ ар шlогъэ ин,
Насыпыгъэшхоу плъытэн.
О нахьыжъмэ шъхьэкlафэ афэпшlэу,
Уянэ-уятэмэ аlорэм уедэlоу
Аферым къызэрябгъаlомэ,
Къэбзэныгъэр шlу о олъэгъумэ
Ащыгъум о улlыхъупхъ,
Насыпыгъэм ари хэшъулъыт.
Тэтэжъы гущыlэр къеухы,
Ынэгуи гушlор къыкlехы:
— Пстэуми анахь насыпыгъэр
Тэ тищыlакlэ, сикlалэх!
Тихэбзэ шlагъу, сидышъэх!
Насыпымэ анахь насыпыр —
Коммунизмэр тэ зэрэдгъэпсырэр!
Кlалэхэр рыразэу lоныжьы,
Гушхохэу ягъэгу техьажьы.

## КIАЛЭМРЭ БЗЭГУМРЭ

Еомэ зэраIоу, зэраIотэжьэу,
Тичылэ дэсыгъ зы шъэожъые.
Пчэдыжьы къэси къекIы джэгунэу
Къырегъэчъэжьы икурэжъые.
Пшыси тхыдэжъи кIалэм икIасэу
Орэды Iонми ащ зыфегъасэ.
Къэшъокlэ тIэкIуи къызэрегъашIэ,
Сурэт Iаджи фэIазэу ешIы...
Аузэ зы мафэ Iофы ар хафэ,
МакIэу жьы къещэ, ыпсэ ихьафэу:
ОшIэ-дэмышIэу ыбзэгу къыдэкIы;
Къамыщы кIапсэу къырелъэшъокIы.
Хъугъэр ымышIэу быныр мэгуIэ.
Ыгу еIэжьыгъэшъ ныр нэку-нэпсы.
Къинэу къэкIуагъэр ятэ ещыIэ,
ЛъэкIохэшъ врачыр псынкIэу къагъэсы,
Бзэгур еплъыхьэшъ шъхъэр егъэсысы:
— Сэ джырэ нэсы фэдэ слъэгъугъэп,
Зы уцы лъэпкъи ащ иIэзэгъоп...
Къуаджэм къэкIуагъэу зы лIыжъы хьакIэ,
Ыбзэгу мо кIалэм зэлъыулэрэкIэу
Ыужы итышъ плъэмэ елъэгъу,
КIалэм иузкIэ ащ ыгу фэгъу.
КIэлэ сымаджэм лIыжъыр бгъодахьэ,
Ынитlу лъэшэу ар акIэплъыхьы:
— О, кIалэр, осIон сэ о уилажьэ,
УипцIы мыухыжьы къыхьыгъ а пажьэр,
Шъыпкъэба, кIалэ, джэуапыр къэты!
Мыщ дэжьым кIалэм ышъхьэ къеIэты,
Ылъэ мазаэ, ыбзэгу мэхъые;
— ЗэкIэ о шъыпкъэ къызыфэлIуагъэр,
МакIэп сэ сшъхьэкIэ пцIэу зэхэслъхьагъэр
Ар къызэрифоу бзэгур мэхъужьы,
Къинэу тельыгъэр ащ еIотэжьы.
Ильэсхэр блэкIы, охътакIэр къэсы,
Шъыпкъагъэр кIалэм къыхехы гъусэу,
Ар къыфэнэжьы егъэшIэрэ гупсэу.

## ЧЭТЫУМРЭ ЦЫГЪОМРЭ

Чэтыужъэр Iэгум дэсэу
Цыгъо набгъом Iусэу еплъэ,
Цыгъо цIыкIор зэкIэсысэу
Псэр ихьафэу щтагъэу маплъэ:

«Сэнэгуе чэтыужъым
Нахь лъэши щымыIэнкIэ,
Сыщэщынэ махъаджэжъым,
Къысэхъуапсэ сидырынкIэ».

Ар ыIомэ егупшысэу
Цыгъор щысэ мыр ельэгъу:
Чэтыужъэр щимыгъэсэу
Хьапаныер ащ едыргъы.

Мо чэтыум чъэм дыхэтэу
Чъыгышъхьапэм зыкъырeты,
Хьапаныер пкIэтэ-лъатэу
Ихьакъу макъэ зыкъеIэты.

Цыгъо цIыкIур чачэу мэщхы:
«Чэтыужъыр хьэм щэщынэ,



Хьэм илагъэ сэ сыщэшхэ,
ЛIыхъужъныгъэр сэ сишэны.

Ары сэIо, хьэр щынагъоп,
Сызелъэгъум зи ыIуагъэп».

## НАН

— Къысаlолъ уинанэ о ыцlэр?
— Нанэба сэ сянэ цlэу иlэр, —
Пшъэшъэжъыем джэуап къетыжьы.
— Сэ мары Махьмудкlэ къысаджэх,
Къыуаджэх ор шъыпкъэм Файзэткlэ,
О уянэ ыцlэри къысаlу.
— Сыдэущтэу гущыlэрэ мыр сэlо, —
Ыгукlэ пшъэшъэжъыем ээрelо, —
«Сэ сянэ, ащ еджэх нанэкlэ!»



## КУКУУМ ИОРЭД

Ипаlо папцlэу
Ышыгу щэсысы.
Зигъэхъуцыцэу
Чъыгышъхьэм есы.

Набгъоу ыгъотрэм
Макlошъ етlысхьэ,
Ежь имынабгъо
Кlэнкlэхэр рельхьэ.

Къутамэм тесэу
Орэд еусы,
Зэфэдэу нъуаджэр
Къызэпегъаджэ.

Iусынчъэ хъумэ
Гъыбзэр егъащы,
Тlасхъэ ышъэгъумэ,
Пщынэр ээкlэщы.

Куку тхьагъэпцIыр
Лъэшэу мэцIацIэ,
Ар зышIошIыжьэу
ЫцIэ реIожьы:

Ку-ку,
Ку-ку.

## БЗЫУМЭ ЯОРЭД

Бзыу-бзыу, бзыужъый
Бзыумэ яорэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу,
Бзыумэ яорэд.
ПцIэшхъо-нашхъор къытфэбыб,
Ыбгъэ бзыпхъэр телъ.
ИпцIэшхъуакIэ лэныстап,
Къурэр ыжэ дэлъ.
Бзыу-бзыу, бзыужъый,
Бзыумэ яорэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу
Бзыумэ яорэд.
Тхьаркъо Iасэр къытлъэхэт,
Чэфышъ пкIэтэ-лъат,
Iусы IэшIур ащ етэт,
Ышъуи зэпэшIэт.
Бзыу-бзыу, бзыужъый
Бзыумэ яорэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу,
Бзыумэ яорэд.
Пчэндэхъумэ загъэхъупхъ,
Iусыр къыхаупхъу.
Янабгъохэр къэдгъэIагъ,
Ахэр тэ тиблагъ,

Бзыу-бзыу, бзыужъый,
Бзыумэ ёрэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу,
Бзыумэ ёрэд.
Щыры цIыкIухэр къытфыращ,
Ахэм тямызэщ,
Ажэ цIыкIухэр зэкIыращ,
Ныхэм афэзэщ.
Бзыу-бзыу, бзыужъый,
Бзыумэ ёрэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу,
Бзыумэ ёрэд.
ЯпхъэкIычхэр затрамылъхь,
Чылэр къагъэдаIу.
Бзыу цIыкIухэм шъуащымыхь,
ЯшIуагъэ къагъакIу.
Бзыу-бзыу, бзыужъый,
Бзыумэ ёрэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу
Бзыумэ ёрэд.

## ЦЫЗЭ

Дэжъые чъыгым цызэр тес,
ПсынкIэу дахэу зегъэсыс.
Дэжъые IашIухэр зэгуегъэз,
Дэжъые купкIэр къырегъэз.
Ынэ цIыкIухэр — щыгъыжъый,
ЗыгъолъыжькIэ — хъалыжъый.

## ТХЬАКIУМКIЫХЬ

Пыфы-тIыфыжъыеу
Шхъонтlэжъые нlаку.
Хэти зыщидзыеу
Къэрабгъэжъы цlыкIу.
Ыпакlэ рифэкlэу
Псынкlэу зегъэсыс.
Гъэхъунэм имыкlэу
Хэджэгукlэу ис.
Ащ ыцэпэ цIыкIумэ
УцыкIэр ахьадж,
Ежь фэдэ lукlамэ
Чэфэуи мэудж.
Хьэ манъэ къызыIукIэ,
Лъэшэу ар къыкlащт.
Шакlохэр ылъэгъумэ,
Зэкlэм къыкlиlащт.
Тхьаклумэ пацацэм
Зандэу загъэсыс,
Кондэ чlагъ пырацэм
Зиушъэфэу чlэс.



## ХЬАЛЫЖЪЫЕР ЗЭРЭЗГЪЭЖЪАГЪЭР

Тхьацур сэпшэ, тхьацур сэфы,
Бзыуцыфэу ар фыжьыбз,
Зэсэгъафэшъ хъурэябэ,
КIэнкIэпс гъожьыр къыщысафэ,
Iушъхьэ IэшIур тесэтакъо,
Сянэ ащкIэ сенэкъокъу.
Ар тэбачIэм есэгъакIу,
Хьалыжъыер мажъэшъ маплъы,
КIышъоу иIэр къэушэплъы.
Жъэмэ IэшIур къыпимыха,
Хьалыжъыер гум римыхьа!
Сянэ апэу хэсэгъаIэ,
Ащ къыIощтым сыдэгуаIэ.
— IэшIу, шъабэшъ Iум етIуахы! —
Шъыпкъэу пIощтмэ сыгу рехы, —
Хьалыжъыем ныр къыщэтхъу,
СеIэшъ такъыр къыгосэтхъы,
Синэнэжъы Iахь фасэшы,
ЗэрэIэшIур къысэгъашIэ.
Тихьэ цIыкIуи згъэрэзагъэ,
Такъыр фэсхьи ар згъэшхагъэ.
Ау чэтыум изекIуакIэ
Мыхъухэнэу хэсэгъэкIы:

ЗэкIэм шъэфэу къыкъолъэти,
Къэнэжьыгъэр тырипхъоти,
Лъэбжъэ чаникIэ зэIитхъыгъ,
КъысишIагъэр сыгу хэкIыгъ.

## АПЭРЭ КЪЭГЪАГЪ

Мэзы чIэгъым пшъэшъэжъыем
Уц къэгъагъэ чIигъотагъ,
А къэгъагъэр чъыгэежъым
ЫчIэгъ шъыпкъэ къычIэкIагъ.
Уц къэгъагъэр дахэ дэдэшъ,
Пшъэшъэжъыем егъэшIагъу.
Ищыпакlоу ар къэкIуагъэшъ,
А къэгъагъэр игушIуагъу.
Ылкъы псыгъо фасакъыпэу
Псау-тапу ядэжь къехьы,
Гъатхэм ымэ ащ къыпыоу
Ытхьапэхэр шъабэу гуахьы.
Пшъэшъэжъыем зэрэшIошIэу
А къэгъагъэм ымэ IэшIоу
Гохьы дэдэу щымытыми,
Ищытхъу аIо иныхэми:
— Зэрэдахэр! Зэрэдэгъур!
Гум къегъэкIы гъатхэ шIагъор!
...Пшъэшъэжъыем уц къэгъагъэр
Апэу мэзым хигъотагъ...

## ТХЬАГЪЭПЦIЫ

Заур ыцэ зэлъэузы,
Зэхахыпэу хащэтыкIы,
МокIэ-мыкIэ зырегъэзы,
Джэхашъори къырекIукIы.
Ынэпсыхэр къышIукIэкIы,
КIалэм янэ гуIэу къеIо:
— Мыдэ врачым дэжьы некIо.
Узырэ цэр Iуядгъэчыщт,
Ащ лъыпытэу ухъужьыщт.
Врачы пстэуми ащекIухьы,
Заур ыгу моущтэу къехьэ:
«Ца Iучыныр, — ар гомыхьы,
Iофыр сшIыщт сэ кIыхьэ-пыхьэ».
Джыри янэ кIалэм еджэ,
Сэ бэшIагъэу о сыпаплъэ.
— СицокъакIэ зыщысэлъэ,
Умыгуl, нан, зысэфапэ.
— Бэу о кIалэр сыогъапэ,
Гъончэджынlэр тэщыI сэIо?
Сыхьат псао ащ зетхьакIы,
Жъажъэ дэдэу зыкъелъэкIы.
— Сца слъэкIыщт сэ, — аущтэу еIо,
Аузэ уахътэр ным шIуегъакIо.
— Икъун, шIэхы, Заур, некIо!



— Нан, сышхагъэп, — кIалэм къеIо.
Ар бэшIагъэу шхагъэ шъхьае
Къырегъахъошъ ешъо щае,
Стыры еIошъ щаем епщэ,
ТкIопсы-ткIопсэу ар зыуещэ.
— КIалэ, псынкIэ! ПшIэрэр хъущтэп,
Аущтэу непэ тынэсыщтэп.
Заур цIыкIум зыкъеIэты:
— Нан, за еплъи мо сыхьатым!
Сыд пкIэ иIа ащ тыкIожьыкIэ,
Тыгужъуагъ тэ зы сыхьаткIэ.
Врачыр ядэжь джы кIожьыгъэ,
Сци мыузэу ар хъужьыгъэ.

## НЭНЭЖЪЫР ИПХЪОРЭЛЪФЫМЭ ЗЭРЭХАГЪЭУКЪУАГЪЭР

Пхъорэлъфитlумэ адэжьы
Нэнэжьыр хьаклэу къафэклуагъ.
Псынклэ дэдэу ар ашlэжьы,
Ипхъурэлъфымэ ягушlуагъу.
А зэшитlур — тlолъфэныкъох,
Зэфэдэхэшъ зэхэклуанlэх,
Янэ занъо зэхешlыкlых,
Уджым хэтхэу хэджэгуклых.
Конфет дэлъэу къэмыланэр
Нэнэжъ ыбгъыгу къычlихыгъ,
Ахьмэд цlыклоу нахь чаныр
Къэси иlахь къыlихыгъ.
Лъэтемытэу унэж внlы,
Къэмыланыр еунэклы.
Нэнэжъ джыри иъэмылана
Махьмуд пае къызыкъуехы,
— Си Махьмуд, о тэ ущыlа,
Уилахь къаклуи шlэхэу сlыхы!
Ахьмэд цlыклур джыри къэклo:
— Укъэджагъа, о нэнэжъыр!
Къамлэнаклэр ащ къыlехы,
Игушlуагъоу зегъэбзэхы.
Махьмудэ ар влъэгъу,
Ыlгу нъеоу мэгъынагъэ.
— Гъогугъуитlо Ахьмэды
Тыны раты, сэры адэ!
Хьугъэр нэнэжъ къыгурэlо,
Цlацlэ пэтзэ инэу къеlo:
— Сеплъыщъ шъуитlуи шъуэзфэд,
Махьмуд сшlошlы си Ахьмэд...
Ау Ахьмэд, о дэеу пшlагъэ,
Тхьагъэпцlыгъэ о зепхьагъэ.
Нэнэжъ псынклэу зыщэлъэты,
Махьмуд ыlэ ащ къеубыты,
Тучаныщхом lапэ фешlы,
Къэмланыщхом зэрэдафэу
lэшlу-lушlухэр къыфещэфы.

## ДЖАНХЪОТ ИДЖЫБЭХЭР

Джанхъоты зы шъуашэ
Фащэфи щалъагъ,
Уеплъынкlэ дэхащэ
Джыбаби тедагъ.
Джанхъотыр мэгушlо,
Джыбэхэр фэlагъошъ
Нэф нъэшъмэ регъажьэ
Емэзщэу еушъэ.
Жьабгъумкlэ рещэхы,
Апч макъэр къеlукlы,
Джыбачlэр зэрэшхы,
Мыжъуакlэр зэутэкlы...
Джанхъоты джэнакlэм
Иджыбэ ехъокlы,
Икlапэу шlынlаем
Ным ыгу фыхэкlы.
— Хьажъ-быжъхэр ошыпы,
Джыбачlэр оугъоны,
Джэгуалъэр уихъоиза,
Гъучlыжъхэр зеохьэх.
Костюмэм ушъхьасырэп,
Угу хэлъыр сэ сшlэрэп!
Джанхъотым зеудэгу,
Емызэщэу мэджэгу.



Мыпшъыжьэу мэушъэ
Джыбачlэр еушъэ.
Жьабгъумкlэ рещэхы,
Апч макъэр къеlукlы,
Джыбачlэр зэрэшхы,
Мыжъуакlэр зэутэкlы.
Джанхъоты зигъэлlэу
Кlапэмэ якlуалlэ:
— Шъо шъуиlэп сэ сиlэр,
Шъо шъуlыгъэп сэ сlыгъэр!

## КЪОШЫН

Пэсэрэ къошын чIыгум ычIэгъы
ТицIыф гъэсагъэмэ къычIатIыкIыгъ,
КъызэIэпахы, ар къырахьакIы,
Тикъуаджэ щыщхэр ащ къыдекIокIы.
Нэнэжъыр еплъышъ зэлъегъэшIагъо:
— Щхыу рыбгъэпцIэнкIэ къошыны шIагъом!
Ау ащ тэтэжъыр езэгъырэп зыкIи.
— Фэдэ щыIахэп санэ ипкIэнкIэ!
Сэри къошыным бэрэ сыкъеплъы,
Шъэфэу къэсэIо сэ сигухэльи:
«АщситIысхьани сыщыкуони,
Джэрпэджэжьыр сэ згъэбыбыни...»
Зы лIы гъэсагъэ тадэжь къыIохьэ.
— Къошыныр, — еIо, — музеим тэхьы...

Зы мафэ музеим сычIахьэгъагъ,
А къошын шIагъор ащ чIэспъэгъуагъ,
ЦIыфыбэ дэдэ еплъы, кIэрытхэу,
СшIэрэп музеим ар зыфычIэтыр?



## ЧЭТЖЪЫЕ БЫН

Щыры цIыкIухэр гъожьызакIэу,
ПцIэу макъэр къахэIукIэу
Чэткъуртэм къырещэкIы,
Ащыщ кIодмэ мэгумэкIы.
Хьабидэт — ар пшъэшъэ хъупхъэ,
Щыры быным ар ешIушIэ,
Iусы IэшIухэр афырепхьы,
Щыры быным къыфэупхъэ.
Ар зэряджэу ыдэжь къэсых,
Зэлъыпцlэухэу ыкоkI исых,
Ягугъупэ, агурэIо,
ЗэкIэ щырмэ афэгуIэ.
Хьабидэты къылъыкIохи,
Яшъыпкъэуи къелъэIухи,
Къоджэ чыжьэм хьакIэу кIуагъэ,
Тэтэжъ дэжьти, ар гушIуагъэ.
Хьабидэты зыкъеплъахьы,
Сади псыхъуи зэпеплъахьы.
Ау ищырмэ ыгу афэгъу:
— СызыхьакIэр бащэ шIагъэ,
СынIожьыным игъо хъугъэ,
Пшъашъэр къынэсыжьы,
Чэты цIыкIухэр къыпэгъокIы,
Мары ядэжь къыдэхьажьы,

Ау шъоу яӏэр ащ нэмыкӏы:
Яплъышъ щытхэр къарэ, фыжьы,
Ащ ащыщи джы мыгъожьы.
— Сигъожь цӏыкӏухэр тыдэ хъугъа,
Хьаури ахэр бгъэжь ыхьыгъа?
Зэрэбынэу залъэпцӏэу:
— Гъожьыгъэхэр тэры! — aIo, —
Тыпшӏэжьырэба адэ сэIо!
Тиджанэхэр гъожьыщтыгъэх,
Джы тыинти зэблэтхъугъэх.

## ЛЭЖЬЫГЪАЦ

Тиұрамы сэ тыгъуасэ
Теэгъотагъ лэжьыгъацэ.
Сӏэгу илъэу къесэхьанӏы.
Зыфэдэмкӏэ сэ сиупчӏы:
— Къэзгъотыгъэр сыд? Къысашъуӏу?
— Коцыцэба! — сшыпхъу къеӏо.
— Хьамцӏый ар къыбгурэӏуа? —
Сшынахъыжъы сшӏошъ егъэхъу,
Ау сэ моущтэу исэхъухьэ:
Лэжьыгъацэр згъэтӏысхьани,
Чӏыгу шъабэм ныхэзӏани,
Зыфэдацэр къычӏэкӏыщт
Шъыпкъэр зэкӏэм нэнэфэщт.

## ТЭТЭЖЪЫ ЫПАКIЭХЭР

Ситэтэжъ сэ щхэнышъ щхэны,
ЫпакIэхэр гъэшIэгъоны:
Iанэм пэсэу шхэ зыхъукIэ,
Ахэр бэрэ мэхъублаблэх,
ГушIом хэтэу къызыщхыкIэ,
Къашъох пIонэу мэупIапIэх.
Гъунджэм Iутэу IэшъхьитIукIэ
ПэкIэ къопсхэр зэлъегъэщы,
Ащ ыцыпэ дыды папкIэу
ПэпцIэ дэдэу зэлъетIупщы.
ЗычъыекIэ сыкъекIуашъэ,
ЫпэкIитIу сафэсакъэу
ЦIыкIу-цIыкIоу сыкъынэсы,
Бадзэ шIошIышъ къегъэсысы,
ЫпакIэхэр дэщэягъэу
ЗыслъэгъукIэ сыпэгъокIы,
А лъэхъанэм ичэфыгъоу
Щытышъ тэтэжъ IогушIукIы,
Къысщехъохэшъ сегъэлыджы,
Ау пэкIитIур ещэхыгъэу
ЗыслъэгъукIэ щыкэкIухьэ...
ЫпакIэхэр тIыбжъэ пIонэу,
Мо джы дэдэм къэпыджэнэу
Сэ тэтэжъыр къысфэплъыры,



Ар сыбзаджэ хъумэ ары.
— ПакIэр сыдэу умыупсра? —
Ситэтэжъы сэ зэсэIом,
ШъукъедэIолъ къысиIуагъэм:
— ПакIэр, сикIал, стемытыжьмэ,
СызхаIощтэп, сэ тэтэжъмэ...
СигъэгуIи «птерэт» сIуагъэ,
Тэтэжъыри згъэгушIуагъэ.

## СЫХЬАТ

Цынъы-сыкъы,
Цыкъы-сыкъы,
Чэщи мафи къыпэlукlы
Лъанъо кlэтым фэдэ шъыпкъ,
Пытэу хэлъыр щылычыпкъ,
Мыуцухэу ар къеклокlы...
Столым тетми цыкъы-сыкъ,
Пылъагъэми цыкъы-сыкъ,
Емызэщэу хэушъыкlы,
Ищэрэхъхэр зэблегъэкlы.
Ыпаклэхэр мэчэрэгъу,
Уахътэр ренэу тегъэлъэгъу.
Тэджыжьыгъом тегъэтэджы,
Гъолъыжьыгъом ар къытэджэ,
Школы кlогъум тегъэгъуазэ,
Сыхьат цlыкlум тегъэразэ.

●

Сыхьатышхо Москва дэт,
Кремлэ башнэм ар кlоцlыт,
Ямышlыкlэшъ бэу кlэракl,
Сыхьатыпчъэр дышъэ закl.



Итеуанlэ тинэlуас,
Ижъгъыу макъэ гум иклас.
Зи намысэу ежь зегъэпсы,
Тисыхьатхэр рытэгъэпсы.

## АПЭРЭ МАФЭР

КӀалэм неущы зыщилъэщтхэр
Хьазырыпсэу ыгъэӀылъыгъ.
Фащэфыгъэ тхылъ-тетрадхэр
ПортфелыкӀэм ригъэкӀугъ.
Неущырэ мафэм егупшысэ,
Школ кӀогъум фэгоӀапэ.
Зэ жэтаджы, зэ мэтӀысы,
ГушӀогъошхом кӀалэр хэт.
Зэгъолъыжьыми мычъыежьэу
Чэщым бэрэ пӀэм хэлъыгъ.
Унэм исми анахьыжьэу
Къэтэджыжьи, къэтӀысыгъ.
КӀалэм псынкӀэу зыкъефапэ,
ГушӀогъошхом ар зэрехьэ
Школ кӀогъум фэгоӀапэ.
Апэрэ классым непэ ехьэ.
ЦокъэлӀапсхэр зэрэпхыгъэр
Янэ джыри зэ къеплъыхьэ,
КостюмакӀэр зэрэщыгъэр
Тэрэз шъуӀуа? — теупхъухьэ.
Портфелым зэкӀэ дэлъмэ
Яти мары зэрегъашӀэ,
Переменыр школым щашӀмэ
ЗыхэӀэщтыр ащ къыфашӀы.



Быныр кӀалэм пэгушӀуатэ,
Зэрэбынэу ащ дэкӀуатэ.
Школыпчъэхэр къыфыӀокӀы,
КӀэлэегъаджэр къыпэгъокӀы.
Еджэгъу мафэр къызыфэсым
Лъэубэкъу мафэ ащ ыдзыгъ,
Хэгъэгу лъапӀэу тызэрысым
Насып гъогур къыритыгъ.

## ЖЪОГЪО ПЛЪЫЖЬ

Гъогум тетхэу тисолдатхэр
Зэ тинъуаджэ къыдэхьагъэх.
Талэгъонlышъ зэшъэогъухэр
Ащ ятэlо: «Шъукъеблагъэх!»
Офицерыр къахэкlоты,
Сэмэркъэузэ сыкъеlэты.
— Ы! Лlыхъужъэу кlэлэ пыт,
Узишъаор къаlолъ, хэт.
Ащ есlощтыр сэ сымышlэу
Зэ шъхьам плъыжьы сыкъэхъугъ.
Офицерыр lущхыпцlыкlэу
Сэ есlощтым ежэщтыгъ.
— Сызишъаор Бэчымыз,
Тилъэкъуацlэр Хьакlэмыз,
Сэри сятэ ощ фэдагъ,
Заом чанэу хэлэжьагъ.
Жъогъо плъыжьэу къыратыгъэр
Тыгъэм фэдэу зэпэшlэты,
Лlыхъужъныгъэу зэрихьагъэр
Тызелъэlукlэ къытфеlуатэ.
Сятэ сэри сыкlырэплъы,
Ащ ижъуагъо ренэу сеплъы.
Уятэ фэдэу ухъущт ыlуи,
Офицерыр къысщытхъугъ.



Стих цlыкlухэр къысигъаlуи,
Жъогъо плъыжьыр къыситыгъ.
Ар пэlо натlэм хэлърэм фэд,
Плъыжь къэпитфэу дахэ дэд.
Гъэшlэгъонэу ар зэхэт
Гъупчъэ-уатэр ышыгу тет.
Командирым къыситыгъэр
Лъэшэу згъэшlоу сыбгъэ хэлъ.
Сыныбжь инъумэ сэ сшlоигъор —
Дзэм сыкlонэу сыгу илъ.

## МЭШIОКУ

Пыф-сыф,
Пыф-сыф.
Чэщи мафи
Iофы хэт.
Жьыр кIэфэфэу
Гъогум тет,
КъызыбыукIэ,
ЧIыр дэгырзы.
КIэкуукIэу
Жьыр зэIебзы,
Пэхъэ стырэр
ПэутысыкIы.
Прожекторхэр
ХэлыдынIы,
Чэщы бгъэгур
РегъэнIоты.
МашIоку гъогур
КъагъэшIэтыы.
Жъогъо плъыжьыр
Ыбгъэ хэлъ.
МэшIожьыри
КъыIольэлъ.
Къали къуаджи
Ар аблэчьы.



Мэзи губгъи
Къапхырэчъы.
Товарыхэр
Къызэблещы.
Пассажирхэр
Ащ зэрещэ.
Ти «Артеки»
ТырещапIэ,
Тихы инми
Ар якIуапIэ,
Москва дакIы
Пекин манIо.
Ащи блэнIы
Ар лъэкIуатэ.
Пыф-сыф.
Пыф-сыф.
IуфэфыкIэу
Игъогу рэчъэ.
ХэкIорынIэу
Ар мэзечъэ.

## ОТКРЫТКЭР

Сшынахьыжьэу къалэм дэсым
Иоткрыткэ къысlукlагъ,
А открыткэм ит сурэтым
Сеплъызэ, сянэ къыlухьагъ.
— Ошlа, о, мыщ ит сурэтыр,
Зэхэпхыгъа щытхъоу пылъыр?!
— Зэхэсхыгъэп, ау бэу дахэ,
Сеплъы, лъэшэу сэгъэшlагъо,
Тят, къысаlу, сыда тетыр?
— Олъэгъуба инагъэр,
Ошъуапщэхэм зэранэсырэр!
Еджапlэу щылэм анахь ин,
Шlэныгъэ куу щыбгъотын.
Наукэхэм ядворецкlэ
Тинародхэр ащ еджагъэх.
Москва къалэр дэкlэранlэ,
Зэкъошыбэ щырагъаджэ.
О уишколи ущпэрытэу,
Медаль кlыгъоу къэуухмэ,
Пстэуми апэу ащ уаштэщт,
Щlыф гъэсагъэ ущыхъущт.



А открыткэр сэ сиыъапlэ
Систол тельэу бэра сеплъы.
Еджэпlэшхор сигугъапlэ,
Сыщеджэнэу зысэгъэпсы.

## СЫДЭУЩТЭУ АЩ УЕДЖЭЩТА

Мафэ горэм Хьаарэт
Магазинэм аlофтагъ.
— Елбэт, укъэмыт! —
Джаущтэу янэ ащ риlуагъ.
Ау ныбджэгъухэр ащ зелъэгъум
Къыраlуагъэр щыгъупщагъ,
Кlалэр дэхи зытет гъогум
Шlыкlэеным диублагъ.
Хьаарэты бынып паплъэ,
Янэ дэкlышъ бэрэ маплъэ.
Ау къэкlожьрэп, кlалэр къэт,
Бынып лъэшэу lофы хэт.
Сыхьатитlуи ащ блегъэкlы.
— Сыпъыкlощт Хьаарэты, —
Еlошъ янэ унэм къекlы,
Магазинэм кlуи чlэхьагъ,
Ау ащ шъаор чlимыгъотагъ.
Чэщ хъужьыгъэу Хьаарэты
Къихьажьыгъэу мыр къеlуатэ:
— Магазинэр егъэтыгъ,
Сыпаплъэзэ сеэзщыгъ.





## МОРЯК СЭ СЫХЪУЩТ

Аскэр цlыкlур зэсымаджэм
Врачыр ыдэжь къэкlогъагъ.
Уц lэзэгъоу, уц дыджым,
Ыгу римыхьэу ешьогъагъ.
Ащ нэужым тэджыжьыгъэ,
Псау-таоу ар хъужьыгъэ.
А врач дэдэр аз зымафэ
Къакlуи типчъэ къыlуихыгъ.
Врачыр Аскэр зэрилъэгъоу,
Ышъо псынкlэу пигъэзыгъ:
— Къыхьыгъэна уцы дыджэр,
Ыlыгъына мэстэ кlахьыр, —
Ыгукlэ кlалэм зыфеlожьы,
Ышъуи лъэшэу къызэокlы.
— Мыдэ къакlолъ, — врачым къеlо,
— Сысымэджэжьэп, — Аскэры еlо.
— Ухъужьыгъэмэ лъэшэу дэгъу,
Зэрэуишlугъор гуапэ сщэхъу.
— Сыдэу ухъумэ пшlоигъощт,
Сэнэхьатэу сыд хэпхыщт?
— Тиморякхэр шlу сэлъэгъу,
Ащ афэдэ сыхъумэ дэгъу.
— Дэгъуба, дэгъу, ар гушlуагъо,
Ау, зы lофым хэсэлъагъо;

Моряк шъыпкъэ ухъуным пае,
Ятамыгъэ пхэслъхьан фае.
— Ар сыдэущтэу о пшІышъущт?
— ПІэлыджанэ тесшІахьыщт.
ЫІэлджанэ къыдещае,
ЫІэ врачым къыфещэи,
Уцыр щефэшъ, Аскэр ыІэ
Врачым шъорэкІ ащ къыхельхьэ,
Зы тхьэмафэм, зи ымыІоу,
Якорь фэдэу тырегъэгъуахьы.

●

Джы Аскэр тамыгъэ шІагъоу
Тет шъорэкІыр къегъэлъагъо:
— Хы Флотым сэ сащтэщт,
Мы тамыгъэм саригъэштэщт.

## ЗЭШИЩЫР

Къэплъан, Аслъан, Беслъан —
Ахэр зэкІэ зэшых,
Лъэшэу зэфэчэфых.
Къэплъан, Аслъан, Беслъан —
Школым зэдычІэсых,
Щэри зэнэкъокъух.
Дэгъоу теджэщт, тытхэщт,
Іэдэб дахи тхэлъыщт.
Джахэр Іуагъэу ашІы.
Бэмми ар зэлъешІэ.
Къэплъан тфыхэр нъехьы,
Ар нахь дахэу матхэ.
Аслъани ишъыпкъэу
Еджэным зырэты.
ЕджэкІо пэрытэу
Грамоти къыраты.
Беслъанэр къыщанэ,
ТІухэр къыщІухафэ.
— Хъунэп! — Беслъан еІо, —
Сшыхэр сапэ ешъых,
Сяплъы, сегупшысэ,
Къэлэмхэр зэфэдэ,
Тхылъхэр, а зыр ары.
Сыд фэшІ сакІэмхьана?

Апи симышъына?
Беслъан шъхьакlо ешlы,
Ишъыпкъэ рехьылlэ,
Урокхэм ягугъу,
Ыlшитlуи бгъодэсы,
Фэхъух lэпыlэгъу,
Беслъан бэрэ щысы:
Еджэ, еджэ, матхэ,
Матхэ, матхэ, еджэ.
Аузэ Беслъан цlыкlур
Пэрытмэ ахlахьэ,
Еплъых ащ зэшитlур.
— Бэу тшы чаным! — аlо.

●

Беслъаны ышlагъэр
Щысэкlэ тэжъугъашт.
Хэтыми егугъурэр
Пэрытым кlэхьащт.

### ХЪАДЖЭТ

Хъаджэт цlыкlум даджэгу шlоигъоу
Щэджэгъоужым Разиет къэсыгъ.
Ау ипшъэшъэгъу Хъаджэт пымылъэу
Емыгугъухэу къыгъэтlысыгъ.
— Сыда къэхъугъэр? — Разиет
къэупчlэ.
— Тигъунэгъу ныом ыджэ сэ сэкlо,
Нэкlо укlощтмэ узыдэсщэщт, —
Хъаджэт шъабэу джэуап къетыжьы.
— Жъыгъэм дэжь сыкlомэ сыд
сэбгъашlэщт! —
Ар къеlошъ, Разиет псынкlэу lокlыжьы,
Хъаджэты цlыкlур ренэу ныом лъэплъэ,
Ныо шъхьацыфыр гушlоу ащ къеплъы.
Ишlуагъэ екlы, унэр фепхъэнкlы,
Машlори фешlы, псыри къыфехьы.
— Сыдым уфая, нэнэжь, къысаlу,
Банэм усщэна? — Хъаджэт къеlо,
Ныор мэгушlо, ныор мэчэфы,
Ыlэхари дахэу Хъаджэт къыщефэ.
Гъунэгъу ныор Хъаджэт ыбгынэрэп,
Цlыфыгъэу ащ хэлъым гъунэ иlахэп.
Ащ пае Хъаджэт щытхъур феlуат,
Быныри, хъаблэри лъэшэу фэраз.

## СЫДА МЫХЭР?

Машlо жьышlэу зэкlагъанэ,
Емыпщэхэу агъэнlуасэ.
Тыгъэм фэдэу нэфыр къеты,
Жьуагъо пlонэу зэпэшlэты.

●

Нэцlыкlу-пэцlыкlукlэ
Цlыфхэр еджэ,
Джэдыгу цlынlукlэ
Зыкъегъэфабэ.

●

Лъэкъо кlэкl,
Кlыбы шъуабгъу,
Бгъунджэу щылъ,
Лышхо тэлъ.

●

Цугъожъ папкlэу ар мэбыу,
Пэбэыджынмэ гъоз къарехы.

●

Теурыкlу елъэкlон,
Псым ыкlыlу къухьэу тес.
Еэщыгъ ымыlон,
Уцы къашхъор ащ иlус.



●

Лэжьыгъэр ехыжьы,
Ехы еlожьы,
Iожьыгъэр запедзы,
Къабзэу къыдэкlы.

●

Зы пэшхо пытышъ огум едысы,
Унэ зэтетым ыкlыlу нэсы.
Чlыр пэкlэ етхъу, канапыр етlы,
Етlэ кухьашхор зэкlэм еlэты.

●

Мэзэгъо чэщрэ
Нафэу опъэгъу,
Учъэмэ мачъэ,
Укlомэ макlо.

●

Игъогу гъучlы,
Жьыр кlэфэфы.
Шы кlэмытэу
Бэу зэрещэ,
Тэди мачъэ,
Чlыр къегъаджэ.

●

Ицlыкlугъом дэхэ дэд,
Ышъо тlыргъоу зэпэшlэт.
Шхыныгъуиблыр ипы хах,
Ицы шъабэ щыуахь дах.

●

Чlыгуи псыхъуи
Арымыкlу,
Ау зы бзыуи
Къытемыкlу.

## ЮНЫСЫРЭ ТЭТЭЖЪ ИНЭГЪУНДЖЭРЭ

Тэтэжъым пхъэнтӀэкӀур ыгъэцэкӀэжьыми,
Лэнысти шъэжъый ыгъэчаныжьыми,
Газет къыфахьэу еджэу тӀысыгъэми,
Сыд фэдэ Ӏоф ышӀэнэу фежьэми
Нэгъундж инэр ренэу зыкӀелъхьэ,
Ар пэтхы шъыпкъэм тельэу зэрехьэ.
Апч хъураитӀоу нэгъунджэр зэгот,
Дышъэ хъурджанэм ахэр кӀоцӀыт,
ТхьакӀумэ лъапшъэмэ къопсхэр якӀужьы,
Зафэдэу нэгъунджэр зэпэпыдыжьы.
— Нэгъунджэ дахэр лъэшэу сыгу рехьы,
Зызанъу нэмыӀэми сшӀоигъу зыкӀаслъхьэ,
Юнысы цӀыкӀум макӀэу хеӀукӀы,
Ар зыдэщыӀъымкӀэ бэрэ рекӀокӀы.
Тэтэжъыр чъыягъэу диваным ильэу,
Дышъэ нэгъунджэу столышъхьэм тельыр
ГуаӀэмэ-гуаӀэзэ ынэ къыкӀелъхьэ,
ЦӀыкӀу-цӀыкӀоу кӀалэм мары зеплъыхьэ...
Зэплъырэ пстэури къышӀузэӀахьэ;
ПхъэнтӀэкӀур столым фэдэу зэӀэкӀы,
ШъхьаныгъупчъэкӀи пчъи шӀузэхэкӀуакӀэ.
Тэтэжъым еплъымэ иныжъэу къышӀошӀы,
Чэтыур аслъанэу ащ къыпэшӀошӀы,
Щынагъошъ ылъэгъурэм ыгучӀэ рехы,
ПсынкӀэу нэгъунджэр ынэ къыкӀехы.
Зэрэщытыгъэу зэкӀэ мэхъужьы,
Мыщ дэжьым кӀалэр мэгупсэфыжьы.
Фэсакъэу нэгъунджэр егъэӀылъыжьы,
Тэтэжъым еплъызэ мыр кӀэльеӀожьы:
«Сыд пае тэтэжъым нэгъунджэр Ӏулъыра?
Ар лъыды-пкӀыдэу тэтэжъ шӀодахэми
Ащ фэд нэмыӀэмэ сыфэмыяхи».

## ТИМЭ ЦӀЫКӀУМ КЪЕХЪУЛӀАГЪЭР

Итэтэжьы лулэр Ӏуль,
Илулашъхьэ машӀор хэль.
ЗынӀуасэкӀэ хегъэнэжьы,
НэкӀы хъумэ еушъэжьы.
Емызэщэу лулэм кӀэшъу,
Тутын чысэр непэ решъу.
ИешъуакӀэ лъэшэу щхэны,
Шъыпкъэ дэдэу гъэшӀэгъоны:
Ӏугъор чыжьэу, чыжьэу ефы,
Пэбзыджыимэ къарэфэфы.
Тэтэжъ дэжьы Тимэ щысэу
Бэрэ, бэрэ егупшысэ:
«Сыды пае къыӀуфэфэу
Тутыныбэ ащ ыгъэстра?!
Мо тутыныр ӀэшӀун фае,
Ау ар сэркӀэ къэшӀэгъуае»,
Тимэ цӀыкӀу ыгу къэкӀы:
Тэтэжъ лулэр зигъэӀылъыкӀэ,
ЦӀыкӀу-цӀыкӀоу енӀолӀэнэу,
Зэ нэмыӀэми ащ ешъонэу.
Зэ шъхьай тэтэжъ гуӀэу екӀы,
Лулэр стызэ ащ къегъанэ.
Тимэ лулэм къыдекӀонкӀы,
Еплъы, къештэшъ зыӀуегъанэ,



Лулэ пакӀэр дыджы-псыджы.
Ащ ӀукӀоцӀыр къегъэлыджы.
Ӏугъор гъоэзу зыӀуегъэпщы.
Пщэ коренэу зезэрэщэ.
Егъэуташъошъ ыгу къыпешъу,
Ӏугъо дыджым ынэ решъу.
Лулэр псынкӀэу зыӀуехыжьы,
Ерэхьатэу жьы къещэжьы:
— Уешъо хъуна мо тутыным!
Дыджэу, хафэу мыбылымым!
Арма тэтэжъ бэу хэукъо,
Сызиджагъор тутын ешъо.
Чыир ретхъы, уни решъу,
ЕсӀощт тэтэжъ емышъонэу,
Лулэ дыджыр чӀидзынкъынэу.

## БУБЭ ИЗЕКIУАКI

Бубэ цIыкIур тхьаусхая,
Iофшlэныр иаджал.
Пхъэ къыхьынэу къызырaIом
ЫIэ узэу арипуагъ.
— Iус афихба чэты цIыкIумэ, —
Янэ кIалэм къельэIугъ,
Ар ти Бубэ ыгу къеуагъ,
Бзыпъфыгъэ Iофэу ар ыIуагъ.
Ышыпхъу цIыкIур зыхэлъ кушъэр
Ымгъэхъыеу IокIошъыжьы.
Мыдэ къакIуи шхэ зыраIом
Джэмышх иныр чъи къыштагъ,
Пстэуми апэу нэси Iанэм
Шхынэу телъым пэIыстагъ.

## ХЬУДЭ ИГЪЭПСЫКI

Урокыр зиухыкIэ,
Школым къычIэльэты.
Епъэшъ зым ичэукIэ
Чылэр къыдепхъоты.
Хьахэр ыгъэхьанъуэз,
Къуаджэр зэпекIухьы.
Бынэр зылъигъэхъуэз,
Тыгъэри къуегъахьэ.
— Тэдэ ущыIагъа?
— Клубым сыкIогъагъ.
— Урокыр пшIыгъаха?
— Игъо симыфагъ.
— Сыда джы о пшIэщтыр?
— Джыри сыджэгущт.
— Адэ уиурокхэр?
— Игъо сифэжьыщт.

●

Хьудэ иеджанIэ,
КIалэ, земыгъас,
Хьудэ изекIуанIэ
Зыми емыуас,

## ЗЭШИТIУМЭ ТХЫЛЪИТIУ КЪАФАЩЭФЫГЪ

ЗэшитIумэ тхылъитIу къафащэфыгъ,
Зырызэу тхылъхэр афагощыгъ.
НахьыкIэм къабзэу тхылъыр зэрехьэ.
МыушIоинэу кIышъо тырелъхьэ.
НэкIубгъо пэпчъэу сакъэу зэгуехы,
Сурэтэу дэтым тхыпхъэ тырехы.
Нахьыжъым тхылъыр джэгуальэу ешIы,
Тхылъым ыпакIэ гъуанэ хегъэчъы,
Iуданы кIыхьэр гъуанэмкIэ пешIэ,
Бэыоу ышIыгъэшъ мэIэчъэ-лъачъэ.
Ау тхылъы цIыкIум зыкIи зиIэтрэп,
Сыд ришIэфыгъэкIи чIыгум фытекIрэп,
Янэрэ ятэрэ нахьыкIэм щэтхъу,
Нахьыжъым ишэн гухэкI афэхъу...
ЗэшитIумэ тхылъитIу къафащэфыгъ,
Ау яIыгъыкIэ зэфэшъхьафыгъ.

## ПШЪЭШЪЭЖЪЫЕМРЭ БЗЫУЖЪЫЕМРЭ

Щагу бзыоу, бзыужъыем
Натрыфыцэр ылъэгъугъ,
ЕбыбылIи цэ хъураем
МэкIэ-макIэу еуIугъ.
Бгъу пстэумкIи зыфегъазэ,
ЗэрилъэкIэу зэлрегъазэ,
Зэ еуIу, тIо еуIу,
Ипытагъэ егъэгуIэ:
«Сыдэу адэ пытэ дэд,
Натрыфыцэр мыжъом фэд!»
Бзыум ыжэ къызэкIещы,
Ау пкIэ иIэп, ар цIыкIущэ:
Натрыфыцэр дигъэфэшъуущрэп.
Сыдэу ышIми фэдырышъурэп.
КъаIо пшIэщтыр?! ТхьамыкIагъу,
ИщыкIагъэр IэпыIэгъу.
Пшъэшъэжъыем ар эелъэгъум
Мыжъор къыщти цэм еIугъ.
Бзыу цIыкIур IобыбыкIы,
Пшъэшъэжъыем цэр еубыкIы.
Пшъэшъэжъыер къыукIыжьи,
Бзыужъыер къэбыбыжьи,
Шъхьадж иIофи фежьэжьыгъ.

## БЭДЖЭЖЪЫЙ

Хъот-борэныр нъызэрежьэу
Мэзы Iапчъэм нъыхэлъэты.
Джэдыгу фабэр ещэкIыгъэу
Къоджэ гъегум зыкъырeты.
А тхьагъэпцIыр зыфэсакъы
КъыпыIукIрэп ащ зы макъи:
ТхьакIумэ чанхэр кIегъэзыкIы,
ЛъэпэпцIыеу къекIошъэкIы.
Ныбэ нэкIышъ ар мэшакIо,
Къолэбзыумэ шъэфэу якIу,
Ыгъотымэ ыкъузыщт,
Егъотыфэ ар шэкIощт.



## ЧЭТЫУ ЦIЫКIУР

Чэтыу цIыкIур шъоо-гые,
Шъуаеу щыIэр егъэпыи,
Хьэ зильэгъукIэ, ащ кIетхъужьы,
Чъыгы лъагэм дэчъэежьы.
Ынэ тэпхэр къелыдыкIы,
Лъэкъо цIыкIукIэ зыкъетхьакIы.
Лымэ зеукIэ мэгуIапэ,
ПакIэу тетыр мэхъублаблэ.
Щэ IэшIу ептмэ, репъыпIыкIы,
ПкIэтэ-пъатэу хэгущIукIы.
Цыгъо цIыкIум ыуж ефы,
КъыэиубыткIэ псыр къыпефы.
Ныбэ-тIыбэу къызихьажькIэ,
Згъэлъаешъ пIэм хэтIысхьэ,
УедэхашIэу узытIыскIэ,
Игопэшхоу пкIокI къетIысхьэ.

## КЪЕЩХЫ

Къещхы, къещхы,
Ощх къытфещхы.
Къепэпэхы,
Къебзэбзэхы.
Губгъи хати
Псыр ахахьэ,
Шъофи хъулІи
Апкъырэхьэ.
Мэзи сади
Псыр ахахьэ,
Ощхы шъабэр
Сыдэу шІущэ,
Гъэбэжъушхор
Къызыдещэ.
Псыхъо цІыкІухэр
Зезэрэщэ,
Къошъо шІыгъэр
ТетэтІупщхьэ,
ТхылъыпІэ къуашъор
Псычъэм ехы.
Къещхы, къещхы,
Ощх къытфещхы.
Коци уци
Ар атещхэ,



ШынэгъэнІэр
ЧІым къырэты,
Ощхы шъабэр
Уцы Іэты.
Къещхы, къещхы,
Къепэпэхы,
Къебзэбзэхы —
Жьы фэбаер
КъызэІефы —
Тегъэчэфы.
ЧІым икъэпы
Ар пхырэнІы,
ЧІым ибгъапэ
Жьы дегъэкІы.
Къещхы, къещхы,
Ощх къытфещхы,
Ожьубанэр —
Гъэбэжъу Іанэр
Сыдэу тхъагъо,
Ар гушІуагъо.

## СЫДА ПШЪЭШЪЭЖЪЫЕР ЗЫГЪЭХЪУЖЬЫГЪАПЭР

Пшъашъэжъые цlыкlур
Хъуешъ сымаджэ,
Хэлъыгъ ипlэкlоры
Ар охъта бэкlаэ.
Уцыжэ яшъоным
Ащ ыгу ырэутым
— Нэнэжъыр къэкlонэу,
Пшысэ къыlотэнэу
Сфежъугъэlу макъэ, — elo,
Сымаджэр мэлъаlо...
Нэнэжъ псынкlэу къакlо,
Пшысэм пшысэр лъэкlо...
Пшъэшъэжъыер хъужьи,
Ылъэ теуцожьи,
Джэгуным пэхьажьы,
Узыр щэгъупшэжьы.
Врачым къыхэlукlы:
— Джы о уузынчъэшъ,
Уцыр хъугъэп пкlэнчъэ.
Яна хэгушlукlы:
— Тегугъугъ тэ зэкlэ!
— Хьау! — нэнэжъым къеlо
Хэти гурегъаlо, —



Ізэгъу фэхъугъэр —
Пшысэу къыфаclуагъэр!
Нэнэжъ иlуагъэ
Пшъашъэр егупшысэ:
— Сыда сэ зишlуагъэ
Адэ къысэкlыгъэр?
Нэнэжъ итхыдэ
Узыр егъакlоды.

## НЕУЩ ШКОЛЫМ СЭ СШЫ МАКӀО

Неущ школым сэ сшы макӀо,
Тэ тиунэ чэфыр из.
Шъыпкъэ дэдэу ащ сехъуапсэ,
Ипортфелы тхылъыр диз.
Сшынахьыжъы сыкъеныӀуалӀэ,
Ащ сехъуапсэшъ, сынъелъэӀу:
— Моу уитхылъхэм зэ сягъаплъи,
— Зэ уиджани зыщысэгъалъи,
— УипаӀуакӀи хъун сфэшӀункӀи,
Зи фэӀуагъэп сшъхьэ тесынкӀи...
Сшынахьыжъы къызӀуепхъоты,
Сэ джэуапэу мыр къысеты:
— Сэ ситхылъхэр уушӀоищтых,
Сищыгъынхэр пфэкӀахьыщтых...
Бэныр рэхьат джы хъужьыгъэ,
ЗэкӀэ исыр гъолъыжьыгъэ,
Зытхылъ къасшти сэ сплъахьыгъэ,
ПаӀор инэу сэркӀэ хъугъэ.
Джанэр сэштэшъ зэсэгъэпшэ,
Лъапэм нъэсы, ар кӀахьыщэ.
Тхыпъыр, тхылъыр зэгосэхы,
Дэт сурэтхэр сыгу рехьы:
Мары кӀапэхэр мэджэгух,
Карти дэт ащ ыгуазэгу.
Дахэ партым исурэти,
Дэсэлъагъо стихы корти...
Ау сядджэнэу джыри сшӀэрэп,
Сыда пӀомэ сишкол кӀогъэп...
Пытэу, пытэу сшы мэчъые,
Тхылъыр чӀыпӀэм сэ сэхьыжьы,
Джанэр дахэу сщахьыжьыгъ.
Сшы ипаӀуи сэ пыслъэжьи,
ЗэкӀэ ахэм сыкъяплъыжьи,
Сыгу цӀыкӀуи хэщэтыкӀэз,
ЦӀыкӀу-цӀыкӀоу сэгъолъыжьы.

## КIЭЛЭЦIЫКIУМРЭ КОМБАЙНЭМРЭ

Пстэуми кIалэр акIэупчIэ,
Ышъхьэ шIоигъу зэкIэ, зэкIэ,
— МашIоку иныр таущтэу кIорэ?
— Жьы къуахьышхор таущтэу
быбрэ?

Ащ упчIабэ непэ къеты,
УпчIэ пэпчъы джэуап раты.
Ау комбайнэр ащ шIошIагъоу
Ылъэгъу шIоигъоу ар бэшIагъэу,
— НекIо, кIалэ, мыдэ шIэхы.
Уздэсщэщт сэ пэжъыгъэхы.
Джаущтэу къеIо кIалэм ятэ,
КIалэр чэфышъ мэгушIуатэ...
КIалэр еплъышъ тет комбайнэм.
Яти мары тес комбайнэм,
Имоторхэр къызэкIабли,
Коцы хьасэм къыдеубли
Ищэмэджи къегъэжъыу,
Ихьашъохэр къызэблэу.
Къехы, къехы, гурегъэхы,
Коцы хьасэр дахэу къехы.
Ащ нэужым ар къеIожьы,
Коцыр къабзэу къыдэкIыжьы,



Машинэхэр къыIокIуашъэ,
Дышъэ коцыр арауашъэ,
Шъэожъыем ежь ынитIукIэ
Ылъэгъугъэшъ, иIэп упчIэ.
Ащ джы дэгъоу ешIэ зэкIэ —
Комбайнэшхом иIофшIакIэ.

## ТЕЛЕФОН КЪЫТФЫРАЩАГЪ

Тэ тиунэ телефон
Къытфыращи къыпалъагъ. —
Икъэбар ащ къышъосIон —
Непэ бэрэ къытеуагъ.
Ары къэсми Октик цIыкIу
Лъэтемытэу ащ ечъалI,
Трубкэр къештэшъ ащ зегъэлI:
— Хэт ар сэIо? СыкъэдаIо,
Узыфаер сэ къысаIу,
Алло! Ихьау ар тэрэп,
Ухэукъуагъ о, ау Iофэп!
Телефоныр къытфытеу
Одыджыныр зэпымыоу,
Октик трубкэр зэлъегъаI,
Фэчэфышхоу мэгущаI.
— Сянэ? Исэп, Iофым щыI,
КъэкIожьымэ дэгущыI,
Телефоныр, ар мыпшъыжь,
Одыджыныр ащ къегъажь:
— Тэтажъ мыдэ къыIорэхь,
Ар Советым къычIэрэхь.
КъэгущыIэрэр бэдэд,
Октик яти, ащ ахэт.
Москва щыIэу къыщытео,
Упчlэ пчъагъэ къызэлъет:
— Шъупсауха? Сыдэу щыт?
Тэтажъ иIоф сыдым тет?..
Тэ тиунэ телефон
Къытфыращи къыпалъагъ,
Икъэбар ащ гъэшIэгъон,
Октик цIыкIур зыпищагъ.
КъэкIуахьыным ар фэмый,
Джэгуными зыщедзый,
Ащ икIасэр — телефон,
Ар зыфаер гущыIэн!

## КУЩЫКУ АПЭРЭ КИНОМ ЗЭРЭКIУАГЪЭР

Ныбжьи киком мыкIогъахэу
Кущыку ащи рагъэплъыгъ.
Залыр зэкIэ зэлъмззахэу
КIымы-псымэу ылъэгъугъ.
ТIэкIу тешIагъэу нэфы куашэр
ШэкIы фыжьым тыридзагъ.
Къачъэ, къачъэ шыу пацэр
Сэшхор лъагэу ыгъэIагъ...
Залым исхэм ар ашIэжьы,
Пстэури Iэгум къыфытео,
Кущыку ятэ еупчIыжьы:
— Хэта мыр, тат, къысфэIуат.
Ятэ икъо зыфегъазэ:
— Мыр Чапай, о ар зэгъашIэ,
Мары пстэуми апэ ит,
Ащ исэшхо зэпэшIэт.
ЗэолIыхэр ащ бгъодэтэу
Пыйхэм яох, зэхакъутэ...
Кущыку еплъы, кином еплъы,
Зэошъыпкъэу ар елъытэ,
«Ура!», — еIошъ хэкуукIы,
Фай ишIуагъэ аригъэкIы.
Чапаевым щэр къытефэ,
Кущыку нэпсхэр къышIокIуагъэх,
Урал псыхъом ар зыхафэм
ЫIэбжьымхэр зэкIилъхьагъэх...
Ащ кинор щаухыжьы,
Залыр нэфэу джы къэхъужьы.
— НекIожь, ситIыхъу, джы тадэжьы,—
Ятэ къеIошъ, зэдежьэжьых.
Кущыку ядэжь къызэсыжьым,
Кинор ыгу къызэкIыжьым,
Бэщы иныр еIэшъ къештэ,
Сэшхо лапкIэу къеIэты.
ПхъэнтIэкIу цIыкIур запрегъазэ,
Ащ шым фэдэу зыщегъазэ,
Ар язао фыжьыдзэмэ,
Чапаевэу щытыгъэмэ,
Ащ Чапаер къыгъэнэнэу,
Ащ ишъыпкъэу къеIо ренэу.

## ЗЭШИТIУМЭ ЯГУЩЫН

Ышнахьыжъи ышнахьыкIи
ЗакIымыгъухэу къыхэмыкI,
Мары Iусхэу япчъэIупэ,
ГущыIаным ратъэкIокI.
ЫшнахьыкIэ упчIэр къеты:
— Таущтэу къэхъура саIо пщэхэр?
Ышнахьыжъы зыкъеIэты
Ащ джэуапыр къызIуепхъоты:
— Онджэкъымэ яIугъохэр
ЗэIэкIыжьи пщэ мэхъужьы!
— Тэдэ къэкIырэ типсыхъохэр?
— Ощхыр псыхъоу зэхэхьажьы.
— Адэ сыд пай тхьакIумыкIахьым
ЫкIэ пакуа, ар сльэгъугъ!
— ЦIыкIоу мэзым къызхэкIым
ЫкIэ хьохэм шIупатхъыгъ.
ЫшIэ шIоигъу зэкIэ, зэкIэ
Къеты упчIэр ышнахьыкIэ:
— Сыд пай осыр адэ фыжьа?
Е мышхъуантIэ, е мыплъыжьы?
Шынахьыжъыр егупшысэ,
ПсынкIэу джэуап къеугупшысы:
— Къемысызэ, осыр огум
Гупъатагъэп щагъэлэным...



— Адэ сыда лIыжъыщтыргъукIыр
Ильэс псаом тэ тадэжьы
Зэ закъо нахь къэмыкIорэ?
Ыш джэуапэу мыр ретыжьы:
— ЛIыжъ щтыргъукIым куиэ
чыжьэ.
Ар нъэсыфэ ильэс тешIэ,
Джэуштэу зэшхэр мэгущыIэ,
ЩыIэп ахэр зынэмысрэ.

## ТЫНЫ ЛЪАПI

Столицэу Москвам къекIыжьышъ
Ядэжьы кIалэр къэкIожьы,
ИIалъмэкъи къетIатэ,
Iэхьылмэ зырызэу ятэ:
Шъхьатехъор янэ фещэй,
Дэнэ Iуданэхэр зэхэлъхэу
Янэжъы ыкоkIы релъхьэ.
НэмыкIы тынхэр егощы,
ИIалъмэкъи еунэкIы.
— Адэ о сыд уIэнэкIи, —
Ибынхэр кIалэм къеупчIы, —
Къэлэшхом о къинIыжьыгъэр
Сыда къызфэпхьыжьыгъэр?
— Хьау сэIо сыIахьынчъахэп,
Тыны лъапIэм сыхэныгъахэп...
УкIоу Москва удэмыхьэу,
Гуфаплъэу зыщымыплъахьэу,
IэкIэ ащ уномысыщт,
НэхэмкIи ар умылъэгъущт.
Тыны лъапIэу къыздэсщагъэр
Вагонишъи арымыфэн!
ЗэкIэ ащ къыщыслъэгъугъэр
Зи хэмызэу сыухъумэн?
Ар шъошIа — Краснэ Площадыр,
Москва пэгъунэгъу мэзыр,
Ахэр машинэ лыдхэу
Москва ураммэ атизыр
Сэ тыны лъапIэу къэсхьыгъэр
Сэ сыгу пытэу зыIыгъэр.
Ар Москва икIэлэ чэфмэ
Амакъэ жъынчэу дэхащэ.
Ахэр дворецых, музеих,
Паркы кIэранIэх, аллеих,
ЗэкIэ слъэгъугъэр сэ шIуща,
А псэуэри сынэгу къыкIэщы,
— Сыда къыпщыгъэр о Москва?
— Зэрэпсэоу, зэрэ Москва!

## ТЭТЭЖЪ ЛУЛЭР ШIОНIОДЫГЪ

Тэтэжъ лулэр шIонIодыгъ,
Ыгъотыжьырэп, ар губжыгъ:
«ЗысIыгъыгъэр мо джыдэд.
Тумы хъугъэм ар джы фэд!»
Джыбэ пстэуми арыIаб,
Дэгъэчъыми адэIаб,
Столы чIэгъыми зыщеплъахь,
Унэр зэкIэ зэпеIухь.
Ау илулэ ымыгъот,
Мо тэтэжъыр Iоф хэт.
— Ар симыIэу мыхъухэщт,
Тутын сыдым сырешъощт?
ЗэкIэ, зэкIэ къэсплъыхьагъ,
Лулэ шIагъор сшIонIодыгъ.
Пхъорэлъф цIыкIур мэщхышъ щыт,
Хъугъэм псынкIэу гу къылъет,
Тэтэжъ нэжгъыр зэIэгъахь,
Пхъорэлъф цIыкIум къыбгъодахь:
— Ущхын нахьи, силIэхъупхь,
Мо силулэ къыздылъыхъу!
Пхъорэлъф кIалэу Шъалихь цIынIу
Хъугъэр шъыпкъэу шIоемыкIу:
— Джыбэ пстэуми уарэIаб,
Дэгъэчъыми удэIаб,
Столы чIэгъым учIэплъахь...
Зэ моу гъунджэм о иплъахь,
ЛIыжъэр гъунджэм кIуи иплъагъ,
Лулэр ыжэ дилъэгъуагъ.

## ХЬАЗРЭТ ШЫГЪАЧЪЭМ ЗЭРЭКIУАГЪЭР

Шыгъэчъэшхом кIон ыгу хэлъэу
Тэтэжъ кIасэм зеухьазыры,
Хьазрэт цIыкIури тэтэжъ еплъэу
— СыкIощт, — еIо, — сызэщ сэри,
Итэтэжъы ар Iоплъахьы,
Нанэжъ кIалэм зыфеплъахьы:
— УиIоф щыIэп о шыгъачъэм,
Джаущтэу реIо нанэжь кIалэм, —
ГъорекIо фэдэу укIодыщт о,
Чэщ охъуфи тыплъыхьущт о!
Ау тэтэжъи Хьазрэти
Зи амыIоу тIэкIурэ щытых,
ТIури макIэу зэдэщхыпцIы,
Ахэр шъошIа? Бэу тхьагъэпцIы:
КIэкIо шIуцIэм ычIэгъ шъыпкъэ
Нэнэжъ маплъэ ар елъэгъу,
Ау ымылъэгъоу къызщегъэхъу:
— Тыдэ хъугъа мы шIыкIаер?
ИкIыгъэна а мыдаIор?
Тэтэжъ икIо къыщегъакIэ,
Мэлъэубабэ мэкIэ-макIэу.



Нэнэжъ ынэ еуцIыргъу,
Хьурэр зэкIэ ащ елъэгъу.
ПчъэшъхьаIумкIэ нэнэжъ маплъэ,
ЛъэкъуиппIымэ акIэлъэплъэ.

## МЭЛЭХЪО ЛIЫЖЪЫР

Хьалалэ тэтэжъэу иlэм
Ыlшъхьацхэр фыжьы хъужьыгъэ,
Тэтэжъы иlэ lэнатlэм
Пылъыр лъэшэу щытхъугъэ.
Илъэс тlокlитlум къехъугъэу,
Егъэхъу мэлы lэхъогъур.
Ынэхэр ащ джы мэузы,
lэзэхэр къакlошъ къеlазэ.
Ынахэр ащ зэнlэпхагъэ,
Унэ кlоцlым манlэу щэкlуашъэ,
Иlэхъогъу ыгу хэнагъэу
Егупшысэ ар мэlушъашъэ.
Кlалэр тэтэжъы кlэрэхьэ:
— Некlо къэтэгъэзкlуахьи,
Манlэу зытэгъэплъахьи,
Хъупlэми тэ тынэсыни,
Уиlэхъогъуи тэ къидгъотэни...
Тэтэжъы гупшысэм зырeты,
Кlалэм ыlапэ къеубыты.
lэхъогъум сыгу къыдекlухьы,
Игъогуи сэ сыгу рахьы.
Сыд пае тылъыхъужьына...
Ыlэ тэтэжъым къегъаlэ:
— Зыплъахьи плъэгъурэр къысаlу.



Къуаджэм ыкlыбэу lэхъогъур
Хъурыхъунlэ хъупlэшlум дэжь
щэхъу.
Хьалалэ ар ыгъэшlагъэу
Тэтэжъым ылъэгъоу къыщэхъу
Зэкlэ ятэжъы къыlуагъэр
Нэрлъэгъоу кlалэм елъэгъу.
Тыгъэм нахь лъагэу зеlэты,
Инэбзый дышъи рекlуты...
Тэтэжъыр къыlогушlуклы,
Кlалэми дахэу реlокlы:
— Зэкlэри тлъэгъущт осаlо,
Умыгуlэу мыдэ къэдаlу,
Псы ригъэшъонэу lэхъогъур
Мэлахъом ефы джы псыlум!
— lэхъогъур тэтэжь елъэгъу! —
Егъэшlагъэ Хьалалэ цlыкlум:
— Унэхэр, тэтэжь, кlэпхагъэми
Зэкlэри тэрэзэу олъэгъу!

## СИЦУАКЪЭХЭР ТЫДЭ ХЪУГЪА?

Къебзэбзэхэу ощхыр къещхы,
Зы цІыфыпси тыди щыІэп,
КІэлэцІыкІур хаплъэшъ мэщхы:
«Ухэхьанкіэ фэдэ щыІэп!»
Ицуакъэхэр къызыщедзых,
ЯпчъэІупэ къыІуедзэжьых.
Гъочэндж лъапэр къыдещае,
КІалэр непэ мэшІыкІае:
Іэгум псынкІэу къыдэлъэты,
Къэлъы уцыр зэпъвутэ...
Хьэпаныер къачъэ, къалъэ,
ЦокъитІури ыжэ делъхьэ,
Ихьаунэ ехьышъ релъхьэ,
МыкІодынэу регъэбылъхьэ.
Джэгугъахэшъ кІалэр пшъыгъэ,
— Сицуакъэхэр тыдэ хъугъа? —
КІэлэцІыкІум зыкъеплъахьы,
ОнІэ-мыкІэ зырегъахьы:
Унэ кІоцІыр къелъыхъухьы,
Щагуи, хати зэлъекІуахьы.
Ощхыпсыбэр чІым къыщэчъэ,
Псыхъо цІыкІоу мэІупчъапчъэ.
Мачъэ-мачъэ Іэжьы-пъэжьэу,
Псыхъо иным халъэджьы.

Ыпэ щылъыр зыделъэсы,
Чыжьэу, чыжьэу Іуелъэсыкіы,
КІэлэцІыкІур егупшысэ:
— Сенэгуе мы ощхыпсым
Сицуакъэхэр ыхьыгъэнкІэ
Е псы чІэгъым чІихьэгъэнкІэ.
Урамыхэм сатехьани
Псы нэпкъыми сынэсыни
Нахь тэрэзэу сылъыхъон,
Сицуакъэхэр тэ хъугъэн?
КІалэм шІэхэу зырегъахьы,
ЗэрилъэкІэу зыкъеплъахьы.
Псыхъом нэсышъ ащ къыкаплъэ,
Псыхъор шІоркъэу зэлъэуалъэ.
Ар нэкъыплъэу хым мэчъэжьы,
КІэхьашъуна?.. Къегъэзэжьы.
КІалэм ыгуи кІодыгъапэ
КъехъулІагъэм ар егъапэ:
— Сицуакъэхэр чІым вчъэхи,
Ахэр сыд пай зыщысэхи!
Джыри зэ ащ зыкъеплъыхьэ,
Ылъэгъурэр сыдэу гуахьы:
Хьэпанием къыфехьыжьы,
Ицуакъэхэр къыретыжьы.
КІалэм шъабэу хьэм Іэ щефэ:
— КъысаІу мыдэ умыушъэфэу
Сицуакъэхэр тэ щыІагъэх,
Ахэр тэдэ щыпІыгъыгъэх?
ХьацІыкІум ыкІэ егъэсысы,
Ынэгу чэфыр къыкІелъэсы.

## ИЛЪЭС ТХЬАПША СЭ СЫНЫБЖЬЫР?

Ти Щамсэты тхьапшы шъыпкъа
Илъэс пчъагъэу ыгъэшIагъэр?
ИIахьылхэр ащ хэукъох,
Ар Щамсэты егъэшIагъо.
Шхэнэу быныр джы тIысыгъэ.
Iанэр дахэу зэIухыгъэ,
Ау Щамсэтыр хэджэгукIы,
Мыуцухэу ар къекIокIы.
— Умыбзаджэль, пшъэшъэжъыер,
Илъэситфэп о уныбжьэр,
О слъэгъурэр шъом уекIыпэ, —
Янэ джаущтэу къыхеIукIы.
Тэтэжъы Iанэм къыпэкIыжьы,
Пшъэшъэжъыер ит ыужы:
— СшIоигъу пиокIы сэ ситIысхьэ,
Е уанокIы сибгъэгъуалъхьэ.
— ПIорэр сшIэрэп о пшъэшъэшхом,
УшIокIыгъ о илъэсихым!
Щамсэт ятэ унэм къехьэ,
ГушIогъошхом ар зэрехьэ,
— Мыдэ къакIошъ пшъэшъэ
хъупхъэр,
Къыфэсхыгъ о сэ джэнапхъэр!



Уежьагъ непэ илъэсиблым
ШIэхэу унIощт джы о школым!
Щамсэт цIыкIум егъэшIагъо:
«Пстэуми сыныбжь зэтраIукIы,
Тхьапшы шъыпкъа сэ згъэшIагъэр?
Ежь ышъхьэкIэ ар зэупчIы.

## ДЖЫБЭ ЦIЫКIУМ ЫШЫПХЪУ ЗЭРИГЪЭЩТАГЪЭР

Ышыпхъу ыгъэщтэнэу,
Дэсэрмэкъэунэу
Джыбэ ыгу къэкIыгъ.
Унэр зэгъэкIы...
ПытъапIэм ечъалIэшъ
Джэдыгур къыпехы,
Ар джэгуныфалIэшъ,
ЗэкIэм зынъегъазэ,
Джыбэм о джэдыгур
ЕIэшъ зэпрегъазэ.
Зэм зегъэтыгъужьы,
Зэм зынъегъэпыжъы,
Быузэ къекIокIы,
Ышыпхъу фыкъокIы.
Ау зи зэхихыгъэп,
Ышыпхъуи къэкIуагъэп,
Шыпхъум зеудэгу,
НэкIы унэ пчэгур...
Джыбэр джы кIэгъожьы,
ДэгуIэу джэдыгур
Кьызышъхьаредзыжьы.
Макъэ къимыIукIэу
Унэр зэпъышIункIы,

КIалэр къэщтэуIу
Ыгуи къэучъыIы.
ЫIупшIэ мо кIалэм
МакIэу мэхъублаблэ,
Ышыпхъоу инIыгъам
Ыгуи фызэкIаблэ.
Остыгъэр ыгъэкIуаси
ИнIыгъ ар, анасын!
Джыбэ цIыкIу къэрабгъэр
ШIункIым ыгъэщтагъэр
Мэгъы хэщэтыкIы,
Хъугъэр ыгу хэкIы.

## КАЗБЕК ЗЭКIЭМИ ЗЭРЯТЭРЭР

Казбек цIыкIум тхылъымIэ
плъыжьыр
Зэрэфаеу зэхебзыхьэ,
Плъыжьы занIзу жъогъо хъущэр
Фэсанъыпэу зэтырелъхьэ.
Ар тэтэжъым къыбгъодахьэ,
Жъогъо плъыжьыр ыбгъэ хелъхьэ.
Тэтэжъ макIэу хэгушIукIы,
КIалэм псынкIэу ар еупчIы:
Мыр зыфэшIыр къысэIуатэлъ.
— КIалэ, непэ укъысатэ,
— Пшысэ дэгъухэр къэоIуатэ,
О ащ фэшIы тын осэты.
Жъуагъор ащ дэжь рахьылIэ,
Иджэнабгъэ фыхеIулIэ.
— Сыд пае мыр къысэптыра?
Сэ шIушIагъэу сиIэр тэра?
— Хъалыгъу IэшIур о тфэошIы,
Сэ сыуатэ о ащ фэшIы.
ЦIыкIуи ини унэм исым
Тыны лъапIэр фегъэшъуашэ,
КъыхэIебэшъ, жъогъо самэм
Щыщы ыбгъэ къырегъапшэ,
Егугъупэу зыхегъанэ,



Жъуагъор дахэу къызэкIанэ.
Сыд пай жъуагъор зэптыжьыгъа?
О уиIэщтыр сыд шIушIагъа?
Джаущтэу Казбек упчIэ раты,
Мыр джэуапэу къызIуепхъоты:
— Ины сыхъумэ ар шъулъэгъун,
ЛIыхъужъ бланэу сэ сыхъун!

## АЗМЭТЫ ПАЛЬТОУ КЪЫЗЭРЭФАЩЭФЫГЪЭР

Гъэмафэ мафэу фэбагъэ,
КIымафэр джыри чыжьагъэ.
— Азмэт, сыфэщэфэщт о,
ТыгъэкIу тучаным тэ титIо, —
ЁIошъы ятэ джы къежьэ,
КIалэри ит ащ ыужы.
Пальтоумэ ятэ къахаплъэ.
ФэшIоуи кIалэм къыщалъэ.
Бзыуцыфыр дэпъэу дытагъэ,
Азмэт лъэшэу гушIуагъэ.
Гъунджэм рагъаплъэ, зелъэгъу.
Петэуми къысаIо». Боу дэгъу...»
— СикIал, зыщыхи, ар щахьы,
Армырымэ фабэм уепахьы.
Ау фабэр зыуи шIомышIэу
ЛъэкъуитIур жъажъэу зэблехы.
ПкIантIэри псэу ащ къечъэхы,
КIалэр къэкIожьы кIэгушIоу.
КIалэхэр ащ къыдэхьащхых,
— Къэсыгъа сэIо осышхо
Хьаури полюсым уежьагъа?
Хьауми чъыIалIэм уиштагъа?



Азмэт цIыкIур мэгубжы,
Афегъэсысы ибжыми,
КъызэIуихьагъэу къэсыжьы,
Гъыныр дыхэтэу къехьажьы.

## ЧЭТЫУМРЭ ГЪУНДЖЭМРЭ

Чэтыу цІыкІур гъунджэм еплъэ,
Рилъагъорэр ащ шІошІагъоу
ЫпэкІитІур зэлъегъэбжьы,
Гъунджэм къыщырэм къегъэгубжы:
«Сыды хьата? Ар къысІоплъэ,
Теплъаджэ нахь! ГучІэр рехы.
Зыми упчІэжь о емыхэу
Сыды фэшІыкІэ укъэкІуагъа?
О слъагъурэр нэпэтехэу
Іэе-Іуеу угъэпсыгъа!
Зи о пшхын мыщ фыралъхьагъэп,
Угъэшханэу зи бгъэхьагъэп,
Ли, хьалыгъуи зэкІэ, зэкІэ
Егъэтыгъэх ІункІыбзэкІэ
Егъэхьу-егъахъу псынкІэу уапэ
Утемыт о сигъогупэ!»
Чэтыужъэу гъунджэм къыщрэр
Ащ иплъэрэм фэдэкъабзэу
Губжыгъаешъ угъэщынэ:
КъырегъэкІы лъэшэу ынэ,
ЫпакІэхэр къырефэкІы,
ЫкІи пхъашэу регъэкІокІы,
ЫтхыщІашъуи къырегъэпшы,
Зигъэинэу ащ зегъэпщы.



Гъунджэм Іутыр мэгубжыпэ,
Гъунджэм къыщырэм ар фытепкІэ:
«Къехи столым унэм икІы,
Армырыма усэукІы!
Сэры сэІо унэр зиер,
ЗыІуетъэхэлъ, о нэІуар.
Ар хъыенэу ихьысапэп,
Армэ къаплъэ сыпшъхьасыщтэп».
ЫлъапэкІэ еуи гъунджэм
Тыридзагъ ар джэхашъом
А зы наІэм гъунджэм къиплъырэ
Чэтыу цІыкІур кІодыпагъэ,
Мыдэ щыты чэтыу цІыкІур
Зыкъиплъахьи зэкІэм къыгъэ:
«Пчъи, шъхьаныгъупчъи егъэтыгъэу
ЧІым пхырызи, тумы хъугъэ!».

## НАТУС

Мафэ къэси ти Натусэ
Зыхэ-зыблъэ зегъэгусэ.
Ышы цӀыкӀуи ежь Натуси
Аратыгъ бэу мыӀэрысэ,
Ау Натусэ мэгъынагъэ:
— Сыдэу макӀэ къысӀукӀагъэр!
Тинэнэжъы щыпсы ешӀы,
ЗэшыпхъуитӀум Ӏахь афешӀы,
Чэт кӀэпцӀитӀур язырызэу
Афырелъхьэ лэгъэ къабзэм.
ИӀахь еплъышъ ти Натусэ
Ащ лъыпытэу зегъэгусэ,
Нэпсыр псыхъоу къырекӀуты:
— Нахьы цӀыкӀур сэ къысаты...
Ти Натусэ цокъэ кӀэпси
Джанэ хъунэу дэнэ псыпси,
МэфэкӀ мафэм къыфащагъэх,
Ауми ахэр шӀомэкӀагъэх,
Шэнычъэжъышъ ти Натусэ
ИкӀэрыкӀэу зегъэгусэ.
Къолэ-бзыухэр ащ дэхъащхы:
— Щыгъэт, гъыным о уеухы!
Чэтыужъри екӀэнакӀэ:
— Бэу емыкӀум уизенӀуакӀэ!



## СЫД ПАЕ?

— Тичэтыу сыд паекӀэ
ЫпакӀэхэр псыгъоу кӀыхьэ?
— Тичэтыу ыпакӀэхэр
Гъуазэ фэхъух, антенн лапкӀэх.
— Атэкъэжъ исыдж плъэгъугъа?
Ар ащ сыдкӀэ ищыкӀагъа?
— Атэкъэжъ исыдж имажьэу
АщкӀэ зежьы, зэупхъужьы.
— Адэ сыд пае типчэны
ЖакӀэу тетыр лапцӀэу иныр?
— ЫжакӀэкӀэ зышӀошӀыжьы,
Дэхэ дэдэу зелъытэжьы.
— Хьэм сыд пае лъэкъуиплӀ иӀа?
ЗыкӀэмытӀур сшӀэрэп ныӀа?
— Зыем ыуж хьэр къимынэу
Лъычьэн фае рены-псынэу.
— ТхьакӀумкӀыхьэм сыд паекӀэ
ЦӀыкӀужъыеу пакуа ыкӀэ?
— ТхьакӀумкӀыхьэр къызэхъукӀэм
Хьэ бзаджэмэ пачыгъ ыкӀэ!

## УФАЯ, ТЭТЭЖЪ, УБЫБЫНЭУ?

— О, тэтэжъыр, убыбынэу
Огу къаргъом ущесынэу
Уфаемэ къыюсэlо,
Мо сазыбгъукlэ къэтlыс сэlо!
— Сыбыбына жъы сыхъугъэу
Илъэсишъэ сэ згъэшlагъэу!
— Армэ титlо тыбыбыщтышъ,
Мо джы дэдэм зытlэтыщтышъ,
О пхъэнтlэнlум утемзынэу
Тес тэрээу умсысынэу.
Унапlэхэр о зэтепъхьэ,
Тызэрысыр тэ жьы къухьэ!
Пытэу рулэр къэсэубыты,
Псынкlэу, лъагэу зытэlэты,
Мары мазэри къэпъагъо,
Жъогъо бынхэри тпэблагъэх.
Ситэтэжъ, о тlэнlу укъащта?!
О плъэгъурэр къыпфэlощта?
— Тиунапчъэ сэ сэлъэгъу,
Тихьагъожъи къупшъхьэм егъу.
— Ситэтэжъ, о пкlэ уиlахэп,
Убыбынэу угу хэлъыхэп.



## ТЭТЭЖЪЫ ИКIУАКI

Тэтэжъ гъогум зытехьакlэ
Гъэшlэгъоны ащ икlуакlэ:
Ылъакъохэр псынкlэу едзы,
Ылъакъохэр чыжьэу едзы,
Уригъусэу узежьэкlэ,
Укlэхьащтэп шlурышlукlэ.
Ыуж уитэу учъэн фае,
Армырмэ кlэхьагъуае.
Мафэ горэм нэнэжъ дэжьы
Пхъорэлъф кlалэр кlонэу ежьэ.
Ащ тэтэжъыр гъусэу хехы,
Кlалэм къеlо: «Тегъажь, шlэхы!»
Тlури гъогум зэдытехьэ,
Кlалэр псынкlэу къызэlуехьэ:
Лъэубэкьу закъо тэтэжъ зишlкlэ,
Кlалэм екlу лъэубэкъуищкlэ.
— О, тэтэжъыр, — кlалэр маджэ,—
Уилъэубэкъухэр бэу мэхъаджэ!
Укlошъущтба нахьы макlэу?
Уагъэшlагъэп зи о кlуакlэ!
Къыщегъакlэ тэтэжъ икlо,
Зэбгъодэтхэу тlэкlурэ макlох.
Ау етlани щэгъупшэжьы,
Тэтэжъ кlорэу еублэжьы.

Ащ мо кӏапэм ыгу иьегъэплъы,
Итэтакъи лъэшэу еплъы:
«О слъэгъурэр пшӏэрэп кӏуакӏэ,
Усшӏыкьыщтэп гъогогъу сшъхьакӏэ».

### НЭ ШӀУЦӀЭ ЦӀЫКӀУ

Зигугъу тшӏырэр зы кӏал,
Ыцӏэ шъыпкъэр Чэмал.
Ау нэшӏуцӏэр фаус,
Хихьи шӏошӏы гуузэ.
«Унитӏу сыдэу шӏуцӏабэ!
Сыдэу ахэр мыкъабэ!»
«Птхьакӏырэба унитӏу?»
«Плъэгъурэба унитӏу?» —
Кӏалэм ренэу захех,
А псалъэхэр гуих.
— Хъунэп, — ею Чэмал, —
Сеусэн сэ амал!
Нитӏур дэгъоу стхьакӏын,
Шӏуцӏэр атезгъэкӏын!
Псы щапъэри къыхьыгъ,
Сабыныри дихыгъ.
Сабын тхъурбэр ылэгу,
Сабын тхъурбэр ынэгу,
Ынэ кӏахьэшъ режьынӏ,
Ау тхьакӏыным пымыкӏ.
Псы тасихыр зэгот,
Нитӏур бэрэ еот.
Емызэщэу зетхьакӏ,
Зыдэщытыр псызакӏ.

Хъурэм янэ гульет,
Адрэ унэм кьелъэт:
— Зытхъакlыкlэу мыхъун,
Зыптхьакlышъумэ, ар хъун!
— Нэшlуцlэжъыр кьысаlу,
Нан, ар сэ бэу сшlошъхьакlу.
Сынитlу ашъо схъожьыщт,
Шlуцlэр атезгъэкlыщт!
Псы тасихыр зэгот,
Нитlур бэрэ еlот...
Яшlуцlагъи темыкl,
Кlалэм иlоф кьимыкl.

## ТЭТЭЖЪЫ ИЛУЛ

Ситэтэжъы ежь ышlыгъэу
Лулэ иныр къырехьакlы,
Тхыпхъэ пчъагъэ къешlэкlыгъэу
Зэпэжьыу ипулакlэ.
Чэщи мафи ренэу кlэшъу,
Зэпымыоу тутын ешъо.
Иешъуакlэ бэрэ сеплъы,
Сапъэныкъуи тэтэжъ кьапиъэ.
Илулашъхьэ машlор кьепсы,
lугъо псыпсыр зэльетlупщы.
Унэ кlашъом макlошъ нэсы,
Хъытыу пlонэу зеэрэщэ.
lугъор тэтэжъ ыкъудыеу
«Паф» ригъаlоу къызитlупщкlэ,
Хьалыжъыеу зиухъурэеу
Мэчэрэзышъ зэбгырэкlы.
Лулэр тэтэжъ зыlуимыхэу,
lугъор пщагъоу къышъхьарихэу
Унэм енlы, къегъэзэжьы,
Сэри ренэу сит ыужы.
Сшlэ сшlоигъоу, сыкlэхъопсы,
Сэ згъэшlагъоу сегупшысэ:
— Лулэ пакlэр lэшlун фае,
Ау щымытмэ сыды пае
Ситэтэжъы зэпымыоу

Іулъа лулэр зыІуимыхэу?
Зэгъэшіэнэу иіэшІугъэ
Мурад пытэу сшъхьэкіэ сшІыгъэ...
Ары шъхьае таущтэу хъущта,
Ситэтэжъы къысфидэщта?!
Гъунэгъу горэ тэ тиунэ
Къехьэшь псынкІэу тэтэжъ рещы,
Дулэр столым къытырени,
МашІор мэкІэу ащ къыхэщы.
ЗыгъэлІыпэу сыкъекІуалІэ,
ЗыІусэнъхьашъ секъудыи...
СлъэкІэпІитІуи къэкІэзэзы,
Сыгу зэІахьэ, шъхьэр къэузы,
Сыпэразэу сыкъытефэ,
Сижь къеубыты, псэр сихьафы...
Тэтэжъ псынкІэу къегъэзэжьы,
Ар ерагъэу сэ сэшІэжьы,
Къехьышь ащ псэр къысІуегъафэ,
СынатІашъо Іэ къыщефэ:
— Мо джы дэдэм упсаугъи,
СитІыхъу цІыкІур, сыд къэхъугъи?
Врачы Іазэ къэзгъэсына,
Хьаури ыдэжь уязгъэщэна?
— Хьау, тэтэжъыр, сэ сэхъужьы,
Ау о пкІэнчъэу зыостыжьы.
Сыды пае тутын дыджэу
МыстхъумылІым о уешъора?
Хэты мыгъор уигъэлІэкэу,
Ситэтэжъ, о къылфежьагъа?
Уемышъожь о ащ нахъыбэ!
Къыостыщт о укІэшъунэу
СиІахь щыщэу канфетыбэ,
СыолъэІу къыздэпштэнэу.

## ПХЪЭУІУ

ЫІпэ цацэ,
Итыкъ макъэ,
Мэзыр закІэ
Зэпегъаджэ.

ЫІпэ чатэ
Пхъэм хеуты,
ИІус Іазэу
Къыхегъэзы.

Лъэкъо нІакоу
Бзыу псэуаніэ
Бгъунджэу щысэу
Чъыг еупсы.

Ащ иджанэ
Къамзый данэу
Ышыгу плъыжьэу
ЗышІошІыжьы.

ЫцІэм фэдэр
ИІэнатІэшъ
Тыкъ ригъаІоу
Пхъэм еуІу.

## СЯТЭ ШОФЕР

Сятэ, шъошlа шофер lаз,
иlофышlапlэ къыфэраз,
Ядэlуныр ащ ихабэ,
Имашинэ къэбзэ-пъабэ,
Фарэу тетхэр зэпэлыд,
Ибыу макъэ сыдым фэд.
Имашинэ жъышъо тет,
Ауми ренэу гъогум тет.
Умышlэмэ кlэу къыпшlошlы,
Мыкъутахэу lоф регъашlэ!
Сятэ ренэу хъазырыпс,
Некlу зэраlоу, ар щымыс.
Хьылъи цlыфи бэу зэрещ,
Iофышlэным емызэщ.
Зы машинэ сэри сиl,
Ау щыкlагъэ бэу ащ иl:
Мотор шъыпкъи ащ имыт.
Фарэу тетым нэф къымыт.
Сятэ фэдэу зызгъэсэщт,
Шофер lазэу сэ сыхъущт.



## ПЦIЭШХЪО НАШХЪОР

Гъэтха дахэм къэбыбыжьы,
Чэфэу, гушlоу къытфэсыжьы,
Ежь иунэ еупхъужьы,
Егугъуээ егъэкlэжьы.
Етlэ цlынэр пэкlэ къехьы.
Дэхэ дэдэу зэтырелъхьэ.
Iэгуи губгъуи ар анэсы,
Къазыщ шъабэр къынегъэсы.
Пцlэшхъо набгъор хьазыр хъугъэ,
Iэпкlэ-лъапкlэу зэlыхыгъэ.
Пцlэшхъо бгъэфыр пшъыгъэн фае,
Ар мэлакlэм лlэгъэн фае.
Хьалыгъу шкъоихэр сэ фэсхьыных,
Пцlэшхъо нашхъом езгъэшхыных.

## КЪАНДЖ

Пчэгъу шъхьапэм пэсы,
ПсынкIэу зегъэсысы,
ЧIыпIэм щытэу къашъо,
ЫкIэ мэушъуашъо.

Ихабзэшъ мэчачэ,
Лъэтемытэу мачъэ,
Къехьышъы цы шъабэр
Инабгъо реубэ.

Джанэ шIуцIэр къанджым
ЫкIыпшъо щэшIэты.
Къамзый фыжьым
БгъитIур зэлъеубыты.

Зэпстэуми дашIэу
Загъорэ мэшхьуашIэ:
Лъэшэу Iэпэрышта,
Гъунэгъухэр щэщтэ...



## ПЦЭЖЪЫЯШЭХЭР

Ситэтэжъы пцэжъыяшэ
Непэ джыри сыдэкIуагъ,
Тэ тпэблагъэу псыхъо шIущэм
Пцэжъыябэ хэс аIуагъ.
ОкIэ-мыкIэ псым къыхэух,
Ахэр, нафэ, джаех, лэндых.
Сипцэкъэнтф сэ псым хэсэдзэ,
Слъэгъу пэтэ псыр зэIебэы,
Къэпэу пыпъыр мэушъуашъо,
АзынаIэм кIо чIелъашъо!
Къыхэсыдзырэм гъунэ иIэп,
Ау нахьыбэр цIыкIух ныIэп,
Ащ лъыпытэу сэтIупщыжьых.
Ахэр хэсэз иньы зыхъукIэ,
Сяшэщт дэгъоу пцэкъэнтфымкIэ.

## КУЩЫКУ

Чъыӏэр зэуи шӏомышӏыхэу,
Мэфэ псаум мытӏысыхэу,
Кущыку цӏыкӏур дэт яӏэгу,
Зигъэтхъэжьэу ар мэджэгу.

Зэ бгы лъагэм къыдэчъае,
Іэжэ цӏыкӏур ащ дещае.
Адэ зэкӏэм фабэ хъугъэ,
Паӏоу щыгъыр лые хъугъэ.

Зыщихыщт шъхьай, ныр къылъэплъэ,
Шъхьаныгъупчъэм Іутэу къеплъы.
Лъэрычъитӏур къызыкӏепъхьэ,
Мыл джэджыум ар къытехьэ.

Кущыку щыгъышъ щыгъыныбэ,
Ахэм псынкӏэу къагъэфабэ.
Мачъэшъ, чъыӏэр зэхишӏэрэп,
Мэщхышъ, чъыӏэр къегуаорэп.



## СУРЭТЫШІ

Іофышӏэныр зиухыкӏэ,
Джэгун ыӏоу зыдэкӏыкӏэ,
Кӏэлэцӏыкӏур мылым техьэ,
Жьыр кӏэфэфэу зырегъахьы,
Мыл джэджыур иджэхашъоу
Ыпчэгу шъыпкъэ итэу къашъо.
Зэрэфаеу зыщегъазэ,
Илъэрычъэ къыщегъабзэ,
Чыным фэдэу щэчэрэгъу
Ичаныгъэ тегъэлъэгъу.
Мылы шъхьашъор зэпечъахьы,
Хьурэябзэу къегъэтхъахьы:
Шъопъыр нӏахьыр къытырещэ,
Кӏапсэ пӏонэу щызэрещэ,
Мылы кӏыӏур зэхетхахьы,
Сурэтыбэ тырешӏахьы.

## УНЭЧІЭХЬАЖЬ

Унэчlэхьажьэр нэпэ тэ тиl,
Тэ тигушlуагъо гъунэ имыl.
Машинэ инэр тэ тыушъагъ,
Шкафи пlэкlори идгъэуцуагъ.
Татажь ишхончи ыкlыбы илъ,
Иджэдыгушхуи ыблыгу чlэлъ.
Нанэ унэжъым тхылъхэр къырех,
Фэсакъэу ахэр къызэкlоцlепх,
Сэри lэгуаор къэсэгъотыжь,
Унакlэм псынкlэу ари сэхьыжь.
Тихьажьы цlыкlуи саужы ит,
Игушlогъошхошъ чlыпlэ имыт,
Унакlэр благъэшъ мачъэ-къэчъэжь,
Хьакъуэз lэгур зэпегъэджэжь.



## МАСТЭМРЭ ХЬАКІУСТЭЛЫМРЭ

Хьакlустэлэу шъорыогур,
Мэстэ псыгъоу lэпэ екlур,
Зэгъусэхэу зэдэхъугъэх,
Зэфэшlухэу зэфэшlыгъэх.

Мэстэ чаныр зыхъыенlэ,
Хьакlустэлыр ыуж еты,
Мэстэ чаныр зыуцукlэ
Хьакlустэлыр ащ лъаlэты.

Хьакlустэлыр lапэм пэпкlэ,
Щылыч мастэр пхырегъэкlы.
Мэстэ псыгъор lудан зещэ,
Шlуцlи фыжьи ына рацы.

Щыгъыныхэр мастэм рады,
Чыlунэхэр рыхауты,
Гъэшlэгъонэу рыхадыкlы,
Федэу пылъыр бэу къычlэкlы.

## ТIАХЬИРЭ ИПКIЫХЬЫХЭР

Пчэдыжь къэси ти Тlахьирэ
Къеlотэжьы зы пкlыхь горэ.
Губгъо нэкlи кlырэу мэзи,
Ошъо лъаги, бгышъхьи, мази
Чъыем хэтэ зэпелъэгъу,
Ешlых ахэр сурэт дэгъу.
Ом чыжьаеу ибыбагъэу,
Ошъо къатмэ ар ашъхьагъэу
Ахэр зэкlэ пкlыхьым хэлъых,
Ылъэгъугъэшъ ыгу ильых.
А зы пкlыхьэр пчэдыжь къэсы
Къафиlуатэу ар къэтlысы.
Ти Тlахьирэ ипкlыхьапlэ
Хьярэу щытышъ хъущт нэфапlэ:
Къушъхьи мэзи зэпичыни,
Мази жъуагъуи нэсыни
Совет жъуагъор ышыгу тетэу
Быбыщт бзыоу лъэтемытэу...



## УАТЭ

Сыкъытеошъ сэ сисыджы
Зэрэхьаблэу къэсэгъаджэ.
Гъучlы щыгъэр къэсэфытэ,
Сэфытэжьышъ къэсэуфэ.
Хъурджан пчъагъи хэсэшlынlы,
Ахэр дахэу къысфычlэкlы.
Къэсэштэхэшъ зэпысэшlэ
Зэрысэдзэшъ пшъэхьу сэшlы.
Гъучlыlунэр чlэль слэдакъэ,
Пхъэмбгъужьыем фэсэгъэлсы,
Къэмыуфэнэу сыфэсакъы,
Ар хэсафэ ышъхьэ нэсы,
Сэ зэрэслоу уатэр сэшlы,
Iофы lаджи ащ рысэшlэ,
Ящык цlынlухэр рысэlулlэ,
Гъучl бзыхьафхэр рысэгъапплэ.
Уплlэплlыгъэр сэузэнкlы,
Сызеонlэ тхъуабзэр къекlы.
Пцэшlо чъыгэр сэупплlэплlы,
Сэ сыцlыкlуми зысэгъэлlы,
Сэ сиуатэ къысэдэlу,
Шlуани сыди рысэуlу.

## КУ ЦIЫКIУ СИ!

Щэрэхъиплiэр мары кIэт,
Кушъо хъагъэр дахэу тет,
Кулэгъури псыгъоу пылъ,
Пхъэджашъори кушъом голь.
Ар ку иным фэдэ къабз,
Тэдрэ пакIи ащ зегъаз.
Жьабгъур арми зигъэзэщт,
Сэмэгумкiэ кьыIонтIэщт.
Щыфэ иIэшъ зещэгъошIу.
Уэрэlэу ежьэн фэшIу.
Уфаеми зэкIэкIощт,
О зэрэпIоу къэуцущт.
Курэжъыер Iэрыlэгъу,
Сыфэяхэп нахьы дэгъу.
Семызэщэу сэгъэфед,
Iоф рыпшIэнкIэ сыды фэд.
Мэкъу Iапiэр къырысэщ,
Пхъэупсафэр рызесэщ.
Сызэщымэ сырэджэгу
Кьэсэчъахьы тэ тиIэгу.



## КIЭИМ СЭЧЪЭШЪ...

КIэим сэчъэшъ
Пшэхъо гъушъэ
Щалъэ цIыкIункIэ
Къэсэгъэсы.
Сянэ гупсэ
Щысэ тесхэу
СIэлджэнашъо
Дэщэягъэу
Хьакъушыкъухэр
ДэсэлъакIы.
ЯстылIагъэр
ТетэгъэкIы,
Хьакъушыкъухэр
ЗэпэшIэты,
Тыгъэ хьажъур
Къапэджэгу,
Гъунджэм фэдэу
Унъарэщы.

## ЛЭНЫСТЭ КЪЫСФАЩЭФЫГЪ

Рыбэ, гъэфедэ, — сэ къысаIуи,
Зы лъэнысто къысфащэфи,
Тэ тибынмэ къысатыгъ,
Ар згъэшIуапэу мары сIыгъ.
Силэнысто къэсэгъабзэ,
Сыфэсакъы, сэгъэкъабзэ.
ШэкI бзыхъафэр къэсэгъоты,
Тамыгъэ дахэр тесэубытэ,
Гъуцчъэ-уатэр хэсэбзыкIы,
Жъогъо плъыжьи хэсэшIыкIы...
ШэкIыр сыбзэу зэгъэжьэщт,
БзэкIо Iазэу зызгъэсэщт.



## СИТЭТЭЖЪ

Ащ ыжакIэ осым фэд,
Ащ ыпакIэ кIыхьэ дэд.
Нэгъунджэшхом къыпхырэплъы,
ГушIоу, чэфэу ар къысэплъы.
Тэтэжъ кIасэу ар сэ сиI,
Iофы Iаджи зэдытиI.
Ащ пхъэшIэныр шIу елъэгъу,
УпхъэшIэныр лъэшэу дэгъу.
Пхъэх цIыкIур сегъэубыты,
ПхъэмбгъуркIакоу зэпысэхы.
Нэужым пхъэпсыр ащ къысеты,
Пхъэмбгъу кIыхьэр есэупсэхы.
ПхъэнтIэкIу лъанъуи,
ПхъэнтIэкIу кIыби, —
ЗэкIэ мары джы хьазыр,
ЗэхэлъхьакIэм ухэмыукъу!
ГъучIыIунэр ахэсIужьэ,
Зэгъэфэжьрэр ыпкъ занъу.
ПхъэнтIэкIу цIыкIур джаущтэу сэшIы,
Тэтэжъ фэдэу джы сэпхъашIэ.
Гупсэ лIыжъэу тэтэжъ сиI,
ТитIуи чэфэу тэ тыщыI.
Ситэтэжъи бэу сэгъашIо,
Сэ сыхъупхъэшъ ар мэгушIо

## ДАУТЭ ИМУРАД

Самолетмэ зыкъаlэты,
Атамэхэр зэпэшlэты.
Бэыоу огум залъебыбэх,
Ямоторхэр зэлъэгъуагъох.
Самолетхэр быбы хъумэ,
Ащ Даутэ бэрэ яплъы,
Тилетчикмэ афэдэным
Ыгукlэ лъэшэу ар кlэхъопсы.
«Самолетым сисыгъэмэ,
Чыжьэу, чыжьэу сыбыбыни,
Сэ летчикы сыхъугъэмэ
Лъагэу, лъагэу зысlэтыни...»
Даутэ ыгукlэ зыфеlожьы.
Зэрэцlыкlур ыдешlэжьы.
Ау Даутэ иныхъущт,
Имуради къыдэхъущт.
Летчик бланэу зигъэсэни
Тэмэ инхэр къыгокlэни
Бгъашхъоу огум ибыбэщт,
Летчик пстэуми атеklощт,
Тыжьын бэыур ылэ илъэу,
Ихэгъэгу шlоу фэплъырэу,
Ренэу огум ар итыщт,
Бгъэшхъо чанэу дээм хэтыщт.



## АЙЩЭТ ПЩЫНАО

Пшъэшъэжъыеу Айщэты
Пщынэ цlыкlур фащэфыгъ.
Пщынэр кlэпсышъ зэпэшlэты,
Чэщи мафи ар ыlыгъ.
Пщынэуакlэ зэрегъашlэ,
Пщынаохэр ащ икlас.
Пщынэр, пщынэр къызэкlещы,
Мэкъабахэр къырегъакlы,
Пщынэм дахэу къырегъаlо,
Айщэт хьаблэр къегъэдаlо.
lэхъуамбэхэр егъэпсынкlэ
Пщынэ lапэм щегъэджэгу,
Пщынэм мышlэр къыlошlыкlы,
Гъэшlэгъонэу зэрегъэкlу.

## КӀЫМАФЭМ КӀАЛЭМЭ ЧЭФ КЪАФИХЬЫГЪ

Унэм укъикӀыма зэкӀэ фыкъыбз,
Нэбзыцы лъапсэхэр жьым къегъэлыдж,
Осыцэ фыжьхэр пщэмэ къахэз
Осыцэ папчъ Ӏулъхьэм фэдиз.
КъыпӀукӀыра жьыр Ӏугъоу къыпщэхъу,
Хъуатэмэ осыр самэу адахъо.
ХьупӀэм Ӏэхъогъухэр джы щамыгъэхъу,
ПсыкъечъэхыпӀэмэ къамэр къапелъхь.
Псыхъохэр чъыӀэм зэлъегъэпыт,
Топ атепщагъэми зэпъаӀэтыщт.
ТикӀэлэцӀыкӀухэр къыдэзэрэх,
Зэрэгъэчафхэу ахэр захахь.
Заур лъэрычъэм тетэу мэзечъэ,
Бэчмызэ чыныр псынкӀэу зэреф,
Феня жэ цӀыкӀур тхъэжьэу зэрещ,
Сафэри осым гъогу пхыретхъу.
Хъусены ешӀы ос унэ ин,
Непэрэ зы мафэм емызэщын.
Хьамидэ мылым тхыпхъэ тырещ,
КӀэлэ щхы макъэм нахь зызэкӀещ.
Джэгуным кӀалэмэ джы ратӀупщыгъ.
КӀымафэм ахэмэ чэф къафихьыгъ.



## МАМЫР БЗЫУ

Ситхьаркъофэу сэ сикӀасэр
Быбзэу, быбзэу ом итыгъ.
Къебыбэхи бзыу Ӏасэр
Унэ пчъэӀум къэтӀысыгъ.
Дэхэ цӀыкӀур
Къытфэкъуртэ,
Шнъуи фыгор ащ етэты,
КӀэлэцӀыкӀумэ ар къахаплъэ,
Тыжьыныпсэу шъорыогу,
Ышъо тыгъэм къыпэджэгу.
Тхьаркъо Ӏасэр мамыр бзыушъ,
КӀэлэцӀыкӀумэ шӀу алъэгъу.
Тхьэркъо цӀыкӀухэр тиныбджэгъушъ,
Ащ яхъуны тэ тегугъу.

## СИНЭНЭЖЪ

Тинэнэжъмэ тэ тагъашIо,
Iэшlу-Iушlухэр тэ тфагъашIо.
Пшысэ цIыкIухэр тэ къытфаIо,
ТшIэщтыр зэкIэ тэ къытаIо.
Тамылъэгъумэ, мэгуманIых,
Гузажъохэу къытлъыдэкIых.
Синэнэжъи джащ афэдэу
Iушъашъэзэ джанэ сфеды,
— Синэщхъуантl, мо къэтIыс, —
Сэ къысеIошъ сегъэтIыс.
Джэнэ цIыкIур къысегъапшэ,
Джыбэ иIэшъ сэгушIуапэ.
Лъэпэд фабэр ащ къысфехъэ,
Зыщысэлъэшъ ащ сегъатхъэ.
ГъэшIуабээнIэ мэгущыIэ,
Сэщ пай ренэу ар мэгуIэ:
— Ощ нахьыжъым унахьыкI,
Ыгу нахьыкIэм хэмыгъэнI.
Къыпфэразэу кIэлэегъаджэр
Уемыхэщэу дэгъоу едӂэ,



## ЗЭПШЪЭШЪЭГЪУИТIУ

Ася шъхьацыф цIыкIоу урыс пшъашъэжъый,
Ащ ипшъэшъэгъоу Саси цIыкIужъый,
Яунэу зэрысхэр благъэу зэбгъодэт,
ТIуми ныбжьэу яIэр зэфэдэу къалъыт,
Кино щыIэ зыхъукIи, ахэр зэгъогогъу,
Дэнэ шъхьацыпыплэу яIэхэр зэшъогъу.
А зэпшъэшъэгъуитIур зы классым зэдис,
Самбырэу, Iэдэбхэу партым зэдытес.
Дестэу къаратыгъэхэр дэгъоу зэфаIуат,
«Тфыхэр» бэрэ къахьышъ ящытхъу зеIэт.
Сасэ Iэшlу фащэфмэ, Ася Iахьы фешI,
Ася Iэшlу къыратымэ, Сасэ хэны ымышI.
ЯкъэшъокIэ дахэ хэти ыгу рихьыщт,
Ахэр ины зыхъукIэ уатемыкIожьыщт.

## СЭРИ ШКОЛЫМ ДЖЫ СЫКIОЩТ

Сшынахьыжьы сэ сехъуапэ,
Ипортфелэшъ, ар кIэкъэпсы,
Итетрадхэр ащ къыделъхьэ,
ТхылъыкIэхэр рызэрехьэ.
Сшынахьыжь школым макIо,
СыцIыкIуIошъ лъэшэу шъхьакIо.
— Сыдигъо школым сэ сащтэщта,
Сыдигъо нэскIэ сяхъопсэщта? —
Сянэ бэрэ сэ сеупчIы.
— Пцэхэр Iуззу ригъажьэмэ,
Уащыщ школым чIэхьащтымэ.
А пъэхьанэм сыдэгуIэ,
Сцэмэ бэрэ, бэрэ сиIэ.
Гъунджэм дэжьи сыIохьапэ,
Сцапэ сысрэп, ащ сегъапэ.
— Сыдэу адэ сцэхэр пыта,
Iумызыжьынхэу ахэр Iута?!
Апэрэ цэр зэрэIозэу,
Пытэу сIыгъэу сIэпымызэу
ЗанкIэу нанэ ар фэсхьыщт.
СигушIуагъоу мыр есIощт:
«Сэри школым джы сыкIощт».



## АПЭРЭ ЛЪЭУБЭКЪУХЭР

Пшъэшъэжъыер цIыкIу дэд,
Илъэс джыри ымыныбжь.
Ар ерагъэу ылъэ тет,
Къагъэтэджма ебэджыжь.
Ау зы мафэ зыкъепхъуат,
АмыIыгъэу ежь зеIэт,
Унэ пчэгум ар къетаджэ,
Лъэсы цIыкIоу къылъэкIуатэ.
Столым екIушъ къегъэзэжь,
ПхъэнтIэкIу цакIэм екIолIэжь.
Унэм исхэр зэкIэ щыт,
ГушIогъошхом быныр хэт,
Хьаблэм хэсми зэхахыгъ,
Ахэр мары джы къэсыгъ:
— Сабый гъогуныIэ — ар мымакI,
Зэрихьагъэр лIыгъэ папкI.
Гъогууанэ зэпичыгъ,
Ащ сабыир ыгъэпшъыгъ...
Кушъэ шъабэм пшъашъэр хэль
Нэгушъхьаплъэу ащ къыхэплъ.
Чъые IэшIум зыкъырет,
Ар ыгъашIоу ныр лъэхэт.

Льэпэлцlыеу петэури къекl,
Гущыlэхэр къахэlукl:
— Ащ къэгъагъэу зерэlэт,
Насыпыби ерэгъот!

## КЪУТАСЭ ЫШЪХЬАЦ

Сыдэу кlыхьа
Ыкlи даха
Мы Къутасэ
Шъхьацэу телъыр!
Ащ иблэны
Сыхьат псао
Къутас пэлъы,
Итlэтэни
Фэдиз къабзэ
Уахътэ шlуехы.
Ащ ышыпхъоу
Зарэ цlыкlуи
Шъхьац зэрехьэ,
Ау джырэкlэ
Ар пlокlаlо,
Джыри кlако —
Кlо цыгъуакlэ!
Къутас фэдэу
Мо ти Зари
Гъунджэм lутэу
Пчэдыжь къэси
Ышъхьац ежьы,
Дахэу еблэ,

Данэр хеблэ...
Ау Къутаса
Ар ехъуапсэ.
Еплъы, еплъы
Шъхьацэу телъым,
Къыденіокіы,
Хэщэтыкіэу
Къеіо макіэу:
— Мо Къутасэ
Фэдэу сэри
Сыбгы къэсэу
Шъхьацэу стелъыр
Шіэхэу хъущта!
Бэу тешіэщта!
Ар нэнэжъым
Къызэхехы,
Лъэшэу ышъхьэ
Егъэсысы.
— Мэфэ реным
Пшъхьац тшіоіофэу
Ар тыблэным
Щахьу тымышіэу
Тэ тыпэлъы.
(Ипхъорэльфы
Нэнэжъ еплъы).
— Ащ нахь кіахьэу
Ар орэхъуи
Тфэблэжьынэп!

## БЭДЖЭЖЪЫЙ

Ыкіэ утысэхэу
Зыкъыблырегъэхы,
Зэрехьэшъ цы шъабэ
Иджэдыгу фабэ.
Ыцэхэри чатэ,
Къемылырэр чэты.
Чыжьэуи мэпамэ,
Набгъоми еіабэ.
Тіэсхъэ лъыхъо макіо,
Іаджи зэдегъакіо:
Тхьакіумэр егъэкіы,
Лъэшэуи мэсакъы.
Ихъорышэрыгъэ
Чылэм хизы хъугъэ:
Ынэхэр егъаплІэшъ,
Зэкіэм зыкъегъаплэ.
Шъэфэуи мэкІуашъэ,
Барэ хэушъыкІы,
Пшысэмэ ахахьэ,
Тхыдэмэ ахалъхьэ.
Баджэр ылъэкъуаціэу
Ыціэр ащ тхьагъэпціы.

## ЫЦІЭ РЕІОЖЬЫ

Ипэlo папцlи
Шъхьашыгурыса,
Зигъэтхьагъэпцlэу
Чъыгышъхьам иса.
Ежь имынабгъо
Зыфегъэlагъо,
Икlэнкlэ ренэу
Ехьышь къырене.
Нэмыкlы бзыумэ
Ищыр къыращы,
Етlанэ пстэуми
Ар адэхьащхы.
Ежьыр-ежьырэу
Ыцlэ реlожьы,
Быбызэ чыжьэу
Чыжьэу ашlэжьы.
Чъыгышъхьапэ уджэу
Хьаблэр къегъаджэ,
Ипаlo папцlэу
Чылэр егъапцlэ.

## ТЫГЪЭГЪАЗЭ

Тыгъэм ренэу зыдегъазэ,
Ащ фашl paio: «тыгъэгъаз!»
Шъхьэу ащ пытыр зэрфэlэтэу
Ыцэ инхэр фэмылъытэу
Тхьапэ гъожьхэр идэбжъыкъух,
Пкlашъэу пытхэр иныбжьыкъух.
Ылъапсэхэм чlым хауты,
Ылкъ лъэкъымэу пытэу щэты.
Тамэ хъущэр къеблэблэхы,
Мэlэшlури ащ къыпехы.
Игъо зыхъукlэ дагъэ хащы,
Дагъэм щыщэ тэ къытфаща,
Шхынгыгъуиблым ахьышъ халъхьэ.
Гъомылапхъэр къешlы гуахьэу.
Ли щэлами къырагъажъэ,
Нэнэжъ кlенlэ ар къояжъэм,
Картошкэри рагъэлыбжьэ,
Ищыкlагъ ар бжьынылыбжьэм.
Кlэнкlэжъапхъэр къегъэшаплъы,
Зышхрэ пстэури нагушъхьаплъы!

## СЫДА МЫХЭР?

Мыупчlэжьэу
Пкокl къетlысхьэ,
Зигъэшlожьэу
Къыпlопиьыхьэ,
Ыпаклэхэр
Жlыхьэу мачъэ,
Цыгъэ цlыкlухэм
Ар алъэчъэ.

(Чэтыу)

●

Унэм исхэр егугъу
Мэлахъомэ акlэгъу.
Къэрэгъулэу зыдащэ,
Бэджашlэхэр егъащтэ.

(Хьэ).

●

Ыбжъакъокlэ
Къыдащы,
Ощышхокlэ
Гуауты.
Щыуаньшхор
Къеушъэ,
Загъажъокlэ,
Мэтакъэ;

Зы унагъор
къегъашхэ.

(Къэбы).

●

Ыкlоцl гъущъэ,
Ышъо дышъэ,
Жъгъыу ригъаlоу
Зэтеклошъы,
Жъгъыу ригъаlоу
Зэфашlыжьы
Ратрэр зэкlэ
Къаретыжьы.

(Пхъуант).

●

lаеу бэыгъэ,
Пытэу дыгъэ,
Иджэдыгушъ
Къэцыпанэ,
Ытхыцlэкlэ
Пкlашъэр къехьы,
Пый къызекlукlэ
Зеутlэрахьы.

(Пыжъы).

●

Шъхьатэбгъожьэу
Пхъэжьыешып,
Чэтыужъым
Итlысыпl.
Псыр къегъажъо,
Лыр къегъажъэ,
Зэкlэм унэр
Къегъэфабэ.
Ипчъэ цlыкlу

Дышъэ къэпсы,
Ащ ипчъэlу
Нэнэжъ lэсы.

(Хьаку).

●

Уни клуби
Ар арэты,
Пчэгуи губгъи
Ашаlэты.
Мыпщынаоу
Пщына къео,
Бзэ lумылъэу
Мэгущыlэ,
Аlуи ашlи
Къеlотэжьы,
Зэрэбынэу
Тегъэтхъэжьы.

(Радио).

## ЗЫКIИ ЩЫНАГЪОП

«Уцу» зыфаlорэр зыкlи ымышlэу
Зы кlалэ унэм ренэу щахъушlэ...
Хьэ цlыкlум еошъ ар егъэхьакъу,
Чэтхэр рефыжьэшъ зэлъегъэнъакъэ,
Зыфырикъуцтыр еlэшъ реуты,
— Зэ уцу, кlалэ! — раlоэзпыты, —
Тэ тимилицэ бзаджэр еубыты,
Умыуцущтмэ, уиlоф етэты!
Изакъоу кlалэм чылэр нъекlухьэ,
Зэкlэ урамхэр къызэпечъыхьэ,
Къогъоу ыгъотрэм зыкъуегъэбылъхьэ,
Яти ащ лъыхъуза зыкъыфеплъыхьэ...
Аузэ зы мафэ кlалэр мэгъуащэ,
Ылэ аlыгъэу милицэм ащэ...
Мо кlалэр щтагъэшъ джы мэгъынагъэ,
Милицэ унэм къырагъэблагъэ.
Ащ ынэ цlыкlухэр къышlочарэзы,
Гучlэр изыгъэшъ ышъо къыпэзы.
Дахэу lэ щафэ, шхыни къыфахьы,
Конфеты lэшlуи ыпашъхьэ ральхьэ,
Джэгольэ пчъагъи ратыгъ мэджагу,
Щыгъупшэжьыгъ ащ яунэ lэгуи...
Милицэ унэм янэ къынэсы,
Джэгурэ кlалэм псынкlэу зырeсэ:

— Мы унэ шIагъом сэ сыгу еIу,
Сыкъэуцунгоу, синан, сэ сэIо...
Милицэр! ШъуIозэ сэ сышъогъащтэ,
Милицэ унэр сыгукIэ къэсашт!
Милицэ унэр зыкIи щынагъоп,
Фэдиз джэгуалъэ ипъэу слъэгъугъэп!

## ЗЭТIУАЗЭХЭР

Мафэ къэси зэгъусэхэу,
А зы чIапIэм имысыхэу
СэшIэ кIэлитIу зэтIуазэхэу,
ГъэшIэгъонхэр зэраIохэу.
Рэмэзанрэ Iащымэзрэ
Iащымэзрэ Рэмэзанрэ —
Джахэр ащIэх зэтIуазэмэ,
Зыр адырэм фэдэкъабзэшъ
КъэшIэгъуае Iащымэзыр,
ШIэжьыгъуае Рэмэзаныр,
Ау зэтекIых яшэныкIэ:
Бэ къыIощтыр Рэмэзанэ
Iазэшъ-Iазэ къэбарыкIэ,
Жьы кIэтышъы Iэжьы-лъэжьы,
ПIофытэмэ еужьыры.
Бэрэ бэрэ Рэмэзанэ
Ышн риIоу зэхэохы:
— Седжэ хъумэ сятэ сяни
Згъэразэхэу къэсхьыщт тфыхэр...
Iащымэзы ишэныкIэ
НэмыкI шъыпкъ ар, мэкIэ-макIэу
МэгущыIэ, икIуакIэкIи,
ЫмакъэкIи лIыжъы пшIошIы.
— Сэ, — ащ еIо,—иды сыхъумэ

IэшIу-IушIухэр бэу сщэфыщтых,
Сыныбжь икъоу седжэ хъумэ,
«Щыхэр», «тIухэр» сэ къэсхьыщтых.
Ерэдж фаер тфызэкIэкIэ,
Бэу къин дэгъоу уеджэныкIэ,
ЕджакIохэр мэтхьаусыхэх,
«Тфы» къамыхьмэ нэпс рагъэхы...
Мафэ къэси зэгъусэхэу
А зы чIапIэм имысыхэу
СэшIэ кIэлитIу зэтIуазэхэу
ГъэшIэгъонхэр зэраIохэу...

## АДЫШЭСРЭ БЗЫУМРЭ

Мэфэ реным къэмыIасэу
Хьот борэныр зэрелъасэ,
Бгъагъи мэкъуи алъэIэсы,
Ащ чъыгыби егъэсысы.
Адышэси унэм еплъы,
Iэгум щыхъурэм ар къыхаплъэ,
Зы бзыужъые Iэгуау папкIэу
ШъхьаныгъупчъэмкъеутэкIы.
Адышэси псынкIэу-псынкIэу
ГуIэм хэтэу бзыум лъекIы...
ПIыкIэжьыгъэу ар къепхъуатэ,
Унэ фабэм къырелъасэ,
Фэсакъыпэу ащ Iэ щефэ,
Псы тхIопс фабэу къыуегъафэ.
Фыгуцэхэр регъэшылы,
ПIэстэ шхъоим егугъупэ.
ЧъыIэ кIэжьрэп, зыкъеIэты,
Ынэ цIынIухэр мэжъыутэ,
Ытамэхэр къызэкIещы,
Ыбзи чэфэу джы къетIупщы.
ПкIатэу, лъатэу хэбыбыкIы,
Адышэси хэгушIукIы.
Бзыужъыер гъатхэ нэсы
Адышэсы дэжь регъэсыщъ

Иныбджэгъоу етIупщыжьы.
Ау ащ кIалэр ымыбгынэу,
Инэплъэгъу имыкIынэу,
Унэ блыпкъым набгъо щешIы,
Адышэси благъэу ешIы.
Мафэ къэси зэрэлъэгъух,
Мафэ къэси зэрэшIэжьых,
ЗафэгушIоу зэпэгъокIых,
Зым адырэр фэгумэкIы.

## АДЭ ХЭТЫ МЫР КЪЫШIЭН?

Тыгъэнапэр икIуапIэу,
Ар ыгъотмэ игуапэу,
МакIэу орэд хеIукIы,
Ылъабжъэхэр ельэкIы...
КIэнкIэ къыхьмэ мэкъакъэ,
Шъхьасыхэрэп ымакъэ:
«Шъуеплъэлъ, кIэнкIэр бэу иныI
ФашIэ иIэу ар шхыны!
Ар, кIалэхэр, шъосэты,
Iусыр хъоеу сэгъоты».
Чъыгы щытмэ, дэкIуае,
Пчыхьэ хъумэ мэлъае.
Ишкъун чэщрэ ипкIыхьэу
Iэгур мафэм къечъыхьэ,
ЗэритъэкIэу мэшыпэ,
Зи къелыщтэп ащ ыпэ.

## КЪУТЭМЭ ГЪУГЪЭХЭР

Тэтэжъым садыр къызэпежIухьэ,
Чъыгыхэр зэкIэ къызэпеплъыхьэ...
Хьамлыу набгъохэр къахешыпыкIы,
Къутэмэ гъугъэр еIэшъ пеупкIы...
КIалэр тэтэжъым дэжьы къыIохьэ,
Ыпашъхьэ итэу лъэшэу Iоплъыхьэ:
— Къутэмэ гъугъэр уеIэшъ пыохы,
Чъыгымэ, тэтэжъ, лые яохы!
— Хьау, — еIошъ тэтэжъ джэуап
къетыжьы,
— Чъыгы сымаджэр сэ сэгъэхъужьы:
Къутэмэ гъугъэм иягъэ къакIо,
Ащ чъыгы псаор къызэщегъакъо,
Къыщэн фэе жьым бэу къыщегъакIэ,
Игъомылапхъи нахь къегъэмакIэ.



## АЗМЭТ ШКОЛЫМ ЗЭРЭКIУАГЪЭР

Азмэт цIыкIум ышыпхъу Зази,
Мафэ къэсми школым макIох,
Ежь нахьыжъэу Рэмэзани
«Ахэр, — аIо, — джы еджакIох!»
— О уеджэнкIэ джыри жьыIо,
Уныбжь макIэ, — нанэ къеIо.
Азмэтыр изэкъуабзэу
Ным къыренэшъ унэм енIы,
КъырашIэрэр ащ гухакIы.
Азмэт цIыкIур чIыпIэ имысэу
Джы ышIэщтым егупшысэ:
«Мафэ къэси сшыпхъу Зази.
Сшынахьыжъэу Рэмэзани
Къоджэ школым чэфэу макIох.
СыкIощт школым сэ сизакъоу,
Джа сыныбжь сэ зэримыкъоу»...
ПхъэнтIэнIу щахьым ар теуцо,
Тхылъ мэкIаем кIэрэуцо,
Тхылъы иным ащ ыгу еIу
ЫблыгучIэ къырегъэкIу.
КIалэр псынкIэу унэм къекIы,
Школым занкIэу феузэнкIы.
Ащ букварэу тхылъыр шIошIы,

Ау ар ятэ исловарэу
Мафэ къэсми Iофы дешIэ...
Азмэт цIыкIур лъэтемытэу
КIэлэ чэфмэ ахэсыхьэ,
ЕджакIомэ зэрахэтэу
Классым ехьэшъ ахэтIысхьэ:
— СынъэкIуагъ сэ мыщ седжэнэу
КIэлэ пстэуми сафэдэнэу.

## СИПХЪЭПС

Пхъэпсыр пхъэмбгъум тесэубытэ,
Ащ сIэдакъэ есэгъакъу.
Пхъэупсафэр къыдэлъэты,
Лъатэу-пкIатэу къыдэтэкъу.
Пхъэупсафэм зыкъеIэты,
Хьалыжъыеу зыкъещахы.
Зыпкъы итэу Iофы сэшIэ,
Пхъэмбгъур гъунджэу сэгъэлыды,
Къысшъхьапэнэу сэгъэфедэ.
Iунэ цIыкIухэр къыфэсэшIы,
Ар пылъапIэу сэ къэсэшIы.

## ОКТИК УТЫР ЕЖЬ ТЫРЕДЗЭ...

Игъочэнджы Iэпсыкlэ еошъ,
Октик утыр ащ тыредзэ.
Ут тедзанlэ зэрегъашlэшъ
Iофышlэным ащ зыредзы.
Зэ шъхьай кlалэр ымышlахэу
Утым нэсышъ къегъэгуаlэ,
Ау зы цыкъи ымыIуахэу
Къехьуплагъэр ащ ещаlэ...
Сыхьат псаухэр пегъэкIуадэ,
Ау ут тедзэм уахегъадэ.



## ДЭКIО-БЗАКIОУ ЗЫЗГЪЭСЭЩТ

Сянэ лъэшэу Iэпэ-Iас,
Дэны-бзэным ар фэlаз.
Сянэ фэдэу зысэгъас,
Арышъ сянэ къысфэраз.
Шэкl бзыхьафыр ащ къысеты,
Бзыпхъэр шэкIым тесэубытэ.
Си лэныстэ къэсэгъабзэ,
Сызыфаер къыхэсэбзы.
Дынри мары хьазырыпс,
Iудан псыгъор мэстэ гъус.
Мастэр сэштэ ар къысэды,
Здыгъэ джанэр сыдым фэд.
Хэт щыплъэми ар къенIущт,
Дахэу дыгъэшъ игопэщт.
МашинэмкIи сыдэшъущт,
Ащ сянэ сынимгъэс,
АщкIэ лъэшэу къысфэмыс.
— Джыри, — еIо уцIыкIуIу,
Унщынlагъэр мэстэ цIыкIу.
Зэ машинэкlэ серэгъадэлъ.
Сымыдэшъуми ар ерэплъэлъ, —
Шъыпкъэ сянэ сэщ нахь Iаз,
Пэтэуми аIо Iапэ-Iас.
Арышъ сэри сегугъущт,
Сянэ фэдэу зызгъэсэщт.

## УЕДЖЭКIО ДЭГЪУМЭ

Уеджэкiо дэгъумэ умыгупсэфыщт,
Бэу пшIэ пшIоигъоу рензу уеджэщт
Урокэу къыуатрэм игъом о фежь,
Непэ пфэшIэщтыр неущ умыIожь.
Уеджэкiо чанмэ Iофыр уикIэсэщт,
Унэгъо Iофыми о уахэлэжьэщт.
Псыхьи о афакIуи, псыри къынэгъэс.
Пхъэр афэкъути машIоми кIэгъэст,
Уищыгъын цIыкIухэр шIоим
емыгъэд.
Уицокъэ цIыкIухэр гъунджэу
къэгъэлыд.
Къэсымэ урокыр зымыгъэкIас,
Еджэкiо дэгъухэр хэти икIас.



## ХЪЫМСАДЭ ИIЭШIАГЪ

Хъымсадэ джыри цIыкIу,
Ау ыIэ Iофым екIу.
ХэхъыкIыным ар фэIаз,
ХэдыкIынкIи IэпэIас.

Хъымсадэ хъагъэ ыхъи,
Приемникым тырихъуагъ.
Хъэдэн цIыкIу ным къыIихи,
Жъогъо плъыжьыр хидыкIыгъ.

Егугъупэу дэнэ псыпсым
Кремлэр дахэу хишIыкIыгъ.
ПшъэшъэжъыеIэпыIасэм
ИIэшIагъэ тыгу еIугъ.

ИIэшIагъэ къырахьакIы
ЦIыфхэр еплъых ихэдыкIы.

## СИШIУАГЪЭ КЪЭСЭГЪАКIО

Сянэ шIэхэу къэкIожьыщтэп:
IофшIэнэу иIэр макIэп.
Сэ сишIуагъэ къэзгъэкIощт,
КъэкIожьымэ ныр гушIощт.
Гъэстынпхъэр къэсэкъутэ,
ТхьакIэпсыри исэкIуты.
Унэ кIоцIыр къэсэпхъэнкIы,
Столыр къабзэу къэсэлъэкIы,
Чэтмэ Iусыр афэсэхьы,
Щалъэм изэу псыр къэсэхьы.
Сянэ ахэр игопэщт,
«Дэгъоу пшIагъэ», — къысиIощт.
Сишкол кIогъуи джы къэсыгъ,
Мары нани къэсыжьыгъ.



## ЦУЦЭ ЦIЫКIУ

Цуцэ цIыкIум Iофыбэ иI,
ЗэшIуимыхышъуни щымыI.
Щыгъыныхэр ежь-ежьырэу зыщелъ,
ИIэплъэкI егыкIышъ къыпелъ.
Инысхъэпэ цIыкIухэм акIыгъу,
Джэгуалъэу иIэмэ ягугъу:
Имышъи, имахъуши ефапэ,
Ащ анигъэсырэп зы сапэ.
Мышъэми иджанэ фегыкIы,
Бжьыгъэхэр зэнIэ хегъэкIы.
Ти Цуцэ мэIэчъэ-лъачъэ,
Джэгуалъэмэ адэIупчъапчъэ,
Iанэхэр къызэрагъафэ,
Уцурэп загъэшхэнIыфэ.
Зэщэу ти Цуцэ плъэгъуштэп,
IофшIэным ар езэщыщтэп.

## ХЭТИ ИIОФ ГЪЭНЭФАГЪЭ

Хабзэ илъ тэ тиунагъо,
Хэти иIоф гъэнэфагъэ:
Нахь Iоф къиныр ешIэ сятэ —
Гъэстыныпхъэр къытфекъутэ,
Нанэ пстэуми тфэпщарыхьэ,
Ишхын шIыгъэ Iум етхIухьэ.
Тэтэжъ пстэуми къытфэщафэ,
Тызыфаем тырегъафэ.
Нэнэжъ чэтмэ Iус арегы,
Чэтэщыпчъэр къырегъэты.
Сшыпхъу унэр зэIехыжьы,
ГыкIыгъэхэр къыпехыжьы.
СфэпъэкIыщтыр сэри сэшIэ,
Ар сэ пстэуми шъосэгъашIэ:
Тихьэ цIыкIу сэ сыпъэплъэ,
Чэщи мафи ар къыспаплъэ.
Сэры-сэрэу пIэр сэшIыжьы,
Игъом сэкIошъ сэгъолъыжьы.



## ЁЛКЭ ЦIЫКIУ

Ёлкэ цIыкIур пчэгум итэу
Орэд чэфым зэдгъэIэтэу
Зэдэдгъаштэу тэ тэджэгу,
Тэ тытео лъэшэу Iэгу.
Жъогъо плъыжьыр ёлкэм тесэу
Мысысыхэу дахэу къепсы,
Дышъэпсыри къырекIуты,
Зэрэунэу къегъэшIэты.
Ёлкэ тамэм сурэтишъэ
Хъырахъишъэу щэIушъашъэ.
Тыжъу-рикъоу тес атакъэ,
Егъэжъынчъы ащ ымакъэ.
Къогъупэхэм къакъокIыгъэу
Псэушхьабэ щыолъэгъу.
ЖэкIэ кIыхьэу пчэныр къашъо,
Мышъэжъыри мэушъуашъо,
Бэджэжъыери къэкIуашъэ,
ЗыIукIэрэм еIушъашъэ,
ТхьакIумкIыхьэм зыкъеплъыхьэ,
ПкIэтэ-лъатэу зырегъахьы,
Тыгъужъ нэплъыр къынъолъэты.
Бырысырыр ащ къеIэты...
ИIалъмэкъи зэпедзэкIэу
Ёлкэ чIэгъым лIыжъ къычIэкIы,

Iэшlу-lушlхэр зэрфэlэтышъ
Шъауи пшъашъи пстэуми ятэ.
Ёкиэ цlынlур пчэгум итэу
Орэд чэфым зэдгъэlэтэу
Тэ тытео борэ lэгу
Зэдедгъэштэу тэ тэджэгу.

## ДЖЭГУКIЭ

Зэшыпхъуитlур —
Шъхьац благъитlур
Зэфэчэфхэу,
Зэдэджэгух.
Къачъэх, къальэх
Къангъэбылъы
Къызэдешlэх,
Ащ егъэпшъых,
Ащ езэщых.
Нахьы псынlэу
Ащ джэгукlэ
Ежь якlасэу,
Къаугупшысы.
Пшъашъэр пшъашъэм
Еlушъашъэ:
— Зы тэгъашlэ,
О пшъхьац благъи,
Пытэу-пытэу
Зэпытшlэни
Шы цlынlу фэдэу.
Тыкъэчъэни,
Ар джэгукlэ
Гъэшlэгъони!
Аущтэу ашlы,

Ашъхьацыхэр
Пытэ дэдэу
Къызэпашlэ.
Тlури чэфых.
— Тыгъолъыжьми,
Хэгушlукlых:
Тынъэтэджми
Титlо ренэу
Тызэгъусэу,
Темызэщэу
Тыхэтыщт.
Джар аlоэз,
Къыздизыгъэр
Амышlахэу
Къынъолъэтышъ
Гучlэр рихэу
Хьэр къэхьанъу.
Тlуми зэнlэм
Апсэ lозы,
Сэмэгумкlэ
Зым зегъазэ,
Ижьабгъукlэ
Адрэм нlеlэ.
Ау ашъхьацхэр
Зэпышlагъэшъ
Зы лъэубэнъуи
Рамычышъу.
Анэпсыхэр
Къыкlэтэнъу,
Ягъы макъи
Чыжьэу мэlу:
— Сыда тшlэщтыр?
Сыда хъущтыр?



Янасыпти
Зы нуп щытти,
Хьажъы бзаджэр
Агъэщтагъ,
Ащ ашъхьацхэу
Зэпышlагъэр
Еl-къеlэжьхи
Къатlатагъ.
...Къяхъулlагъэр
Ащэгъупшэжьы,
Яджэгуни
Ащ пащэжьы.

## МЭЗ ПСЫНЭМ ИТХЫД

(Пшыс)

Псэушъхьабэ
Зэдылэбгъоу,
Мэз гъэхъунэр
Ащ яунэу
Дахэу щысых
Егупшысэх.
Шъошlа щысхэр?
Шъотlон ахэр:
Мышъэ быцэр,
Тыгъужъ тхьацэр,
Тхьагъэпцlыжъэу
Бэджэжъыер,
Къэрабгъэжъэу
Тхьакlумкlыхьэр.
Аслъан бланэр,
Къэплъан иныр.
Ятхьаматэ —
Мышъэ быцэр,
Тхьаlоу ялэр —
Тыгъужъ тхьацэр.
— Шъукъэдаlох? —
Мышъэм къеlо, —



Тиэзlукlэ
Щыт зы упчlэ:
Псынэ тlыныр
Псынэ шlыныр —
Ары lофыр.
Тхьагъэпцlыжъэу —
Бэджэжъыем
Зыкъеlэты,
Лъэпэпцlыеу
Упчlэ къеты:
— Псынэ сыдкlэ
Тищыкlагъа?
Ащ дэы lофкlэ
Тынэсыгъа?
Мышъэ быцэм
Зэлъигъаджэу
Баджэжъыем
Къыреlожьы:
— Тэ тимэзы
Псынэ хэтэп,
Псынэпс къабзэ
Хэбгъотэщтэп.
Ар гухэкl,
Ащ иягъэ
Тэ къытэкl,
Сымаджэрэ
Бэу къытхэкlы,
Гъэмафэрэ
Псыр тимакlэ,
Кlымафэри
Псым тыщэкlэ...
Щысы пстэуми
Къызэхахэу

Бэджэжьыер
Мэщхышъ, мэщхы:
— Псынэр лые,
Псыхъожъыер
Мэзы гъунэм
Къыречъэкlы,
Ащ егъашlэм
Тегъэшъокlы...
Тхьаклумклыхьэр
Пчэгум къехьэ,
Ащ ымакъэ
Къыгъэзаэзэу,
Бэджэжьыем
Къыфегъаза:
— Гъэтхалэрэ,
Шъошlэ шъори,
Къызещхыкlэ
Псыхъор эзкlэ
Къызэlахьэ,
Гум ымыхьэу
Шlорнэы мэхъу...
Псым тылъэхъу,
Тыlумыкlэу
Тlу егъукlы...
Аслъан бланэр,
Къахэтаджэ,
Мэзы иныр
Зэлъегъаджэ:
— Кlымафэри
Псыхъор бэрэ
Мылы пытэу
Щтыгъэу щэты.
Ос къемысэу

Псыхъор псынкlэу
Зыжъужьыкlэ
Ащ уешъонкlэ
Ущымыкlи.
Псынэ тlыныр
Сэштэ игъоу,
Тшlыщт тэ псынэр
Iэрыфэгъоу.
Тыгъужъ тхьацэм
Гущыlацэ
Химыгъэзэу
Зэкlэ етхы,
Фэсакъыпэ
Итхылъыпlэ.
Къэплъан иным
Игущыlэ
Зэкlэ щысым
Тет ыкlаlэ:
— Мэзы псынэм
Ипс lэзэгъу,
Мэзы псынэр
Iэрыфэгъу.
Сыд кlымафи,
Сыд гъэмафи
Псыlашlу рензу
Тэ тилэн.
Псым иlофкlэ
Тыгу псэфын.
Арышъ, скъошхэр,
Псэушъхьэхэр,
Цlыкlуи ини
Тшlыщт тэ псынэ.
Пыжъэжьыкlэу

Баджэжъыер
Пчэгум къехьэ,
Ажэхахьэ:
— Защы Iофхэ
Шъуизэlукlэ
Зэхэхьагъэ?
Псэушъхьэ лъэпкъым
Псынэ атIэу
Алъэгъугъэп.
Псынэ ттIынэу
Тищыкlагъэп!
Тэ типсыхъо
Тэ тегъатхъэ.
Ащ псэу дэтыр
Фэхъущт хэти...
Псынэ тIыныр —
Сэмэркъэоп,
Псынэ тIыныр —
Iэшlэхыгъоп.
Сэ сиlахьыкlэ
Шъуизэlукlэ
Къэсэбгынэ,
Шъутlы шъо псынэ!

●

Псынэ ашlмэ
Къэшъхьапэнэу
Щысыгъэмэ
Зэдаштагъэ.
Зэфэчэфхэу
Чlыпlэ хахы,
Зэдеlэхэшъ,
Шlыхьаф ашlы.
Цlыкlуи ини



Iоф зэпъашlэ,
Мэзы псынэ
Къызэдашlы.
Мышъэ быцэр
Матlэ, матlэ,
Тыгъужъ тхьацэм
Рехы ятIэр.
Аслъан бланэм
Мыжъор къехьы,
Мэзы псынэм
Ыкlоцl релъхьэ,
Къэплъан иным
Зегъэхъупхъэ,
Псынэ щалъэм
Ар еупхъу,
Хьанъуашъори
Ащ еуlу,
Псынашъхьэри
Къызэхеlу.
Тхьакlумкlыхьэр
Мэпщэрыхьэ,
Шхыны гохьыр
Хэти фехьы...
Зэдеlэхэшъ,
Iофым хэкlы,
Загъусэхэшъ,
Iофым кlэкlы.
Мыукlытэу
Чыжьэу щытэу
Баджэжъыер
Купым хаплъэ,
Тхьагъэпцlыжъыр
Хъущтым паплъэ

Іофшlэным
Машlор къекlы,
Псынэ тlыным
Рагъэкlокlы.
Пкlантlэр купым
Бэу къыпэчьы,
Пкlантlэр купым
Релъэкlэхы.
Щэджэгъуанэ
Зыщыхъуным
Мэзы псынэр
Зэлъагъэчъы.
Мэзы псынэм
Ягушlуагъо
Инышъ, ины.
Іэгум теох,
Псыр къыкlэкlы
Къызэдашъох...
Псыр къырахы,
Зэраутхы,
Яхьэнъуашъо
Бэу бэ ешъо.
Зыратхьакlы
Зырагъэпскlы...
Бэджэжъыер
Чыжьэу щытэу,
Мыгъожъыер
Мыукlытэу
Хъярым хаппъэ, —
Ыгуи мэплъы.
Псынэпс lашlум
Ыlупс фечъэ,
Ау армэум



Нафэ, пкlэнчъэу
Псы ратыщтэп:
Ифэшъуашэп.
Ауэ, ауэ
Зэ зы мафэ
Шыблэр гъуагъоу
Ощхышхуагъэ.
Псыхъор зэнlэм
Ушlорнъыгъэ,
Ащ уашъонкlэ
Іаеу хъугъэ,
Пшахъуи ятlи
Къызыдехьы,
Къури пкlашъи
Щызэрехьэ.
Мэзы псынэм
Ышъхьэ пlуагъэ,
Ар сэнэпсым
Фэдэу чъагъо.
Аслъан бланэр,
Къэплъан иныр,
Тхьакlумкlыхьэр,
Мышъэ быцэр,
Тыгъужъ тхьацэр
Аlоу къакlошъ
Псынэпс ешъох,
Псыхъо шlоркъым
Сыдкlэ пылъых.
Бэджэжъыер
Ащ яхъуапсэ,
Зэшъощт псыхъор
Кlо тхьакlэпсы.
Зэпеклухьэ

Мэзы псынэр,
Ау нэсына!—
Къагъэгъунэ.
ФэмыхъукIэ
Псы шIоркъ ешъо,
МэфищыкIэ
Пефы ышъо:
Бэджэжъыер
Мэсымаджэ
Изытеплъэ
Уньегъащтэ,
ЫнапIэхэр
КъышIуефэхы,
Мо тибаджэ
Къызэхафэ...
ПсынкIэу Iазэр
Къынагъэсы,
Узэу иIэр
Къаухэсы:
— ШIоп ыныбэ,
Псы шIоибэ
Къегоуагъэу
Ит, щынагъо...
Псынэпс къабзэр
Хъущт Iэзагъэу
Егъэзыгъэм
ДэIэпыIэх,
Iоф хэфагъэм
ЗэкIэ деIэх —
Мэзы псынэм
Щыщ къыфахьы,
Бэджэжъыем
КъыданIухьэ.

Псыр Iуагъафэ,
НатIэм щафэ,
— Зи имлажьэ
КъехъулIагъэп,
Умылажьэу
Умыпсэумэ
Плъэгъущт лажьэ, —
Псэушъхьэмэ
КъыхаIукIы,
Агу хэкIэу
Бэджэжъыем
Бэу ецIацIэ...
Псынэпс чъагъом
Къыхьыгъ шIуагъэ:
МафитIу шIагъэу
ИгушIуагъоу
Бэджэжъыер
Къэтэджыжьы.
Илъэпкъэгъумэ,
AIуи ашIи
АдишIэнэу
Iуагъэ ешIы.

## БЭДЖЭЖЪЫЕ ХЪОРЫШЭР

(Пшыс)

Гъэмэфэ мафэшъ
Тыгъэр мэшӀожьы,
Гуапэм зэщэфышъ
Псэушъхьэр рефыжьэ.
Мышъэ лъэбыцэрк
Мэзым къыхэкӀы,
Бэджэ нэгъучӀыцэри
Ащ къылъыхэкӀы.
ТӀури зэгъусэу
ПсыӀум ежьагъэх,
Сапэр утысэу
Гъогум техьагъэх.
Гъогум хагъэкӀыза
Мэзыр абгынэ,
Коу къаблэкӀыгъэм
Пхъэчай къычӀенэ.
ТӀури зэгъусэу
Пхъэчаим екӀух,
АгъэукӀорэизэ
ПсынкӀэу впэмых.
Илъыр амышӀэу
АшӀуаба дашӀэ.
Тещхэгъэ тхьалэм
Баджэм гу льетэ:
«Мыщ илъыр шъоу», —
Шъэфэу ар къеджэ,
Хъорышарыгъэр
Ыгу къетаджэ.
Мышъэм ымылъэгъоу
Тхьапэр зэӀетхьы.
Ыжэ къыукъыгъэу
Баджэр мэтхъытхъы:
— Илъэр хъэтэщтэп,
Мыжъоу онтэгъу,
Ар кудэ ныӀэп,
Арэу къысщэхъу.
— Кудэ шӀуцӀэжъым
Сыд епшӀэщт сэӀо? —
Мышъэ пшъэкъэжъы
Баджэм къырэӀо.
— Шъыпкъэ
къэпӀуагъэр
Баджэм къыхедзэ, —
Ау мыщ пхъэчаир
Сыд пай щылъыщт,
ЗекӀорэ цӀыфхэр
Ыгъэохъущт,
Гъогу нэпцэ мэзым
Хэзгъэлъэдэщт.
Сэ сыкъэнэщтыгу,
Зызгъэпсэфыщт,
ХэгъэкӀ уигъогу,
СыпкӀэхьажьыщт.
Мышъэ лъэбыцэр

Баджэм едэlу,
Баджэ тхьагъэпцlыр
Пхъэчаем elэ,
Ышъхьэ къыlуехы,
Зегъэшхэнlыфэ,
Ыгу къеутlэфэ,
Шъоум къыщэшхэ.
Ыныбэ къэпщышь
Ыгу къэтхьамыкlэ,
Гуапэр къыщэхьэшъ
Псыхъом фынъокlы.
Мышъэр къэкlожьэ,
Баджэм къыlокlэ:
— Сыда уилажьэр?
Пшъо зэокlыгъэ.
Баджэми щэlузэ,
Джыуап къетыжьы:
— Пхъэчаим сынlalэзэ
Зезгъэукlыжьыгъ.
Сыгу къэтхьамыкlэшъ
Псы тlэкlу сешъощт,
Псы сызешъуахэкlэ
Зызгъэпсэфыщт.
Лъэшэу ыгу вгъузэ
Баджэм къыгокlыжьы,
Мышъэр къэкlожьэ
Пхъэчаим lокlэжьы.
Шъоумэр къеокlышъ,
Пхъэчаим еплъэ,
Ау пхъэчаир нэкlышъ,
Баджэм ыгу фэплъы:
— Ащ сэ къысишlагъэр
Зыкlи фэмыгъун, —

Ыlоээ лъежьагъэу
Зэкlам елъэгъу:
Пхъэзэкъо лъэмыджым
Баджэр ефэхы,
Гуихэу ныбэкlэ
Псыхъом къыхафэ.
Ныбэ онтэгъум
Баджэр текlуадэ
Шъоур къегоуагъэу
Псыхъом хэкlуадэ.

## АТАКЪЭР ГЪЭЖЪУАЦЭМ ЗЭРИТХЬАЛЭ ПЭТЫГЪЭР

(Пшыс)

**Хэтхэр:**

Л І ы ж ъ ы р
Н ы о ж ъ ы р
Г ъ у к І э р
А т а к ъ э р
Ч э т ы р
Ч э м ы г ъ о ж ъ ы р

### АПЭРЭ КЪИХЬЭГЪУ

Н Ы О Ж Ъ Ы Р (пчъэІупэм Іутэу).

**Тыгъэр мары къыкъокІыгъ.**
**Іэгур фабэм зэлъикІугъ.**
**Тыкъу-ренъу, сиатакъ,**
**Чэты огоу чэты-къакъ,**
**Сышъуаджэзэ сазэщыгъ,**
**Іусыр сІыгъышъ шъукъэшІэх,**
**Псы ІэшІури къышъуфесэх!**



### ЯТІОНЭРЭ КЪИХЬЭГЪУ

Атакъэр къехьэ, ащ ыуж чэтыр ит

Ч Э Т Ы Р

**Іэгъо-благъом тэ титыгъ,**
**ТыкъэнацІэу тыщытыгъ.**
**Атэкъэжъым къысфишыпи**
**Бэдзэ пчъагъэ къыситыгъ.**

А Т Э К Ъ Э Ж Ъ Ы Р (зигъэшІожьэу ытамэхэр убгъугъэхэу).

**Шыпкъэу площтмэ, Іофы сшІагъэ,**
**Сышхэ сшІоигъу сэ бэшІагъэу...**

Н Ы О Ж Ъ Ы Р (губжыгъэу).

**ЛІыжъыр губгъом къыщысажэ,**
**СыгуаІэми зысэІажэ.**
**Нахьыпэрэм фэмыдахэу**
**Непэ жъажъэу зышъогъазэ,**
**ШъухэІаби зэ шъуиІусы,**
**Зыжъугъэшхэнlи сыхъущт разэ.**

Іусыр къыретэкъушъ ехьажьы.

ЯЩЭНЭРЭ КЪИХЬЭГЪУ

Атакъэр гуIэзэ цэхэр едыры

ЧЭТЫР (гумэкIэу).

О атакъэу дышъэ сыджыр,
Зыфэсакъыба о сиблагъэ,
Дэхэ-дахэу цэхэр дыры,
ОгоIащэ илыягъэу.

АТАКЪЭР

КIо, кIо хъугъэ, сымыгъас!
Зи умыIо зыгъэIас!
УигущыIэ сыгу хегъэкIы,
Iусэу щылъым сыгу щегъэкIы.

(Анахь цэ иныр къепхъуатэ ыкIи ар ычый ригъэхын ылъэкIырэп)

ЧЭТЫР

Сыды мыгъор къыохъулIи
Цэу бдырыгъэм о уегъалIа?

АТАКЪЭР

Тыу анасын сижь къеубыты,
Цэу здырыгъэр счый тенагъэу
Сшъхьэ мэуназэ, сыреуты,
Хъугъэр сыдэу тхьамыкIагъуа!
Е мардж чэтыо шIэхы, шIэхы
О аптекэм уиэр къыхи,
Сэ мыщ дэжьым укъэсыжьмэ
СIоу сыуанэу сыщытыщт.



ЧЭТЫР

Тыкъу-рекъу, сиатакъэ
Аптекэр тIэкIу чыжьаIо...

ЯПЛIЭНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ

НЫОР (шъхьаныгъупчъэм къыщылъыкIэ).

Мэфэ реным шъумыуцухэу
Джыри Iэгур къэшъогъаджа?
Сыд, атакъэр, къыпщышIыгъэр?
Сыда пчый ихъухьагъэр?
Шъыпкъэу пIощтмэ сыгу
шъогъэпIы,
Мыдэ шIэхэу зыIуежьугъэхэшъ.

ЧЭТЫР

Елыбэтэу мыдэ къачъэ,
Хъугъэр пъэшэу гумэкIыгъо.
Атэкъэжъым ыгу къэманIэ,
Ычый тенагъ зыцэ мыгъо.

НЫОР

Тхъу такъыр ащ къыIорэфи
Зытхьалэрэр рифыхыни.

ЧЭТЫР

Адэ тыдэ тхъур къипхыщта?
Хьауми о ар къытэптыщта?

НЫОР

Ситхъуулъэ ар джы нэнІы —
Чэмыгъожъым джэь зэ къокІы.
Тхъу уутэныр — ар ІэшІэхы,
Ау ар, нафэ, щэм къыхахы.

ЯТФЭНЭРЭ КЪИХЬЭГЪУ

Чэм Іэщ, Іэщым чэмыгъожъыр дэт

ЧЭТЫР (къилъадэзэ).

О чэмгъожъ, о тыхэщыжь,
Щэ къытэти тыдэщыжь.

ЧЭМГЪОЖЪЫР

Щэ остынэу уиъэлъаІо,
Ар сэ тыдэ къисхыщт сэІо?
Зы щэ ткІуани сишхэп итэп,
Мэкъу сымышхэу зи пкІэ иІэп.

ЯХЭНЭРЭ КЪИХЬЭГЪУ

Іэгур. Ныожъыр шъхьанытъугъэм кІэрыс

ЧЭТЫР (къилъадэзэ).

Е-о-ой, е-о-ой,
Тиатакъэ сымэджай,
Ныу, щэмэджыр къысфипхъот,
Ар сэ лІыжъым есэгъэт,
Чэмыгъожъыр шхэны фалІ,
ИщыкІагъэр — уцы ІапІІ.



(Щэмэджыр ештэшъ елъэтыжьы).

ЯБЛЭНЭРЭ КЪИХЬЭГЪУ

Хашъор. ЛІыжъыр уцым хэт!

ЧЭТЫР (къилъадэзэ).

Къин атакъэм къыфэкІуагъ —
Ычый Іулъхьэр шІутенагъ.
Тхъу Іорэфи — ар хьужьыщт,
Іулъхьэр зэкІэм ригъэхыщт.
Тхъу уутэныр — ар ІэшІэхы,
Ау ар нафэ, щэм къыхахы,
Щэм чэмыжъыр шъхьасыхэрэп,
Ау ар мышхэу зи пкІэ иІэп.
Лъэшэу пстэуми тэгумэкІы,
О, Мардж, лІыжъыр, тыолъэІу,
Уцы цІына къытфэупкІи...
Опсэу отІощт тыгу къыддеІэу.

ЛІЫЖЪЫР (ІоутІэ ышІызэ).

Сышъхьахынэп, сэ сишъыпкъэ,
Ау щэмэджыр цэно шъыпкъэ.

ЧЭТЫР

Адэ псынкІэу ар къысэти,
ГъукІэм джыы ар сэгъахьы...
О мы чІыпІэм къыщыспаплъи
Къэсхыжьыщт ар елбэтэу.

ЛIЫЖЪЫР

Кlо хъун, дагъу
Ар бэу игъу!

(Щэмэджыр къырeты).

ЯЕНЭРЭ КЪИХЬЭГЪУ

Кlыщ. ГъукIэм Iоф ешIэ.

ГЪУКIЭР

Псынкlэу, дагъоу сэ сэгъукlэ,
Мэшlо тхъуабзэр къисэгъэнlы.
Пчъэlум тlэнlурэ сылусын,
Нахь жьы къабзэ къызнэсын.

(Гъогум ылъэныкъокIэ маплъэ).

Зы чэт гуаlэу къыкъокlыгъ,
Ищэмэджи зыдиlыгъ.

ЧЭТЫР (къельадэ, гъукIэм зыфегъазэ).

Титхьамыкlагъэ о къытфепль,
Мы щэмэджыр зэ къытфэлъ,
Лlыжъы цlыкlур сэ нъыспаплъ.

ГЪУКIЭР

А щэмэджыр згъэчаным,
Ау джы игъо симыфэн!



ЧЭТЫР

Сыпэплъэн сэ сымылъэнlыщт, —
Атэкъэжъыр тэ тшlолlэщт.

ГЪУКIЭР

Шъуиатакъэ сыд илажь,
Къыфэнlуагъэр сыды лажь?

ЧЭТЫР

Ыlчый Iулъхьэр ащ тенагъ,
Ыlчый тхъу тlэнlу ищыкlагъ.
Тхъу зигъотклэ ар хъужьыщт,
Псау-таоу къэнэжьыщт.
Тхъу утэныр — ар Iэшlэхы,
Ау ар, нафэ, щэм къыхахы,
Чэфэу чэмым щэ къытыщт,
Ау ащ пае Iус фэтхьыщт.
Тищэмэдж о къытфэуlу,
Гъукlэр, лъэшэу тыолъэlу.
Лlыжъым мэкъур тфиупкlэщт.

ГЪУКIЭР

Сышъуфэхъун сэ Iэпыlэгъу.

(Щэмэджыр ештэ, еуIу).

Iофшlэныр шlу сэлъэгъу.
Iофыр Iаджми ямынlас,
Ащ фэдэхэр симыкlас.
Армэухэр сиджэгъогъу,

Сшlыщтэп ахэр сэ шъэогъу.
Ма, щэмэджыр хьазырыпс,
Лlыжъым дэжьы ар нэгъэс!
Щэмэдж кlэпсым бэу ар фэд,
Сыуlугъэшь чаны дэд.

ЧЭТЫР

Опсэу, отхъэжь,
Сэ сежьэжь.

(Щэмэджыр ыlыгъэу екlыжьы).

ЯБГЪОНЭРЭ КЪЫХЬЭГЪУ

Кlэрыкlэу хашъэр

ЧЭТЫР (лlыжъым дэжь илъадэзэ).

Щэмэджыр мары къэзгъэсыгъ,
Мэкъу уеощтмэ урихьылlагъ.

ЛIЫЖЪЫР

Ар сэщ пае къэмынэн,
Чэмым пае мэкъу сеон.

(Мэкъу еозэ орэд къеlо).

Мэкъуаохэм рагъэкlокl,
Мэфэ реным мэкъу аупкl.
Семызэщэу сыупкlэщт,
Мэкъур lатэу зэтеслъхьащт,



Сыупкlагъэр икъулэн,
Ар джы унэм есхьылlэн.

(Мэкъур ехьы, чэтыр ащ ыуж ит).

ЯПШIЭНЭРЭ КЪЫХЬЭГЪУ

Iэщыр, чэмыр, чэтыр, лlыжъэр, ныор.

ЧЭТЫР

Чэмыгъожъыр, шlэхэу шхы!

ЧЭМЫР

Псынкlэшхэныр симышэн.

ЧЭТЫР

Сыдэу lофа! Сыд сэ сшlэщт!

ЧЭМЫР

Умыгъ адэ! Щалъэр къахь!

НЫОР (чамыр къещы, орэди къеlо).

Щэр сэ чамым къыкlэсэхы,
Хъуныгшхыныр ащ хэсэхы —
Щхыуи тхъушlуи бэу тиlэщт,
Чэмыгъожъыр къытэтэщт,

ЯПШIЫКIУЗЭНЭРЭ КЪИХЬЭГЪУ

(Iэгур. Чэтыр атакъэу щылъым ечъалIэ).

ЧЭТЫР

Тыкъу-рекъу сиатакъэу,
Зышъхьэ мажьэу дэнэ жакI!
НьытэIужьырэп уиIо макъэ
Сыды гущэр о уилажь.
О слъэгъурэр пкIэ уимыI.
Жьэу пкIэтыжьи о щымыI...

НЫОР

УмынэшхъэйI Джы щэ тэ тиI.
Тхъу хэтхыщт ащ Iоф щымыI.

(Шъхьаныгъупчъэм дэжь тхъу щео).

Тища хэсхыгъ сэ тхъу дагъу,
ЩыI атакъэм иIэзагъу.

(Чэтым тхъур рети).

ЧЭТЫР

УщыIэнэу уфаемэ,
Атакъ, ужэ шIоу зэкIэщы!

(Ытыкъыны тхъур регъафэ).



АТАКЪЭР (ычый инэгъагъэр регъэхыни къызыщалъэты).

Тыкъу-рекъу...Сыхъужьыгъ,
Кьин мыгъуае къыздэшъухъугъ.
Джы нахь Iушы сэ сыхъущт,
Сакъ сэ схэлъэу сыщыIэщт.

НЫОР

Адэ ары!

ЛIЫЖЪЫР

Оса ин о тэ отэты —
ПкIэнчъэу упэ умыIэты!

## ПОЭТЫМ ИСТИХХЭУ КОМПОЗИТОРХЭМ ПЩЫНАЛЪЭМ РАЛЪХЬАГЪЭХЭР

Табыумэ о къэгъэзэжь! Орэдышъор зыер Тхьабысымэ Умар.
Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ. Хэшхы Казбек.
Сижъуагъу. Тхьабысымэ Умар.
Пшъашъэмэ Iуагъэ зэдашIыгъэ. Тхьабысымэ Умар.
КIэлэ дэй. КIыргъ Юр.
О унэтIу. Тхьабысымэ Умар.
Чэщы рэхьат къышъокIу. Тхьабысымэ Умар.
ДзэкIо кIалэм иорэд. Тхьабысымэ Умар.
Осыр къесы. Тхьабысымэ Умар.
Хэбзэ дахэу тэ тиIэр джащ фэд. Сэмэгу Гощнагъу.
Гъунэнчъэу сикIас. Тхьабысымэ Умар.
Пшъэшъэ гъощагъ. Тхьабысымэ Умар.
Си Аюб. Орэдышъор народым ий.
Апэу шIу плъэгъурэр гум щыщы мэхъу. Темзэкъо Алый.
Шоферым иорэд. Хэшхы Казбек.
Сусанэ иорэд. Инна Святловская.
ШIулъэгъуныгъэ орэд. Инна Святловсая.
Зэ о кIалэр зыгъэсыс. Бысыдж Мурат.
ШъукъакIох псэлъыхъо. Сэмэгу Гощнагъу.
Сянэ зыфэе нысэр. Бысыдж Мурат.
Насыпхъан иорэд. Инна Святловская.
Тызыбынышху. Тхьабысымэ Умар.
СыкъызэхэпшIыкIырэба о. Темзэкъо Алый.
Колхозы орэд. Инна Святловская.
Орэдыр о зигъэгъус. Тхьабысымэ Умар.
Сикъоджэ кIас. Тхьабысымэ Умар.
Пшъэшъэ удж орэд. Тхьабысымэ Умар.
Письмозехьэм иорэд. Темзэкъо Алый.
ОшIэжьа, синыбджэгъужъ? Хэшхы Казбек.
Сыда къэхъугъэр джы. Тхьабысымэ Умар.



Чэщы рэхьат къышъокIу. Тхьабысымэ Умар.
Андрыхъое Хъусен иорэд. Инна Святловская.
Хьачыкрэ Хьапапэрэ яорэд. (Е. Мамыим ипьесэу «Псэлъыхъохэр» зыфиIорэм щыщ).
Тыдэ ущыIэми укъэзгъотыщт. Ажыгъуекъо Асыет.
Кушъэ орэд. Орэдышъор народым ий.
Си Нан. Тхьабысымэ Умар.

## ДЭТХЭР

Жэнэ Къырмыз . . . . . . . . . 3

**ЦІыфым иорэд**

Ар егъашІэм тикъуаджэ дэсыгъэм фэд . 11
Сызыфаер . . . . . . . . . 13
Шхъумрэ жъокумрэ . . . . . . . 14
Чэщы . . . . . . . . . . . 16
Ныр . . . . . . . . . . . 18
ЩыІэп зи ащ нахьышІу . . . . . 19
Бэрэ огъуащэ къысаІо . . . . . 20
НыбжьыкІэ къашъу . . . . . . . 21
Сэ сынэкІэ зэкІэ къыоплъыгъэемэ . . 22
Сижъуагъу . . . . . . . . . 23
КІэлэ дэй . . . . . . . . . 24
Хьалыгъу такъыр . . . . . . . 26
ОшІэжьа, сиcivыбджэгъужъ? . . . . 28
ГущыІэжъ . . . . . . . . . 30
Нэфшъагъу . . . . . . . . . 31
Сикъоджэ кІас . . . . . . . . 33
Поэтым факІо . . . . . . . . 35
ПкІэнчъэу сышъогъэмысэ . . . . . 36
Сыда къэхъугъэр джы . . . . . . 38
Адэ шІу плъэгъурэм ыцІи къэпІощт . 40
Нахъо . . . . . . . . . . 41
Пшъэшъэ удж орэд . . . . . . 43
Лlыжъым иджэуап . . . . . . . 45
Щытхъу лыер делагъ . . . . . . 46
Хэта къысэзыІощтыр? . . . . . . 48
Сянэ зыфэе нысэр . . . . . . . 50
ЕтІэ Іэбжыб . . . . . . . . 52
ЦІыфыІэмэ яорэд . . . . . . . 56
Псыхъожъый . . . . . . . . . 61
Джар насыпышІуагъ . . . . . . . 63
ПэІухъо фыжь . . . . . . . . 65
Ным факІо . . . . . . . . . 66
ЗэуапІэр . . . . . . . . . 68
О унитІу . . . . . . . . . 69
НыокІэ шъукъысэмыдж . . . . . . 70
Летчиц . . . . . . . . . . 72
Жъогъокъопитф . . . . . . . . 73
ПисьмитІу . . . . . . . . . 74
ЦІыфыр, ощ пае орэд къэсэІо . . . 76
Родинэр . . . . . . . . . . 78
ДзэкІо кІалэм иорэд . . . . . . 79
Пшъашъэм иджэуап . . . . . . . 80
Нымэ япІэшъхьагъмэ ачІэлъы письмэхэр 81
Сабыймэ ацІэкІэ . . . . . . . 83
Осыр къесы . . . . . . . . . 89
Іошъхьэмаф . . . . . . . . . 91
А къалэм гъогухэр екІух . . . . . 92
Хъохъу . . . . . . . . . . 94
Хэбзэ дахэу тэ тиІэр джащ фэд . . 98
ТІурытІу усэхэр . . . . . . . 100
Дунэе мылъкум ыпэу къэсэштэ . . . 102
Къуаджэм щызэхэсхыгъэхэр . . . . 103
СынаІэ о птесыдзагъ . . . . . . 104
Тыгъэ . . . . . . . . . . 105
Пшъашъэхэр тэ шъукъытаж . . . . 107
КІалэхэр шъо тышъожэщт . . . . 109
Синан . . . . . . . . . . 111
Пшъэшъэ пакъ . . . . . . . . 113
Си Аюб . . . . . . . . . . 114
СыкъызэхэпшІыкІырэба о? . . . . . 116
Дэхэнагъо иджэуап . . . . . . . 117
Андрыхъое Хъусен иорэд . . . . . 118
Кушъэ орэд . . . . . . . . . 119
Апэу шІу плъэгъурэр . . . . . . 120
Зы гъэжъуац . . . . . . . . . 121
Шоферым иорэд . . . . . . . . 122
Бжьэ . . . . . . . . . . . 124
Тыдэ ущыІэми укъэзгъотыщт . . . . 125
Зэфэусэ сэмэркъэу . . . . . . . 126
Іэхъо кІалэм иорэд . . . . . . 128

Хьачыкрэ хьапапэрэ яорэд . . . 129
Тызыбыныщху . . . 131
Пщынао . . . 132
ЦIыфыкIэ . . . 133
Зэфэусэ . . . 134

Сатирэмрэ сэмэркъэумрэ

Дэхэнагъо къехъулIагъэр . . . 139
Гъотырыщх . . . 141
Зы тхьэматэ икъэбар . . . 143
Емыгугъу зыщыгугъырэр . . . 144
ПшъэшъитIу . . . 146
Врач пшъашъэр . . . 148
Зи ащ федэ къысфихьыгъэп . . . 150
Си Наныу . . . 152
Ащи сыцIыф еIо . . . 153
ЩыIэлIагъ . . . 155
ТыгъуакIо . . . 157
Ар ерыуаджэм къыщэщIы . . . 158
Ащи сыбухгалтер еIо . . . 159
Щырыкъумэ яззнэкъокъу . . . 160
Зы щалъэ икъэбар . . . 161
Iэхъомбитфыр зэнэкъокъу . . . 163
Дэимэ тадэхьащхы, дэгъухэр тэгъэщхы . . . 165
О слъэгъурэ кIалэр, пхэлъэп щыугъакIэ . . . 167
Къасымэ идагъу . . . 169
Нысэ хъупхъэмрэ гощэ ябгэмрэ . . . 170
ХьапакIэ къырамыщагъэр . . . 172
Зэрэчылэу ашIэжьы . . . 174
Ярэби ари гущыIэмэ . . . 175
Хэты мыщ фэдэхэр ылъэгъугъ . . . 176
Дэшхо нэшъуми Iо къекIы . . . 177
ЗыхамыIо сипэIошху . . . 178
Усэ кIэкIхэр тэ етэгъажьэ, къэтIотэщт зырызмэ ялажьэ . . . 179
Шъуашэмрэ акъылымрэ . . . 181

КIэлэцIыкIумэ шъуафедж

Насып . . . 185
КIалэмрэ бзэгумрэ . . . 188
Чэтыумрэ цыгъомрэ . . . 190



Нан . . . 192
Кукуум иорэд . . . 193
Бэыумэ яорэд . . . 195
Цызэ . . . 197
ТхьакIумкIыхь . . . 198
Хьалыжъыер зэрэзгъэжъагъэр . . . 199
Апэрэ къэгъагъ . . . 201
ТхьагъэпцIы . . . 202
Нэнэжъыр ипхъорэлъфымэ зэрэхагъэукъуагъэр . . . 204
Джанхъоты иджыбэхэр . . . 206
Къошын . . . 208
Чэтжъые бын . . . 209
Лэжьыгъэц . . . 211
Тэтэжъы ыпакIэхэр . . . 212
Сыхьат . . . 214
Апэрэ мафэр . . . 216
Жъогъо плъыжь . . . 218
МэшIоку . . . 220
Открыткэр . . . 222
Сыдэущтэу ащ уеджэщта? . . . 224
Моряк сэ сыхъущт . . . 225
Зэшищыр . . . 227
Хъаджэт . . . 229
Сыда мыхэр? . . . 230
Юныср тэтэжъ инэгъунджэрэ . . . 232
Тимэ цIыкIум къехъулIагъэр . . . 234
Бубэ изекIуакI . . . 236
Хьудэ игъэпсыкI . . . 237
ЗэшитIумэ тхылъитIу къафащэфыгъ . . . 238
Пшъэшъэжъыемрэ бзыужъыемрэ . . . 239
Бэджэжъый . . . 240
Чэтыу цIыкIур . . . 241
Къэцхы . . . 242
Сыда пшъэшъэжъыер зыгъэхъужьыгъэр . . . 244
Неущ школым сэ сшы макIо . . . 246
КIэлэцIыкIумрэ комбайнэмрэ . . . 248
Телефон къыфыращагъ . . . 250
Кущыку апэрэу кином зэрэкIуагъэр . . . 252
ЗэшитIумэ ягущыI . . . 254
Тыны лъапI . . . 256

Тэтэжъы лулэр шIокIодыгъ . . . . 258
Хьазрэт шыгъачъэм зэрэкIуагъэр . . 260
Мэлэхъо лIыжъыр . . . . . . . 262
Сицуакъэхэр тыдэ хъугъа? . . . . 264
«Илъэс тхьапша сэ сыныбжьыр?» . . 266
Джыбэ цIыкIум ышыпхъу зэригъэщтагъэр 268
Казбек зэкIэми зэрятэрэр . . . . 270
Азмэты пальтоу къызэрэфащэфыгъэр . 272
Чэтыумрэ гъунджэмрэ . . . . . 274
Натус . . . . . . . . . . . 276
Сыд пае . . . . . . . . . . 277
Уфая, тэтэжъ, убыбынэу . . . . 278
Тэтэжъы икIуакI . . . . . . 279
Нэ шIуцIэ цIыкIу . . . . . . . 281
Тэтэжъы илул . . . . . . . . 283
Пхъэуlу . . . . . . . . . . 285
Сятэ шофер . . . . . . . . 286
ПшIэшхъо-нашхъор . . . . . . 287
Къандж . . . . . . . . . . 288
Пцэжъыяшэхэр . . . . . . . . 289
Кущыку . . . . . . . . . . 290
СурэтышI . . . . . . . . . 291
УнэчIэхьажь . . . . . . . . 292
Мастэмрэ хьакIустэлымрэ . . . . 293
ТIахьирэ ипкIыхьхэр . . . . . 294
Уатэ . . . . . . . . . . 295
Ку цIыкIу сиI . . . . . . . . 296
КIэим сэчъэшъ . . . . . . . . 297
Лэныстэ къысфащэфыгъ . . . . 298
Ситэтэжъ . . . . . . . . . 299
Даутэ имурад . . . . . . . 300
Айщэт пщынао . . . . . . . 301
КIымафэм кIалэмэ чэф къафихьыгъ . . 302
Мамыр бзыу . . . . . . . . 303
Синэнэжъ . . . . . . . . . 304
ЗэпшъэшъэгъуитIу . . . . . . 305
Сэри школым джы сыкIощт . . . . 306
Апэрэ лъэубэкъухэр . . . . . . 307
Къутасэ ышъхьац . . . . . . 309
Бэджэжъый . . . . . . . . 311
ЫцIэ реIожьы . . . . . . . . 312
Тыгъэгъазэ . . . . . . . . . . 313
Сыда мыхэр? . . . . . . . . . 314
ЗыкIи щынагъоп . . . . . . . 317
ЗэтIуазэхэр . . . . . . . . . 319
Адщэсырэ бзыумрэ . . . . . . . 321
Адэ хэты мыр къышIэн? . . . . . 323
Къутэмэ гъугъэхэр . . . . . . 324
Азмэт школым зэрэкIуагъэр . . . 325
Сипхъэпс . . . . . . . . . . 327
Октик утыр ежь тыредзэ . . . . . 328
ДэкIо-бзакIоу зызгъэсэщт . . . . 329
УеджэкIо цэгъумэ . . . . . . . 330
Хъымсадэ иIэшIагъ . . . . . . 331
СишIуагъэ къэсэгъакIо . . . . . 332
Цуцэ цIыкIу . . . . . . . . . 333
Хэти иIоф гъэнэфагъэ . . . . . . 334
Ёлкэ цIыкIу . . . . . . . . . 335
ДжэгукIэ . . . . . . . . . . 337
Мэз псынэм итхыд . . . . . . 340
Бэджэжъые хъорышэр . . . . . . 350
Атакъэр гъэжъуацэм зэритхьалэ пэтыгъэр 354
Поэтым истихэу композиторхэм пщыналъэм ралъхьагъэхэр . . . . . . . . 336

*Жанэ Киримизе Хаджимусович*

**ИЗБРАННОЕ**

(На адыгейском языке).

Художник **А. Паршин**

Редактор *Х. А. Ашинов*
Художественный редактор *М. В. Евтушенко*
Технический редактор *У. П. Цей*
Корректоры: *Ш. К. Тлюстен, Т. А. Потокова*

---

Сдано в набор 25/X-68 г. Подписано к печати 5-II-69 г. Формат бум. 70x108 1/32. Физ. печ. л. 11,75. Усл. печ. л. 16,45 Уч.-изд. л. 10. Заказ № 4503. Тираж 1000 экз. МО 01630. Бум. тип. № 2. Цена 1 руб. 10 коп.

---

Адыгейское отделение Краснодарского книжного издательства, г. Майкоп, Краснооктябрьская, 21.

Адыгейская областная типография управления по печати Краснодарского крайисполкома, г. Майкоп, Пионерская, 268.

1 сом. чап. 10.